

# АПОСТОЛХЭМ
# Я IУЭХУЩIАФЭХЭР

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*И Псэ ЛъапIэр къахуригъэхыну Тхьэм*
*апостолхэр къызэригъэгугъар*

[1,2]Феофил* лъапIэ, япэ дыдэм къыщыщIэдзауэ Тхьэм Хьисэ
уафэм щыдришеижа махуэм нэсыху, Хьисэ илэжьа Iуэху псори
икIи цIыхухэм яригъэщIа Iуэху псори си япэ тхылъым* итщ.
Тхьэм уафэм дришеижын и пэкIэ Хьисэ къыхиха апостолхэм*
Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIэ унафэхэр яхуищIащ.
[3]Гугъуехь ишэча нэужь, лIахэм шэч хэмылъу къазэрыхэтэджы-
кIыжар куэдрэ яхуигъэпэжу, Хьисэ абыхэм закъригъэлъэгъуащ.
Апостолхэм куэдрэ закъригъэлъагъурт махуэ плIыщIым къриу-
быдэу икIи Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм* и Iуэхухэм яхутепсэлъы-
хьырт. [4]Ахэр зэхуишэсри, Хьисэ унафэ яхуищIащ:

1:1,2 Феофил – еплъ Лука 1:1.

1:1,2 япэ тхылъыр – «ХъыбарыфIыр Лука къызэриIуэтар» тхылъырщ. Еплъ Лука 1:1-4.

1:1,2 апостол – еплъ Маттэ 10:2.

1:3 Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр – еплъ Маттэ 3:2.

– Ерусалим къалэм фыдэмыкI, ауэ зи гугъу фхуэсщIауэ, Адэ
лъапIэм фызэригъэгугъам* фыпэплъэ, – жиIэурэ. [5] – Сыт щхьэ-
кIэ жыпIэмэ Иуан цIыхухэр псыкIэ иумэхъыу щытащ,* ауэ
махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу, Тхьэм езым и Псэ ЛъапIэмкIэ
фиумэхъынущ.

*Хьисэ уафэм зэрыдэкIуеижар*

[6] Щызэхуэсым, апостолхэр Хьисэ еупщIащ:
– Зиусхьэн, мы махуэра Израилым и пащтыхьыгъуэр щызэ-
фIэбгъэувэжынур?
[7] – Адэ лъапIэм езым и тепщэныгъэкIэ пIалъэрэ лъэхъэнэу
игъэувахэмрэ фэ фщIэну фыхуиткъым, – яжриIащ Хьисэ. [8] – Ауэ
Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къыщыфхуехкIэ, лъэкIыныгъэ фиIэ хъуну-
рэ, Ерусалим къалэми, Иудей, Самарие хэкухэми зэкIэ дунейм
и кIэм нэсыху щыхьэт фыкъыщысхуэхъунущ.
[9]А псалъэхэр жиIа нэужь, Хьисэ абыхэм ялъагъуу, Тхьэм
уафэм дришеижащ. Пшэ къытехьэри, Хьисэ ямылъагъуж
хъуащ.
[10]Хьисэ уафэм щыдэкIуеижым, я нэхэр траубыдауэ уафэм
дэплъей апостолхэм я пащхьэм щыгъын хужькIэ хуэпа лIитI*
напIэзыпIэм къыщыхутащ.
[11] – Фэ, Галилей хэкум щыщ цIыхухэр, – жаIащ а лIитIым, –
мыбдежым фыщыту уафэм щхьэ фыдэплъейрэ? Тхьэм уафэм
дришеижа Хьисэ уафэм дэкIуеижауэ зэрыфлъэгъуам хуэдабзэу
къехыжынущ.

*Иудэ и пIэкIэ езыхэм ящыщ хъуну*
*апостолхэм Матфий зэрыхахар*

[12] Апостолхэм, Елеон Iуащхьэм* къехыжри, ЕрусалимкIэ
ягъэзэжащ абы и ужькIэ. Елеон Iуащхьэр Ерусалим пэгъу-
нэгъут, щэбэт махуэ гъуэгу* хуэдизкIэ нэхъ пэмыжыжьэу. [13]Къа-

---

1:4 Адэ лъапIэм фызэригъэгугъар – Тхьэм и Псэ ЛъапIэр арщ. Еплъ Лука 24:49; Иуан 15:26.

1:5 иумэхъырт – еплъ Маттэ 3:1.

1:10 щыгъын хужькIэ хуэпа лIитI – мелыIычхэращ.

1:12 Елеон Iуащхьэр – еплъ Маттэ 21:1.

1:12 щэбэт махуэ гъуэгу – зы километр хуэдиз мэхъу. Журт хабзэм тету, щэбэт махуэм зы километр нэхъыбэ пкIу хъунукъым.

лэм дыхьэжри, ахэр зыщIэс унэ лъагэм щIыхьэжащ: Петр,
Екъуб, Иуан, Индрис; итIанэ Филипп, Фомэ, Варфоломей,
Маттэ, Алфей и къуэ Екъуб, Симону зи къэралым гурэ псэкIэ
хуэлажьэу щытар, Екъуб и къуэ Иудэ сымэ. [14] А псори зэгу-
рыIуауэ, Тхьэм зэпымыууэ елъэIурт, цIыхубз гуэрхэри, Хьисэ
и анэ Мэриеми, Хьисэ и къуэшхэри я гъусэу.

[15] ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ гупым, цIыхуищэрэ тIощIрэ
хуэдиз хъууэ, Петр къахэувэри, а махуэхэм къажриIащ:

[16] – Си къуэшхэ,* Тхьэм и псалъэу тхахэм хэт псалъэу Тхьэм
и Псэ ЛъапIэм Даут пащтыхьым и гум кърилъхьэу, Иудэ зи
цIэм теухуауэ жригъэIахэр пэж хъун хуеящ. А Иудэращ Хьисэ
зыубыдахэм гъуэгур езыгъэлъэгъуар.* [17] Ари дэ тщыщу
щытащ, мы Iуэхуми ди гъусэу ирилэжьащ.

[18]ЩIэпхъаджагъэу ищIам пэкIуэу ирата пщIэмкIэ* Иудэ щIы-
гу къищэхуащ. А щIыгум бгъэгукIэ техуэщ, и ныбэр зэгуэу-
дри, и кIуэцIыр зэрыщыту къиуащ. [19] Ерусалим дэс цIыху псоми
Иудэ къыщыщIар зэхахащ, а щIыгум Акелдамэ фIащащ я
бзэкIэ. Абы къикIыр «Лъы уасэ щIыгущ».

[20] Петр къыщIигъужащ итIанэ:

– Уэрэд лъапIэхэм мыпхуэдэу итщ:*

«И унэр нэщI ирехъу.
Зыри щIремыс».

Мыпхуэдэуи итщ:

«Абы и Iуэхур нэгъуэщI гуэрым ирещти,
абы и пIэм ирыреувэ».

[21,22] –Аращи, Хьисэ лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжамкIэ дэ ди
гъусэ нэгъуэщI гуэр щыхьэт хъун хуейщ Иудэ и пIэкIэ. А
щыхьэтыр Хьисэ къытхыхьэ-тхэкIыжу щыщыта зэман псоми,
Иуан Хьисэ щиумэхъа махуэм къыщыщIэдзауэ ар Тхьэм уафэм
щыдришеижам нэсыху, ди гъусэу щытахэм ящыщын хуейщ.

[23] Апхуэдэу лIитI ягъэуващ: ВарсавэкIэ зэджэ икIи Иуст зыху-
жаIэ Исуфрэ Матфийрэ.

---

1:16 къуэшхэр – зы диным ирикIуэхэр аращ.

1:16 А Иудэр арщ … гъуэгур езыгъэлъэгъуар – еплъ Лука 22:47.

1:18 ирата пщIэмкIэ – еплъ Лука 22:3-6.

1:20 Уэрэд ЛъапIэхэмым … итщ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 68:26; 108:8.

24,25 Тхьэм елъэIуурэ жаIащ итIанэ:
– Зиусхьэн, уэ цIыху псоми я гум илъыр уощIэ. Мы лIитIым
ящыщу, апостолым и Iуэхур ищIэну къыхэпхар дыгъэлъагъу;
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а Iуэхур къигъанэри, Иудэ езым хуэфащэ
щIыпIэм кIуащ.
26Пхъэидзэ ящIри, Матфий и пхъэр къикIащ. Апостол пщы-
кIузым я гъусэу, Матфий апостол хъуащ апхуэдэу.

# 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм*
*Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къазэрыхуехар*

Пэнтэкост махуэшхуэр* къыщысым, фIэщхъуныгъэ зиIэ псо-
ри зы щIыпIэм щызэхуэсат. 2 НапIэзыпIэм жьапщэшхуэ макъым
хуэдэу зы макъ уафэм къехри, ахэр зыщIэс унэм макъышхуэр
щIэз хъуащ. 3 МафIэм хуэдэу бзэгухэр къахуэлъэгъуащ. А бзэ-
гухэм загуэшри, абыхэм ящыщ дэтхэнэми зы бзэгу къытенащ.
4 Тхьэм и Псэ ЛъапIэр а псоми я гум хуабжьу хыхьэри, хамэбзэ-
хэмкIэ псалъэу щIадзащ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къызэригъэпсэ-
лъам хуэдэу.
5 Дунейм тет дэтхэнэ лъэпкъым щыщу Тхьэм и фIэлIыкIыр
зи гум илъ журтхэр Ерусалим дэст. 6 А макъышхуэр къыщыIум,
зыхуахьынур ямыщIэу, цIыху куэд зэхуэжэсащ; сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ щхьэж и бзэкIэ ахэр псалъэу дэтхэнэми зэхихырт.
7 Хуабжьу ягъэщIагъуэу жаIащ:
– Мы къэпсалъэ цIыху псори Галилей хэкум щыщкъэ? 8Апхуэ-
дэу щыщыткIэ, дэ тщыщу дэтхэнэми и бзэкIэ ахэр къэпсалъэу
зэхихын зэрыхъуар дауэ? 9Парфие, Мидие, Елам къэралхэм
щыщхэми, Месопо-тамием исхэми, хэкухэу Иудейрэ Кап-
падокиерэ, Понтрэ Асиерэ, 10Фригиерэ Памфилиерэ исхэми,
Мысырым исхэми, Ливие къэралым щыщ Кириние къалэм
пэгъунэгъу лъэныкъуэм исхэми, Рим къалэшхуэм къикIахэми,

---

2:1 Пэнтэкост махуэшхуэ – гуэдзыр къахыжа нэужь, журтхэм илъэс къэс етхуанэ мазэм ягъэлъапIэ махуэшхуэрщ. IутIыж махуэшхуэм и ужькIэ, махуэ щэ ныкъуэ дэкIауэ, Пэнтэкост махуэшхуэр къос. Пэнтэкостым къикIыр «етхущIанэщ».

[11]журтхэми, прозелитхэми,* Крит хытIыгум* щыщхэми, хьэ-
рыпхэми, Тхьэм илэжьа Iуэхушхуэхэм я хъыбарыр ди бзэхэмкIэ
къаIуатэу дэ псоми зэхыдох.

[12] ЦIыху псоми ягъэщIагъуэу, зыхуахьынур ямыщIэу, жаIащ:

– Сыт мы къэхъуар зищIысыр?

[13] – Ахэр фадэ IэфI ефэкъуащ! – абыхэм ящIэнакIэу жаIащ
языныкъуэхэм.

*Петр цIыхубэм я пащхьэм*
*Пэнтэкост махуэшхуэм къызэрыщыпсэлъар*

[14]Адрей апостол пщыкIузым я гъусэу къэтэджщ, и макъым
зригъэIэтри, Петр псалъэу щIидзащ:

– Фэ, си къуэш журтхэмрэ Ерусалим дэсхэмрэ, мыр зэв-
гъащIэ, мы къыжысIэм федаIуэ. [15]Фэ фызэригугъэм хуэдэу, мы
лIыхэр чэфкъым, сыту жыпIэмэ пщэдджыжьыр иджыри сы-
хьэтибгъу* хъуа къудейщ. [16]Мыбы къыщыхъуар Иоил бегъым-
барыр мыпхуэдэу зытепсэлъыхьа Iуэхурщ.*

[17] «Тхьэм мыпхуэдэу жеIэ:
Дунейм и иужьрей махуэхэм
сэ си Псэ ЛъапIэр
цIыху псоми къахуезгъэхынущ.
Си псалъэхэр фи къуэхэмрэ фипхъуухэмрэ
я гум къислъхьэнурэ, жезгъэIэнущ.
Фи щIалэхэми Iуэхухэр къахуэзгъэлъэгъуэнущ,
фи нэхъыжьхэми пщIыхьэпIэхэр езгъэлъагъунущ.
[18] А махуэхэм си IурыщIэ*
цIыхухъухэми цIыхубзхэми
си Псэ ЛъапIэр къахуезгъэхынущ,
си псалъэхэри я гум къислъхьэнурэ,
жезгъэIэнущ.

---

2:11 прозелитыр – дин хъуэж зыщIарщ.

2:11 хытIыгу – зи хъуреягъкIэ псым къиухь щIыналъэщ.

2:15 пщэдджыжьыр сыхьэтибгъу – зэрытха дыдэм хуэдэу зэбдзэкIмэ, «ещанэ сыхьэтыр» мэхъу. Пщэдджыжьыр сыхьэтибгъум деж жыхуиIэщ.

2:16-20 Иоил бегъымбарыр … зытепсэлъыхьа Iуэхурщ – еплъ Иоил бегъымбарым и тхылъым 2:28-32.

2:18 IурыщIэ – IуэхутхьэбзащIэращ.

[19] Уафэм Iуэху телъыджэхэр
къыщызгъэлъэгъуэнущ,
щIылъэми нэщэнэ гъэщIэгъуэнычщэхэр
къыщызгъэлъэгъуэнущ:
лъы, мафIэ, Iугъуэшхуэ флъагъунущ.
[20] Зиусхьэным и махуэ лъапIэу
щIыхьышхуэ зиIэр къэсын и пэкIэ
дыгъэрункIыфIынущ,
мазэри лъым хуэдэ хъунущ.
[21] Абы щыгъуэ къыдэIэпыкъункIэ Зиусхьэным
елъэIу дэтхэнэри мыкIуэду къелынущ».

[22] Петр къыщIигъужащ абы и ужькIэ:
– Израил цIыхухъухэ, мы псалъэхэм фыкъедаIуэ: Назарет
щыщ Хьисэ Тхьэм зэрыщыщыр фэркIэ къигъэщыпкъащ. Тхьэм
ар къызэригъэщыпкъэжар Хьисэ лъэкIыныгъэшхуэ зыхэлъ
телъыджэхэмрэ Iуэху телъыджэхэмрэ фи деж зэрыщригъэ-
лэжьамрэ нэщэнэ гъэщIэгъуэнычщэхэр фигъэлъагъуну зэ-
рылъигъэкIамрэщ. [23] Тхьэм зэриухам тету икIи а Iуэхур къэхъун
и пэкIэ ищIэу зэрыщытам тету, Хьисэ къыфIэщIыхьащ. ЦIыху
бзаджэхэм ар жорым иревгъэIулIри евгъэукIащ. [24]Ауэ Тхьэм
ар лIэныгъэм и гугъуехь шэчыным хишыжри, лIахэм къахигъэ-
тэджыкIыжащ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ажалыр абы пэлъэща-
къым. [25]Хьисэ теухуауэ Даут бегъымбарым мыпхуэдэу жиIащ:*

«Зиусхьэныр си пащхьэм иту
слъагъу зэпыту щытащ.
ЗыкIи симыгъэгузэвэн щхьэкIэ,
ар си ижьырабгъумкIэ къыщытщ.
[26] Аращи, си гур мэгуфIэ,
си бзэри мэубзэрабзэ.
Сипкъми гугъапIэфI иIэу зигъэпсэхужынущ.
[27] Сыту жыпIэмэ си псэр
хьэдрыхэ къыщыбнэнукъым.
Уэ уи IурыщIэ цIыху лъапIэм
и хьэдэр бгъэфынукъым.
[28] ГъащIэм хуэкIуэ гъуэгухэр сыбгъэщIащ.
Сэ уи дэжи сыщыбгъэгуфIэнущ».

---

2:25-28 Даут бегъымбарым … жиIащ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 15:8-11.

[29] – Си къуэшхэ, ди адэшхуэ Даут теухуауэ сигу зэIухауэ
сыпсэлъэну хуит сыфщI. Ар дунейм ехыжащ икIи щIалъхьэ-
жащ, абы и кхъэлэгъунэр ди деж щыIэщ ноби. [30] Даут бегъым-
бару щытащ, абы ищIэрт езым къытехъукIыну цIыхухэм ящы-
щу Мэссихьыр* езы Даут и пащтыхь тахътэм тригъэтIысхьэну
Тхьэм псалъэ быдэкIэ къызэригъэгугъар.* [31]Аращи, Даут къэ-
хъунур ищIэрти, Мэссихь къытепсэлъыхьу,* «Тхьэм абы и хьэ-
дэр хьэдрыхэ къыщинэнукъым» икIи «абы и хьэдэр игъэфы-
нукъым» щыжиIэм, зи гугъу ищIар Мэссихь лIахэм къахэтэ-
джыкIыжыну зэрыщытарщ. [32]А Хьисэращ Тхьэм лIахэм къахи-
гъэтэджыкIыжар икIи дэ псори а Iуэхум дрищыхьэтщ. [33]Тхьэм
Хьисэ уафэм дришеижу, и ижьырабгъумкIэ зыбгъэдигъэтIыс-
хьа нэужь, Адэ лъапIэм къызэригъэгугъа и Псэ ЛъапIэр абы
къритащ, фэ зэрыфлъагъущ, икIи зэрызэхэфхщи, Хьисэ а Псэ
ЛъапIэр дэ къытхуригъэхащ. [34] Даут уафэм дэкIуеижакъым,
ауэ мыпхуэдэу жиIащ:*

«Тхьэуэ Зиусхьэным си Зиусхьэным къыжриIащ:
[35] Уи бийхэр уи лъэгу къыщIэзгъэувэху,
си ижьырабгъумкIэ къызбгъэдэтIысхьэ».

[36] – Аращи, Израил цIыху псоми мыр быдэу зэвгъащIэ: фэ
жорым ефIулIа Хьисэ Тхьэм Зиусхьэн икIи Мэссихь ищIащ.

[37] Ар щызэхахым, цIыхухэр къэгузэващ. Петррэ адрей апос-
толхэмрэ жраIащ абыхэм:

– Ди къуэшхэ, сыт дэ тщIэн хуейр?

[38] – Фи гуэныхьхэм фахущIегъуэжи, Хьисэ Мэссихь и цIэкIэ
псоми зыдвгъэумэхъ, Тхьэм фи гуэныхьхэр къыфхуигъэгъун
щхьэкIэ, – яжриIащ Петр. – Тхьэм и тыгъэу езым и Псэ ЛъапIэр
фи гум кърилъхьэнущ итIанэ. [39] Тхьэм езым и Псэ ЛъапIэр
къызыхуригъэхыну игъэгугъар фэращ, фи бынхэращ, дэни
щыпсэу цIыхухэрщ – езым и бын хъуну Зиусхьэну ди Тхьэм
къыхуриджа цIыхухэрщ.

[40] НэгъуэщI псалъэ куэдкIи хуабжьу тригъэчыныхьурэ Петр
абыхэм елъэIуащ:

---

2:30 Мэссихь – еплъ Маттэ 1:17.

2:30 Тхьэм псалъэ быдэкIэ къызэригъэгугъар – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 131:11.

2:31 Даут … Мэссихь къытепсэлъыхьу – Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) еплъ 15:10.

2:34-35 Даут жиIащ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 109:1.

– Мы лъэпкъ бзаджэм Тхьэм зыхевгъэшыжи, фымыкIуэду зыкъревгъэгъэл.

[41] Петр и псалъэхэм еувэлIахэм зрагъэумэхъащ. ФIэщхъуныгъэ зиIэхэм я бжыгъэм минищ хуэдиз хэхъуащ а махуэм.
[42] ФIэщхъуныгъэ зиIэ хъуа цIыхухэр апостолхэм я деж емызэшу щеджэ зэпытт, зэшхэм хуэдэу зэхэтт, щIакхъуэ зэдэзэгуащIыкIырт*, икIи Тхьэм зэпымыууэ елъэIурт.

*ФIэщхъуныгъэ зиIэхэр зэщ*

[43] Апостолхэм Iуэху телъыджэ куэд ящIэрт, нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэ куэди къагъэлъагъуэрти, цIыху псоми я гум шынагъэ илъ хъуащ. [44]ФIэщхъуныгъэ зиIэ псори зэгъусэт, яIэу хъуари я зэхуэдэт. [45]Я мылъкухэмрэ я хьэпшыпхэмрэ ящэри, къыщIэкIар щхьэж зэрыхуэныкъуэ елъытауэ ягуэшащ. [46] Махуэ къэс зэакъылэгъуу, Тхьэм и унэшхуэм щызэхуэс зэпытт. Я унэхэми щIакхъуэр щызэгуащIыкIырт, зэщыгуфIыкIрэ ягу зэхуэкъабзэу зэдэшхэрт. [47]Тхьэм щIыхь хуащIырт икIи цIыху псоми я гум дыхьэрт. Зиусхьэным мыкIуэду къригъэлхэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм я бжыгъэм махуэ къэс хигъахъуэрт.

# 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Зи лъэр къыщIэмыувэ лIыр Петррэ Иуанрэ Тхьэм и унэшхуэм и куэбжэм деж зэрыщагъэхъужар*

Махуэ гуэрым шэджагъуэ нэужь хъуауэ, цIыхухэр Тхьэм щелъэIу сыхьэтищым деж* Петррэ Иуанрэ Тхьэм и унэшхуэм кIуащ. [2] Къызэралъху лъандэрэ зи лъэр къыщIэмыувэ лIы гуэр Тхьэм и унэшхуэм и куэбжэхэм ящыщу «Куэбжэ дахэ» жыхуаIэм деж къыIуахьащ. Ар махуэ къэс къахьырти, Тхьэм и унэшхуэм щIыхьэхэм факъырэ Iус щелъэIуу а куэбжэм деж щагъэтIысырт.

---

2:42 щIакхъуэ зэдэзэгуащIыкIырт – Хьисэ лIэуэ, лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжар ягу къагъэкIыжурэ, ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр зэдошхэ.

3:1 сыхьэтыр щым деж – зэрытха дыдэм хуэдэу зэбдзэкIмэ, «ебгъуанэ сыхьэтыр» мэхъу. Абы къикIыр шэджагъуэ нэужьым сыхьэтыр щыр арщ.

3 Петррэ Иуанрэ Тхьэм и унэшхуэм щIыхьэу щилъагъум, а
лIыр лъэIуащ:

– Псапэ тыхь къызэфт, – жиIэри.

4 Петррэ Иуанрэ я нэхэр а лIым траубыдэри, Петр жиIащ:

– Моуэ зэ къыдэплъ!

5 Зыгуэр къратынкIэ ящыгугъыу, лIыр абыхэм яхудэплъеящ.

6 – Сэ дыжьыни дыщи сиIэкъым, – жиIащ Петр, – ауэ сиIэр
узот: Назарет щыщ Хьисэ Мэссихь и цIэкIэ унафэ пхузощI,
къэтэджи, зекIуэ!

7 Петр а лIым и Iэ ижьыр иубыдри къызэфIигъэуващ. ЛIым
и лъакъуэхэми къупщхьэ зэрытыпIэхэми къару къахыхьэжащ
а напIэзыпIэм. 8 Къыщылъэтщ, ежьэри, къызекIуэу щIидзащ
абы. Петррэ Иуанрэ я гъусэу Тхьэм и унэшхуэм щIыхьэри, къы-
зекIуэурэ, дэпкIейурэ, Тхьэм щIыхь хуищIащ итIанэ. 9 Тхьэм
щIыхь хуищIурэ абы зэрызекIуэр цIыху псоми щалъагъум,
10 Тхьэм и унэшхуэм и «Куэбжэ ДахэкIэ» зэджэм деж факъырэ
Iус къыхихыу щысар зэрыарар къацIыхужащ икIи а лIыр зэры-
хъужар ягъэщIэгъуащ яфIэтелъыджащэу.

*ЦIыхубэм я пащхьэм Петр къызэрыщыпсэлъар*

11 Зи лъэ къыщIэувэжа лIыр Петррэ Иуанрэ я ужь имыкIыу
здэкIуэм, цIыху псоми хуабжьу ягъэщIагъуэурэ, Сэлмэн пащ-
тыхьым и цIэр зезыхьэ, щхьэ зытелъ сэххэр зиIэ пщIантIэм
деж жэхэри, абыхэм я деж цIыхухэр щызэхуэсащ. 12 Ар щилъа-
гъум, Петр цIыхухэм яжриIащ:

– Израил цIыхухэ, сыт ар щIэвгъэщIагъуэр? Сыт апхуэдизу
дэ фыкъыщIыдэплъыр? Дэр-дэру къаруушхуэ диIэу, е Тхьэр
ину зэрыдгъэлъапIэм щхьэкIэ, мы лIым и лъэр къыщIэд-
гъэувэжауэ фи гугъэ? 13 Мы лIым къехъулIамкIэ Ибрэхьими,
Исхьэкъи, Екъуби я Тхьэуэ ди адэшхуэхэм я Тхьэм и Къуэ Хьисэ
и щIыхьышхуэр цIыхухэм я пащхьэм къыщигъэлъэгъуащ. Ар
фэ тепщэныгъэ зиIэхэм евгъэубыдащ. Пилат Iэтащхьэм* ар
къиутIыпщыжыну и гугъарэ пэт, фэ абы и пащхьэм Хьисэ щы-
зэфпэсакъым. 14 ЦIыху ЛъапIэр икIи Захуэр зэфпэсакъым, абы
и пIэкIэ лIыукI гуэр къыфхуиутIыпщыжыну Пилат Iэтащхьэм
фелъэIуащ. 15 ГъащIэ пэжыр цIыхухэм езытыр фыукIащ, ауэ

---

3:13 Пилат Iэтащхьэр – еплъ Маттэ 27:2.

Тхьэм ар лIахэм къахигъэтэджыкIыжащ. Дэ а Iуэхум дрищы-
хьэтщ. [16] Мы лIы флъагъум икIи фцIыхум Хьисэ и цIэм дзыхь
зэрыхуищIам щхьэкIэ къару иIэ хъужащ. Хьисэ и цIэмрэ абы и
деж къикI фIэщхъуныгъэмрэщ мы лIыр фэ псоми фи пащхьэм
щызыгъэхъужар.

[17] – Абы нэмыщIу, си къуэшхэ, фэри фи тхьэмадэхэми Хьисэ
ефщIар фи гунэфыгъэкIэ зэрыфщIар сощIэ сэ. [18]Тхьэм бегъым-
бар псоми я гум къърилъхьэри, къажригъэIащ езым и Мэссихь
гугъуехь куэд ишэчын хуейуэ зэрыщытыр, Тхьэм зэриухам хуэ-
дэуи хъуащ. [19]Аращи, Тхьэм фэ гуэныхьу фщIахэр къыфхуигъэ-
гъун щхьэкIэ, абыхэм фахущIегъуэжи, Тхьэм и гъуэгу фытехьэ.
[20]Фигухэм зыщагъэпсэхужын зэманхэр Зиусхьэным деж
къикIынущ итIанэ икIи Тхьэм Мэссихьу къыфхуигъэува Хьисэр
къигъэкIуэжынущ. [21]Тхьэм псори тэмэму зэтригъэувэху,
Мэссихь уафэм щыIэн хуейщ, Тхьэм и бегъымбар лъапIэхэм я
гум кърилъхьэу къазэрыжригъэIам тету. [22]Псалъэм щхьэкIэ,
Мусэ бегъымбарым жиIащ:* «Зиусхьэну фи Тхьэм фи къуэшхэм
ящыщу сэ схуэдэ бегъымбар гуэр къигъэкIуэнущ. Абы къыв-
жиIэ псоми федэIуэн хуейщ. [23]А бегъымбарым жиIэм емыдаIуэр
лъэпкъым хэкIуэдыкIынущ».

[24] – Адрей бегъымбар псоми, Самуел бегъымбарым деж
къыщыщIэдзауэ, абы къыкIэлъыкIуахэри яхэту, Тхьэм и
псалъэхэр зи гум кърилъхьэу зыжригъэIа бегъымбар псоми мы
махуэхэм я гугъу ящIат. [25] Бегъымбархэм я жьэкIэ Тхьэм цIыху-
хэр къызэригъэгугъа Iуэхухэр зыгъуэтыр фэращ, Тхьэм езымрэ
фи адэшхуэхэмрэ яку дилъхьа зэгурыIуэныгъэм и Iыхьэфiри
зыгъуэтыр фэращ, Тхьэм Ибрэхьим бегъымбарым къызэры-
жриIам хуэдэу, «Уэ къыптехъукIыну цIыхум и хьэтыркIэ дунейм
тет лъэпкъ псоми си нэфI ящызгъэхуэнущ». [26]Тхьэм езым и
Къуэр къыщигъэлъагъуэм, лъэпкъхэм ящыщу япэ дыдэу къы-
зыхуигъэкIуар фэращ, фэ фщыщ дэтхэнэри и гъуэгу мыхъу-
мыщIэм трыригъэгъэкIыу и нэфI къыщригъэхуэн щхьэкIэ.

3:22 Мусэ бегъымбарым жиIащ – еплъ 2 Мусэ 8:15,18.

# 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэмадэ Хасэшхуэм и пащхьэм*
*журт пашэхэм Петррэ Иуанрэ зэрырашар*

Петррэ Иуанрэ цIыхухэм здепсалъэм, дин пашэхэри, Тхьэм
и унэшхуэм и хъумакIуэхэм я пашэхэри, саддукейхэри хуабжьу
губжьауэ а тIум къабгъэдыхьащ, [2]Петррэ Иуанрэ цIыхухэм
Тхьэм и псалъэхэр ирагъащIэурэ, Хьисэ лIахэм къазэрыхэ-
тэджыкIыжам хуэдэу, лIахэр къызэрытэджыжынур хуаIуатэр-
ти. [3]Абыхэм Петррэ Иуанрэ яубыдри, пщыхьэщхьэ хъуати,
етIуанэ махуэм нэсыху лъэхъуэщым щIадзащ. [4]Петррэ Иуанрэ
хъыбару яIуатэр зэхэзыхахэм ящыщ куэдым ХьисэкIэ фIэщхъу-
ныгъэ яIэ хъуащ. Абыхэм я бжыгъэр цIыху минитху хуэдиз
хъуащ.

[5]Журт пашэхэри, нэхъыжьхэри, торэт егъэджакIуэ пашэхэри
етIуанэ махуэт Ерусалим щызэIущIащ. [6]Дин пашэшхуэ Аннэ*
зи цIэр абы щыIэт, абы нэмыщIкIэ Кайафэ,* Иуан, Александр,
дин пашэшхуэм и унагъуэм щыщу нэгъуэщI лIыхэри абы щIэст.
[7]Абыхэм Петррэ Иуанрэ утыкум кърашэри, ахэр къеупщIащ:

– Сыт хуэдэ къарукIэ, е хэт и цIэкIэ а лIыр зэрывгъэхъужар?

[8]Ар щыжаIэм, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр Петр и гум хуабжьу
хыхьэри, яжриIащ:

– Ди лъэпкъ пашэхэ, ди нэхъыжьхэ! [9]Зи лъэр къыщIэмыувэ
лIым фIыуэ хуэтщIам фыхэплъэурэ, «Ар дауэ хъужынкIэ хъуа?»
жыфIэу нобэ фыкъыщыдэупщIкIэ, [10]фэри Израил лъэпкъыми
зэрыщыту мыр зэвгъащIэ: Назарет щыщ Хьисэ Мэссихь и цIэм
и къарурщ мы цIыхур зыгъэхъужар, абы и фIыгъэкIэщ ар фи
пащхьэ зэритыр. Хьисэ фэ жорым ефIулIащ, ауэ Тхьэм ар лIахэм
къахигъэтэджыкIыжащ. [11] Аращ

«ухуакIуэхэм зрамыпэсу хыфIадзэжа мывэу
унэр зэтезыIыгъ мывэ лъабжьэ хъуар».*

---

4:6 Аннэ … Кайафэ – еплъ Лука 3:2.

4:11 Еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 117:22.

12 – ЦIыхухэр мыкIуэду къезыгъэлыр Хьисэ и закъуэщ. Абы
и цIэм нэмыщI, дымыкIуэду дыкъезыгъэлыфын Тхьэм уафэм
и щIагъым щIэт цIыхухэм иритауэ зыри щыIэкъым.

13 Журт пашэхэм Петррэ Иуанрэ яIэ гукъыдэжыр щалъагъум,
ахэр щIэныгъэ зимыIэ цIыху къызэрыгуэкIыу зэрыщытми гу
щылъатэм, ягъэщIэгъуащ, Хьисэ зэригъусари къащIащ. 14 ЛIы
ягъэхъужар абыхэм я гъусэу абдеж щыту ялъэгъуа щхьэкIэ,
жраIэну зыри къахуэгъуэтакъым. 15 Апхуэдэу щыхъум, Синед-
рионкIэ* зэджэ хасэ пэшым щIагъэкIри, езыхэм зэчэнджэщыжу
щIадзащ. 16 Зэчэнджэщыжурэ, мыпхуэдэу жаIащ:

– Мы лIитIым сыт етщIэнур? Ерусалим дэс цIыху псоми ящIэ
абыхэм Iуэху телъыджэхэр зэралэжьар. Дэ ар тхущIэхъумэну-
къым. 17 Ауэ къэхъуам и хъыбарыр нэхъ куэдым яхэмыIуэн
щхьэкIэ, «Хьисэ и цIэкIэ зыгуэрым фепсалъэмэ, фэдгъэпшы-
ныжынущ», жытIэу, мы лIыхэр дгъэшынэн хуейщ.

18 Петррэ Иуанрэ хасэ унэм къыщIашэжри, Хьисэ и цIэкIэ
зыри жамыIэжыну икIи цIыхухэм ирамыгъэщIэну быдэу
жраIащ. 19 АрщхьэкIэ Петррэ Иуанрэ абыхэм жраIащ:

– Тхьэм демыдаIуэу, фэ дывэдэIуэныр Тхьэм дежкIэ хъунрэ
мыхъунрэ фэр-фэрурэ фегупсыс. 20 Дэ Iуэхуу тлъэгъуамрэ зэхэт-
хамрэ дымыIуэтэжу хъунукъым.

21 Журт пашэхэм аргуэру «ФыкъыдэмыдаIуэмэ, фэдгъэпшы-
ныжынущ» кIийуэ къыжраIэри, къаутIыпщыжащ. Абыхэм
гугъуехь щIрагъэшэчын щхьэусыгъуэ ягъуэтакъым, а къэхъуам
щхьэкIэ цIыху псоми Тхьэм щIыхь хуащIу щIадзакIэти. 22 Мы
нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэмкIэ апостолхэм ягъэхъужа лIым и
ныбжьыр илъэс плIыщIым щIигъуат.

*ФIэщхъуныгъэ зиIэхэр Тхьэм зэрелъэIуар*

23 Петррэ Иуанрэ къыщаутIыпщыжым, я гъусэхэм деж ягъэ-
зэжри, дин пашэшхуэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ къыжраIар яIуэтэ-
жащ. 24 Ар щызэхахым, ахэр макъышхуэкIэ зэдежьууэ Тхьэм
елъэIуащ:

– Зиусхьэн, уафэри, щIылъэри, хыри, абыхэм щыIэ псори
къэзыгъэщIар уэращ. 25 Ди адэшхуэу Даут и жьэкIэ уэ укъыдэ-

4:15 Синедрион – Тхьэмадэ Хасэшхуэращ. Еплъ Маттэ 5:22.

псэлъат. Ар уэ уи ІурыщІэ щытащ, уи Псэ ЛъапІэм и лъэкІыныгъэкІи мы псалъэхэр абы жебгъэІащ:*

«Хамэ лъэпкъхэр сыт щІэгубжьыр?
ЦІыхухэми пщІэ зимыІэ мурадхэр сыт щІаІэр?
26 Дунейм и пащтыхьхэм зыкъаІэтащ,
пашэхэри зэхуэсри,
Зиусхьэну Тхьэмрэ
езым и Мэссихьу дагъэ зыщыхуамрэ
япэувынхэу зэгурыІуащ».

27 – А псалъэхэр пэжщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ Ирод пщымрэ*
Іэтащхьэу Понтий Пилатрэ мы къалэм щызэхуэсащ, хамэ лъэпкъхэри израил цІыхухэри я гъусэу, уэ уи Къуэ лъапІэ Хьисэу
дагъэ зыщыпхуам пэувыну. 28Уэ уи лъэкІыныгъэшхуэкІи уи гу-
хэлъкІи къэхъун хуея, уэ ипэкІэ бгъэува Іуэхухэр абыхэм ягъэ-
зэщІащ. 29Иджы, Зиусхьэн, «ФыкъыдэмыдаІуэу щытмэ, фэдгъэпшыныжынущ», жаІэурэ абыхэм зэрыжаІэм еплъ, уэ уи псалъэхэр цІыхухэм дытегушхуауэ хуэтІуэтэну дэ, уи ІурыщІэхэм,
къару къыдэт. 30Аращи, уэ уи Къуэ лъапІэ Хьисэ и цІэкІэ сы-
маджэхэр бгъэхъужыну, нэщэнэ гъэщІэгъуэныщэхэр къэбгъэлъэгъуэну икІи Іуэху телъыджэхэр блэжьыну уи Іэр къытхуэший!

31 Тхьэм елъэІуа нэужь, ахэр щызэхуэса щІыпІэм щІыр щыхъеящ. Тхьэм и Псэ ЛъапІэр псоми я гум хуабжьу хыхьауэ, гушхуэныгъэшхуэ яхэлъу, Тхьэм и псалъэхэр цІыхухэм хуаІуатэрт абыхэм.

### *ФІэщхъуныгъэ зиІэхэм я мылъкур я зэхуэдэу зэрыщытар*

32ХьисэкІэ фІэщхъуныгъэ зиІэ псори ягурэ я псэкІэ зыт. Зыми и мылъкум теухуауэ «Мыр сысейщ» жиІэртэкъым, атІэ яІэ
псори я зэхуэдэт. 33Хьисэ лІахэм къазэрыхэтэджыкІыжам
къарушхуэкІэ щыхьэт техъуэрт апостолхэр икІи Тхьэм и нэфІыр а псоми ину къащыхуэрт. 34Абыхэм зыгуэр хуэныкъуэ цІыху
зыри яхэттэкъым; сыт щхьэкІэ жыпІэмэ щІыгу е унэ зиІэ псоми ахэр ящэжурэ, ахъшэу къыщІэкІар къахьурэ, 35апостолхэм я

4:25-26 мы псалъэхэр абы жебгъэІащ – еплъ Уэрэд ЛъапІэхэм (Сабур) 2:1-2.
4:27 Ирод пщыр – еплъ Лука 3:1.

пащхьэм къралъхьэрт. Ахъшэм щыщ апостолхэм щхьэж зэры-
хуэныкъуэ елъытауэ цIыхухэм хуагуэшырт.

36 Кипр хытIыгум* щыпсэу Левий унагъуэ лъэпкъым щыщ
лIы гуэр щыIащ. А лIым и цIэр Иосийт. Апостолхэр абы Вар-
навэкIэ еджэрт (Варнавэм къикIыр «ЦIыхухэр Зыгъэгушхуэ»
жиIэу аращ.) 37Абы иIа щIыгур ищэщ, ахъшэр къихьри, апостол-
хэм я пащхьэм кърилъхьащ.

## 5-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Ананийрэ Сапфирэрэ я хъыбар*

Ананий и цIэу лIы гуэр щыIащ. Абырэ и щхьэгъусэ Сапфи-
рэрэ я мылъкум щыщ ящащ. 2Фызым къыдищIэу, Ананий
мылъкум къыщIаха уасэм и щхьэм папщIэ зы тIэкIу къыхихщ,
къэнар ихьри, апостолхэм я пащхьэм ирилъхьащ.

3 – Ананий, – жиIащ Петр, – Тхьэм и Псэ ЛъапIэм пцIы хуэ-
бупсынуи, щIым и уасэм щыщ уи щхьэм хухэпхынуи шейтIа-
ным уи гум кърилъхьэнкIэ дауэ хъуа? 4ЩIыр пщэн и пэкIэ ууейуэ
щытакъэ? Пща нэужь, ахъшэм узыхуейр епщIэну ухуиттэкъэ?
Мыпхуэдэу пщIэну уи гум къихьэнкIэ щхьэ хъуа? ПцIы зыхуэ-
бупсар цIыхухэракъым, Тхьэращ.

5А псалъэхэр щызэхихым, къытехуэри, Ананий и псэр хэкIащ.
Къэхъуар зэхэзыха псори шынагъуэшхуэм зэщIиубыдащ. 6ЩIа-
лэ ныбжьыщIэ гуп къакIуэщ, хьэдэм джэбын ирашэкIщ, унэм
щIахри щIалъхьэжащ.

7Сыхьэтищ хуэдиз дэкIа нэужь, къэхъуар имыщIэу, Ананий
и щхьэгъусэр унэм щIыхьэжащ.

8– КъызжеIэ, – жриIащ Петр абы, – щIыр мыпхуэдиз ахъшэ-
кIэ фща?

– Пэжщ, апхуэдиз ахъшэщ зэрытщар, – жиIащ цIыхубзым.

9 – Сыт Зиусхьэным и Псэ ЛъапIэр вгъэунэхуну фыщIызэгу-
рыIуар? – жриIащ Петр абы. – Мис, уэ уи щхьэгъусэм и хьэдэр
щIэзылъхьэжахэр къыщIохьэ, уэ уи хьэдэри щIахынущ.

4:36 хытIыгу – еплъ 2:11.

[10]Петр и лъабжьэм къыщIэхуэри, цIыхубзым и псэр хэкIащ
асыхьэтым. ЩIалэ ныбжьыщIэхэр унэм къыщыщIыхьэм, абы и
хьэдэм кърихьэлIащ. Хьэдэр унэм щIахщ, дахри, и щхьэгъусэм
бгъуралъхьэжащ.
[11]Члисэ зэхуэсым щыщ псори, къэхъуар зэхэзыха псори
шынагъуэшхуэм зэщIиубыдащ.

*Апостолхэм нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэ куэд зэрагъэлъэгъуари*
*Iуэху телъыджэ куэд зэралэжьари*

[12]ЦIыхухэм я пащхьэм нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэ куэд щагъэ-
лъагъуэрт икIи Iуэху телъыджэ куэд щалэжьырт апостолхэм.
ФIэщхъуныгъэ зиIэ псори зэгурыIуауэ, Сэлмэн пащтыхьым и
цIэр зезыхьэ, щхьэ зытелъ сэххэр зиIэ пщIантIэм щызэIущIэрт.
[13]ЦIыхухэр фIэщхъуныгъэ зиIэхэм яхыхьэну тегушхуэртэкъым,
ауэ абыхэм пщIэ хуащIырт. [14]ЦIыху нэхъыбэ, цIыхухъуи цIы-
хубзуи, Зиусхьэнымкlэ фIэщхъуныгъэ яIэ хъуурэ, абыхэм ягухьэ
зэпытт. [15]Арати, Петр щыблэкIкIэ, нэгъуэщI мыхъуми, и ныб-
жьыр сымаджэхэм къатридзэн щхьэкIэ, цIыхухэм я сымаджэхэр
пIэхэм зэрилъу, е алэрыбгъухэм телъу къахьырти, уэрамхэм
къыдалъхьэрт. [16]Ерусалим и гъунэгъу къалэхэми цIыху куэд
къикIырти, я сымаджэхэмрэ жин бзаджэхэм зэщIаубыдахэмрэ
къахьырт, апостолхэм а псори ягъэхъужырт.

*Журт пашэхэм апостолхэр къызэрырахуэкIар*

[17]Дин пашэшхуэми дин пашэшхуэм и гъусэ псоми я гум фы-
гъуэр къихьащ итIанэ. Дин пашэшхуэм и гъусэхэр динырыла-
жьэ саддукей* гупкIэ зэджэм ящыщт. [18]Апостолхэр яубыдри,
къалэ лъэхъуэщым щIадзащ. [19]Ауэ жэщым Зиусхьэным и ме-
лыIычым лъэхъуэщым и бжэхэр Iуихщ, ахэр къыщIишыжри,
жиIащ:
[20] – ФыкIуэжи, Тхьэм и унэшхуэм фыщIыхьэ, мы гъащIэщIэ
лъапIэм и хъыбар псори цIыхухэм яхуэфIуэтэж.
[21]Апостолхэр абы едаIуэщ, нэху щыщым Тхьэм и унэшхуэм
щIыхьэри, а хъыбарыр цIыхухэм хуаIуатэу щIадзащ.

5:17 саддукей – еплъ Маттэ 3:7.

Дин пашэшхуэмрэ абы и гъусэхэмрэ къыщыкIуэм, Тхьэмадэ
Хасэшхуэм щыщхэр (израилхэм я нэхъыжьхэращ) къызэхуа-
шэсри, апостолхэр кърагъэшэну хъумакIуэхэр лъэхъуэщым
ягъэкIуащ. [22]ХъумакIуэхэр лъэхъуэщым щынэсым, апостолхэр
абы щIагъуэтакъым. Арати, къагъэзэжри жаIащ:

[23] – Лъэхъуэщыр быдэу гъэбыдауэ, хъумакIуэхэри бжэхэм
Iуту дрихьэлIащ, ауэ бжэхэр Iутхыу дыщыщIыхьэм, зыри щIэд-
гъуэтакъым.

[24] Тхьэм и унэшхуэм и хъумакIуэхэм я пашэхэмрэ дин пашэ-
шхуэхэмрэ ар щызэхахым, зыхуахьынур ящIакъым.

[25] Абы ирихьэлIэу зыгуэр къакIуэри, хъыбар къахуихьащ:

– Фэ лъэхъуэщым щIэвдза цIыхухэр Тхьэм и унэшхуэм
щIэтщ, цIыхухэм Тхьэм и псалъэхэр хуаIуатэри.

[26] Ар щызэхахым, хъумакIуэхэм я пашэр, цIыхухъухэр и гъу-
сэу, кIуэри, апостолхэр залымыгъэ кIэлъызэрамыхьэу къашащ,
цIыхухэр мывэкIэ къеуэурэ яукIынкIэ шынэрти.

[27]Апостолхэр къашэри, Тхьэмадэ Хасэшхуэм и пащхьэм ира-
гъэуващ. Дин пашэшхуэр еупщIу щIидзэри, мыпхуэдэу жиIащ:

[28] – «Мы лIым и цIэкIэ цIыхухэм зыри евмыгъащIэ!» жытIэ-
ри, унафэ быдэ фхуэтщIатэкъэ? Ауэ фэ цIыхухэм евгъэщIа Iуэху-
хэр Ерусалим дэз хъуащ. Мы лIым и лъыр къыттевгъэхуэну
фигу илъщ иджы.

[29] – ЦIыхухэм нэхърэ Тхьэм нэхъ дедэIуэн хуейщ, – жэуап
къатыжащ Петррэ адрей апостолхэмрэ. [30]– Ди адэжьхэм я Тхьэм
Хьисэ лIахэм къахигъэтэджыкIыжащ. Ар фэ пкъом ефIулIри
вгъэлIащ. [31]Израил цIыхухэм ятелъ гуэныхьхэмкIэ щIригъэ-
гъуэжу, ахэр къахуигъэгъун щхьэкIэ, Тхьэм Хьисэ Зиусхьэну
икIи КъегъэлакIуэу уафэм дришеижри, езым и ижьырабгъумкIэ
зыбгъэдигъэтIысхьащ. [32]Дэри Тхьэм и Псэ ЛъапIэри а Iуэху
псоми дращыхьэтщ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэр абы едаIуэ цIыхухэм
я гум кърелъхьэ.

[33]Тхьэмадэ Хасэшхуэм щыщхэм ар щызэхахым, къызэщIэп-
лъэри, апостолхэр яукIыну хэтащ. [34]Ауэ Гамалиил и цIэу, цIыху
псоми щIыхь зыхуащI фарисей икIи торэт егъэджакIуэ пашэ
гуэр Тхьэмадэ Хасэшхуэм хэсти, къэтэджри, апостолхэр пэшым
щIашыну унафэ ищIащ. [35]Тхьэмадэ Хасэшхуэм щыщхэм
яжриIащ итIанэ:

– Израил цIыхухэ, мы лIыхэм ефщIэнум фIыуэ фегупсыс,
[36] сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Февдэ и цIэу лIы гуэр зэрыпсэурэ куэд

щIакъым. Абы цIыху ин гуэру закъыфIигъэщIурэ, лIы щиплI
хуэдизи гъусэ къыхуэхъуащ, арщхьэкIэ ар яукIащ, и гъусэхэри
зэбгрыкIыжри кIуэдыжащ. [37]Абы и ужькIэ, цIыхухэр щабж
гъэм, Галилей хэкум щыщу Иудэ зи цIэ лIыр къежьэри, цIыху
куэд гъусэ къыхуэхъуащ. ЦIыхухэм ари яукIри, и гъуса псори
зэбгрыкIыжащ. [38]Мыр нывжызоIэ иджы: Мы лIыхэм я ужь
фикIи, щхьэхуиту футIыпщыж. Абыхэм я мурадри я Iуэхури
къызыбгъэдэкIыр цIыхухэрауэ щытмэ, кIуэдыжынущ. [39]Ауэ я
Iуэхур къызыбгъэдэкIыр Тхьэрауэ щытмэ, ахэр къэвгъэувыIэн
флъэкIынукъым. Фызыхуэсакъыж, Тхьэм фызэрыпэувыр къы-
щIэщыжынкIи мэхъу.

[40]Арати, мис а Гамалиил жиIам едэIуащ. Апостолхэр
къраджэжри, щIопщкIэ еуащ итIанэ. Хьисэ и цIэкIэ цIыхухэм
зыри жрамыIэну унафэ хуащIри, яутIыпщыжащ абы и ужькIэ.

[41]Апхуэдэу щыхъум, цIыхухэр абыхэм Хьисэ и цIэкIэ къе-
къуэншэкIыну Тхьэм къазэрыхуигъэхуэфэщамкIэ гуфIэу,
апостолхэр Тхьэмадэ Хасэшхуэ унэм къыщIэкIыжащ. [42]Тхьэм
и унэшхуэми я унэхэми цIыхухэм Тхьэм и псалъэхэр щрагъащIэ,
хъыбарыфIу Хьисэ Мэссихьу зэрыщытыр цIыхухэм хуаIуатэ
зэпытт махуэ къэси.

# 6-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*КъадэIэпыкъун лIибл апостолхэм къызэрыхахар*

ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр нэхъ куэд щыхъум, алы-
джыбзэкIэ псалъэ журтхэм,* зи бзэкIэ псэлъэж журтхэм* яхуэ-
тхьэусыхэу, жаIащ а махуэхэм:

– Махуэ къэс шхын щывгуэшкIэ, ди фызабэхэм нэмыплъ
ивот.

[2]Арати, апостол пщыкIутIым ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ
псори къраджэри, жаIащ:

– Шхын гуэшыным щхьэкIэ Тхьэм и псалъэхэм цIыхухэр
едгъэдэIуэныр зэпыдгъэу хъунукъым. [3]Апхуэдэу зэрыщытым

6:1 алыджыбзэкIэ (грекыбзэкIэ) псалъэ журтхэр – ахэр Палестинэ къэралым щы-мыщхэрт.

6:1 зи бзэкIэ псэлъэж журтхэр – ахэр Палестинэм щыщхэрт.

щхьэкIэ, ди къуэшхэ, цIыху псоми щIыхь хуащIу, Тхьэм и Псэ
ЛъапIэр икъукIэ я гум илъу, акъылыфIагъэ зиIэ лIибл фэ фщы-
щу къыхэфх. Мы Iуэхур я пщэм дэтлъхьэнщ абыхэм. 4Тхьэм
елъэIунми Тхьэм и псалъэхэм цIыхухэр щIэгъэдэIунми зэпы-
мыууэ дыхэтынущ дэ.

5Абдеж кърихьэлIа псоми ягу ирихьащ а псалъэхэр. Арати,
фIэщхъуныгъэмрэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэмрэ хуабжьу зи гум илъ
Стефан къыхахащ. Абы нэмыщI, Филипп, Прохор, Никан, Ти-
мон, Пармен, къинэмыщIауэ Антиохие къалэм щыщу журт хъуа
Николай сымэ къыхахащ. 6 Апостолхэм я пащхьэм ирагъэуващ
ахэр. Апостолхэр Тхьэм елъэIури, я Iэхэр абыхэм я щхьэм
тралъхьащ.*

7Арати, Тхьэм и псалъэхэм а лъэныкъуэмкIэ ину зыщауб-
гъурт. ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм я бжыгъэм Ерусалим
куэд щыхэхъуащ. Дин пашэхэм ящыщ куэдми фIэщхъуныгъэ
яIэ хъуащ.

*Стефан зэраубыдар*

8Стефан Тхьэм и нэфIыр ину зыщыхуауэ, лъэкIыныгъэшхуэ
зиIэ цIыхуу щытащ. Абы Iуэху телъыджэхэр илэжьырт, нэщэнэ
гъэщIэгъуэныщэхэри цIыхухэм я пащхьэм щигъэлъагъуэрт.
9Щхьэхуитыныгъэ зиIэ хъуауэ* жыхуаIэ лIыхэм я синэгуэгум
щыщхэм (ахэр Кириние, Александрие къалэхэм, Киликие, Асие
хэкухэм щыщт) Стефан еныкъуэкъуу щIадзащ. 10Ауэ Стефан и
акъылыфIагъэм щхьэкIи, и псалъэхэр Тхьэм и Псэ ЛъапIэм
зэрыжригъэIам къыхэкIкIи пэлъэщын ялъэкIытэркъым.

11 Апхуэдэу щыхъум, абыхэм зыгуэрхэм мыпхуэдэу жра-
гъэIащ:

– Мы лIыр Мусэ бегъымбарымрэ Тхьэмрэ хущIэджэу зэхэт-
хащ.

12 Ар щызэхахым, цIыхухэри, нэхъыжьхэри, торэт егъэ-
джакIуэ пашэхэри а псалъэхэм къызэщIагъэплъащ. Абыхэм
яубыдри, Стефан Тхьэмадэ Хасэшхуэм и пащхьэм ирашащ.

---

6:6 я Iэхэр абыхэм я щхьэм тралъхьащ – апхуэдэу щIащIар а Iуэхур а лIыхэм я пщэм далъхьэн икIи абыхэм а Iуэхур ягъэзэщIэн папщIэ, Тхьэм и нэфIыр къащыхуэн щхьэкIэщ.

6:9 щхьэхуитыныгъэ зиIэ хъуахэр – пщылIу щыта журту щхьэхуитыныгъэ зы-гъуэтыжахэрщ.

[13]Щыхьэт нэпцIхэри къашащ. А щыхьэт нэпцIхэм мыпхуэдэу
жаIащ:

– Мы лIыр мы щIыпIэ лъапIэмрэ Торэт хабзэмрэ хущIэджэ
зэпытщ. [14] Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Назарет щыщ Хьисэ мы щIы-
пIэр зэхикъутэнущ, Мусэ бегъымбарым къытхуигъэна хабзэ-
хэри зэрихъуэкIынущ – аращ мы лIым жиIэу дэ зэхэтхар.

[15] Тхьэмадэ Хасэшхуэм щыщ псоми я нэхэр Стефан трау-
быдащ. Абы и нэкIур мелыIыч нэкIум хуэдэ къащыхъуащ.

# 7-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Стефан Тхьэмадэ Хасэшхуэм и пащхьэм къызэрыщыпсэльар*

Дин пашэшхуэр Стефан еупщIащ итIанэ:

– Мы цIыхухэм уэр щхьэкIэ жаIэр пэж?

[2] – Ди къуэшхэри ди адэхэри фыкъэдаIуэ! – жиIащ Стефан.
– Ди адэшхуэ Ибрэхьим Харан къалэм дэтIысхьэн и пэкIэ, щIы-
хьышхуэ зиIэ Тхьэр абы Месопотамием къыщыхуэлъэгъуащ.
[3]Тхьэм мыпхуэдэу къыжриIащ:* «Уэ уи къэралми уи благъэхэми
яхэкIи, сэ пхуэзгъэлъэгъуэну къэралым кIуэ!»

[4] – Арати, Ибрэхьим Халдей хэкум икIщ, Харан къалэм
кIуэри дэтIысхьащ. И адэр лIа нэужь, фэ фызэрыс мы къэра-
лым Тхьэм къигъэкIуащ. [5]Тхьэм Ибрэхьим мылъку зыри къыщ-
ритакъым мыбы, щIым щыщи лъакъуапIэ хуэдиз къритакъым.
Ауэ Ибрэхьим а зэманым бын имыIа пэтми, мы къэралыр езым-
рэ езым къытехъукIыну цIыхухэмрэ къэрал яхуэхъуну Тхьэм
къигъэгугъащ. [6]Тхьэм мыпхуэдэу жиIащ:* «Уэ къыптехъукIыну
цIыхухэр хамэ къэралым илъэс щиплIкIэ щыпсэунущ, цIыхухэм
ахэр ягъэпщылIурэ, хьэкIэкхъуэкIагъэ кърахынущ. [7]Ауэ ахэр
зыгъэпщылI лъэпкъым сэ езгъэпшыныжынущ. Уэ къып-
техъукIыну цIыхухэр а къэралым къикIыжынурэ, мы щIыпIэм
сыщагъэлъэпIэнущ абы и ужькIэ». [8]Тхьэм езымрэ Ибрэхьимрэ
яку зэгурыIуэныгъэ зэрыдилъхьам и дамыгъэу Ибрэхьим сунэт

---

7:3 Тхьэм … къыжриIащ – еплъ 1 Мусэ 12:1.

7:6-7 Тхьэм … жиIащ – еплъ 1 Мусэ 15:13-14.

щIыныр къыхуигъэнащ. Ибрэхьим Исхьэкъ къыхуэхъури, ар
еянэ махуэм сунэт ищIащ. И ныбжь щынэсым Исхьэкъ къишэ-
ри, Екъуб къыхуэхъуащ. Екъуб ди адэшхуэ пщыкIутIым адэ
яхуэхъуащ.

[9] – Ауэ ди адэшхуэхэр я къуэш Исуф ефыгъуэрти, Мысырым
пщылIу яшэну лIы гупым иращащ. Тхьэр Исуф и гъусэти, [10]ар
гугъуехь псоми къыхишыжащ. Тхьэм Исуф акъылыфIагъэ
къритри, Мысырым и пащтыхь Фирхьэун зи цIэм и нэфI къыщ-
ригъэхуащ. Фирхьэуным Мысырри езым и сэрейри зэрихьэну
Исуф IэщIилъхьащ.

[11] – Гъаблэшхуэрэ гузэвэгъуэшхуэрэ Мысыр къэрал псоми
Ханаан къэралми къыщыхъуащ абы и ужькIэ. Ди адэшхуэхэм
шхын ягъуэтыртэкъым. [12]Мысырым гъавэ щыIэу щызэхихым,
Екъуб ди адэжьхэр абы игъэкIуащ. [13]И къуэшхэр Мысырым
етIуанэу къыщыкIуэм, Исуф закъригъэцIыхужащ. Фирхьэунми
Исуф и унагъуэр зригъэцIыхуащ. [14]Исуф и къуэшхэр игъакIуэри,
и адэ Екъубым хъыбар хуригъэхьащ езы Екъуби и унэкъуэщ-
хэри, цIыху блыщIрэ тхурэ хъууэ, Мысырым къэкIуэну. [15]Екъуб
Мысырым кIуащ. Абы езыри ди адэжьхэри щылIащ. [16]Абыхэм
я хьэдэхэр Сихэм къалэм яхьыжри, Ибрэхьим дыжьын ахъ-
шэкIэ Хъамор и къуэхэм я деж къыщищэхуа кхъэлэгъунэм
щIалъхьэжащ.

[17]– Тхьэм Ибрэхьим къызэригъэгугъар щигъэщыпкъэжын
зэманыр нэхъ къэблэгъэху, ди лъэпкъыр Мысырым зэпымыууэ
нэхъыбэ щыхъурт; [18]абы тетащ Исуф зымыцIыху нэгъуэщI лIы
гуэр пащтыхь хъуху. [19]А пащтыхьым ди цIыхухэм хьэгъэщагъэ
къакIэлъызэрихьэрт, ди цIыхухэм я сабийхэр имыгъэпсэун
щхьэкIэ, ахэр хыфIригъэдзэжурэ ди адэжьхэм хьэкIэкхъуэ-
кIагъэ къакIэлъызэрихьэрт.

[20]– Мусэ бегъымбарыр къалъхуащ а зэманым. Ар Тхьэм деж-
кIэ сабий дахэт. Адэм и унэм мазищкIэ щапIа нэужь, губгъуэм
яхьри къранащ. [21]Губгъуэм къыщранэм, фирхьэуным и пхъум
ихьри, ар и къуэ хуэдэ ипIащ. [22]Мысыр цIыхухэм акъылы-
фIагъэу яIэу щыта псори Мусэ ирагъэщIащ, Мусэ и псалъэкIи
илэжьа IуэхукIи лъэкIыныгъэ зиIэ цIыху хъуащ.

[23]– Мусэ и ныбжьыр илъэс плIыщIым щынэсым, и къуэш
израил цIыхухэр зригъэлъагъуну мурад ищIащ. [24]Мысырым
щыщ лIы гуэр израил лIыхэм ящыщ гуэрым екъуэншэкIыу
щилъагъум, дэIэпыкъуэгъу хуэхъущ, къуаншагъэ зыщIар ищIам

пэкIуэу иубэрэжьри иукIащ. [25]Мусэ и къуэшхэм зэхащIыкIыну
и гугъат Тхьэм езым ахэр гугъуехьым къызэрыхригъэшыжынур,
ауэ зэхащIыкIакъым. [26]И къуэшхэм ящыщу цIыхуитI зэзауэу
Мусэ етIуанэ махуэм щилъагъум, ахэр зэригъэкIужын щхьэкIэ,
яжриIащ: «Фэ лIитIыр фызэкъуэшщ, сыт зыр адрейм фыщIе-
къуэншэкIыр?»

[27] – Ауэ и къуэшым екъуэншэкIым Мусэ къыIуидзури, къыж-
риIащ: «Хэт уэ пашэ укъытхуэхъуну икIи хьэкум къыттеп-
щIыхьыну укъэзыгъэувар? [28]Дыгъуасэ мысыр лIыр зэрыбукIам
хуэдэу, сыбукIыну ухуейуэ ара?» [29]А псалъэхэр щызэхихым,
щIэпхъуэжщ, Мадиам къэралым кIуэри, Мусэ абы щыпсэуащ.
Абы къуитI къыщыхуэхъуащ.

[30] – Илъэс плIыщI дэкIа нэужь, Синай бгым деж губгъуэ
нэщIым итрэ мафIэ зыщIэна пыжь банэм* хэту, мелыIыч гуэр
Мусэ и пащхьэм къихутащ. [31]Ар щилъагъум, Мусэ игъэщIэ-
гъуащ. Нэхъ IупщIу еплъыну щекIуалIэм, Зиусхьэным и ма-
къыр къэIуащ: [32]«Уэ уи адэжьхэм я Тхьэуэ Ибрэхьими, Исхьэ-
къи, Екъуби я Тхьэр сэращ». Шынэри, Мусэ абы еплъын тегу-
шхуакъым.

[33] – Зиусхьэным къыжриIащ: «Уи вакъэхэр зыщых, сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ узытет щIыгур щIыгу лъапIэщ. [34]Сэ си лъэп-
къыр Мысырым гузэвэгъуэ зэрыщыхэтыр слъэгъуащ, я гузасэ
макъхэри зэхэсхащ. Ахэр гугъуехьым къыхэсшыжыну сыкъехащ
сэ. Уэ Мысырым узгъэкIуэжынущ».

[35] (Стефан щIигъужащ:) – Абыхэм «Хэт уэ пашэ укъыт-
хуэхъуну икIи хьэкум къыттепщIыхьыну укъэзыгъэувар?» зыж-
раIэу ямыдэгъа Мусэ хъужыращ ар. А Мусэ дыдэращ абыхэм
пашэ яхуэхъунуи щхьэхуит ищIынуи Тхьэм къигъэкIуар, пыжь
банэм хэту Мусэ къыхуэлъэгъуа мелыIычым и дэIэпыкъуэ-
гъукIэ. [36]Мусэщ израил цIыхухэр Мысырым къизышыжар,
Мысырми, Хы Плъыжьми, губгъуэ нэщIми илъэс плIыщIкIэ
Iуэху телъыджэхэри щызылэжьар, нэщэнэ гъэщIэгъуэнычэхэри
къыщызыгъэлъэгъуар. [37]А Мусэращ израил цIыхухэм яжезыIар:
«Фэ фи къуэшхэм ящыщу, сэ схуэдэу, бегъымбар гуэр Зиусхьэну
Тхьэм къыфхуигъэкIуэнущ». [38]А Мусэрщ губгъуэ нэщIым
щызэIущIа ди адэжьхэм яхэтар. Мусэ Синай бгыщхьэм къы-

7:30-34 мафIэ зыщIэна пыжь банэр – еплъ 2 Мусэ 3:1-10.

щепсэлъа мелыIычым и гъусащ; мыкIуэдыжын псалъэхэри,
ди деж къихьэсын папщIэ, къыIэщIыхьащ Мусэ.
[39] – Ауэ ди адэжьхэм Мусэ едэIуэн ядакъым. Мусэ зрамыпэсу,
я гур МысырымкIэ плъэ хъуащ. [40]Абыхэм Хьэрун жраIащ:*
«Дяпэ иту яхьыну тхьэ сурэтхэр тхуэщI! Мысырым дыкъизы-
шыжа Мусэ къыщыщIар тщIэркъым». [41]ШкIэ теплъэ зиIэ тхьэ
нэпцI а махуэхэм ящIри, абы къурмэн хуаукIащ. Тхьэ нэпцI
IэрыщIхэм щыгуфIыкIыу, абыхэм ефэ-ешхэшхуэ ящIащ. [42]Ауэ
Тхьэм и щIыб абыхэм къахуигъазэри, ахэр езым и пIэкIэ уафэм
и вагъуэхэм хуэлэжьэну къигъэнащ, бегъымбархэм я тхылъым
зэритым хуэдэу:*

«Фэ, израил цIыхухэр, илъэс плIыщIкIэ
губгъуэ нэщIым фыщитым,
къурмэныпхъэу фIэвгъэжар
сэра зыхуэвукIар?
[43] Хьэуэ, сэракъым къурмэн зыхуэфщIу щытар,
атIэ фэ къыздефхьэкIыу щытар фи тхьэ нэпцIу
Молох* зи цIэм и тхьэлъэIупIэ шэтырыращ,
фи тхьэ нэпцIу Ремфан* и вагъуэм и сурэтырщ.
Ахэращ фызэлъэIуну фщIа тхьэ нэпцIхэр.
Аращи, Бабилэн къалэшхуэм нэхърэ
нэхъ жыжьэ фи бийхэм фезгъэшэнущ».

[44] – Ди адэжьхэм щыхьэтыгъэм и тхьэлъэIупIэ шэтырыр*
губгъуэ нэщIым щаIэт. А шэтырыр Тхьэм Мусэ унафэ къызэ-
рыхуищIам тету ящIыгъащ, Мусэм илъэгъуа шэтырым ещхьу.
[45] Ди адэжьхэм къащIэна шэтырыр къыздахьащ абы и ужькIэ.
Тхьэм абыхэм я пащхьэм хамэ лъэпкъхэр ирихуурэ, Нун и
къуэ Ехьошуа* ди адэжьхэм я пашэу, а лъэпкъхэм я къэралыр

---

7:40 абыхэм … жраIащ – еплъ 2 Мусэ 32:1,23.

7:42-43 бегъымбархэм я тхылъым зэритым хуэдэу – еплъ Амос бегъымбарым и тхылъым 5:25-27.

7:43 Молох – Аммон лъэпкъым и тхьэ нэпцIырщ. Аммон лъэпкъыр Иорданыпсым и къуэкIыпIэмкIэ щыпсэуащ.

7:43 Ремфан – пасэрей тхьэ нэпцIхэм ящыщу, уафэ пкъыгъуэу Сатурн зи цIэм и тхьэу къалъытэу щытаращ.

7:44 щыхьэтыгъэм и тхьэлъэIупIэ шэтырыр – израил цIыхухэм губгъуэ нэщIым къыщакIухь щыхъум, Тхьэм и унэм хуэдэу зы шэтыр зыдахьыгъат. Тхьэр зэрагъу-сэмкIэ а шэтырыр щыхьэт яхуэхъуу щытат. Еплъ 2 Мусэ 36:8-38.

7:45 Нун и къуэ Ехьошуа – Исус Навин арщ.

къыщытрахым, а шэтырыр къыздахьащ. Даут пащтыхьым и
махуэхэм нэсыху, шэтырыр а къэралым къинащ итIанэ. [46]Тхьэм
и нэфIыр Даут къыщыхуащ. Ар Тхьэм елъэIуащ: «Уэ Екъуб
ури-Тхьэщ, унэшхуэ пхуэсщIыну хуит сыщI», жиIэурэ. [47]Ауэ
Сэлмэн пащтыхьырщ Тхьэм унэшхуэ хуэзыщIар.

[48] – Ауэ цIыхухэм я унэ IэрыщIым щIэскъым Тхьэуэ Лъагэр.
Зиусхьэным къызэрыжиIэр бегъымбарым и тхылъым зэритым
хуэдэущ:*

[49] «Уафэращ сэ си пащтыхь тахъгэр,
щIылъэращ си лъэгущIэтыныр.
Сыт хуэдэ унэ схуэфщIынур?
Дэнэ щыIэ зыщызгъэпсэхужын щIыпIэр?
[50] Мы псори къэзыгъэщIар сэракъэ?»

[51] – ЦIыху ерыщхэ! Фэ фигухэмкIи фи тхьэкIумэхэмкIи Тхьэр
зымыщIэ цIыхухэм фахуэдэщ. Фэ, фи адэжьхэм ещхьу, Тхьэм
и Псэ ЛъапIэм фыпэув зэпытщ. [52]Фэ фи адэжьхэм къэрамыхуэкIа
бегъымбар щыIа? Щыпкъагъэ ЗиIэр дунейм къызэрытехьэнур
цIыхухэм яхуэзыIуатэхэри яукIащ. Фэри тепщэныгъэ зиIэхэм
ар евгъэубыдри, евгъэукIащ. [53]МелыIычхэм Торэт хабзэр
къызыIэщIалъхьар фэращ. Апхуэдэу щыт пэтми, Торэт хабзэм
итыр фэ вгъэзащIэркъым.

*МывэкIэ еуэурэ, Стефан зэраукIар*

[54]Тхьэмадэ Хасэшхуэм щыщхэм Стефан жиIэм здедаIуэм,
къызэрыгъэплъурэ, я дзэхэр зэрагъэшхырт. [55]Ауэ Тхьэм и Псэ
ЛъапIэр Стефан и гум хуабжьу хыхьэщ, ар уафэм дэплъейри,
Тхьэм и щIыхьышхуэри Тхьэм и ижьырабгъумкIэ Хьисэ зэры-
щытри къилъэгъуащ.

[56] – Феплъ, – жиIащ Стефан, – уафэхэр зэIухауэ, ЦIыху Лъэп-
къым и Къуэр Тхьэм и ижьырабгъумкIэ бгъэдэту солъагъу.

[57]Ар щызэхахым, абыхэм я тхьэкIумэхэр IуапIэри, зэрыгъэ-
кIийурэ къебгъэрыкIуащ. [58]Стефан къалэм далъэфри, мывэкIэ

---

7:48-50 бегъымбарым и тхылъым зэритым хуэдэущ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 66:1-2.

еуэурэ яукIыу щIадзащ. Щыхьэтхэм я щыгъынхэр Щаул* зи цIэ щIалэ гуэрым и лъакъуэхэм деж щагъэтIылъащ.

[59]ЯукIын мурад яIэу мывэкIэ къеуэу щыщIадзэм, Стефан лъэIуащ:

– Зиусхьэн Хьисэ , си псэр сIых!

[60]Лъэгуажьэмыщхьэу тIысри, макъышхуэкIэ жиIащ итIанэ:

– Зиусхьэн, мы гуэныхьыр мы цIыхухэм я пщэм думылъхьэ!

Ар жиIэри, и псэр хэкIащ.

# 8-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Стефан зэраукIар Щаул фIэзахуэщ.

*Члисэ зэхуэсым щыщхэр Щаул къызэрихуэкIыу зэрыщытар*

Члисэ зэхуэсым щыщу Ерусалим дэсхэр хуабжьу къызэрахуэкIыу щIадзащ цIыхухэм а махуэ дыдэм. Апостолхэм нэмыщI, фIэщхъуныгъэ зиIэ псори Иудей, Самарие хэкухэм щызэбгрыкIащ. [2] Тхьэм и фIэлIыкIыр зи гум илъ цIыхухэм Стефан щIалъхьэжри, хьэдагъэшхуэ хуащIащ. [3] Щаул члисэ зэхуэсым щыщхэр игъэкIуэдыну хэтт. Зы унэм щIэкIмэ, адрей унэм щIыхьэурэ, фIэщхъуныгъэ зиIэ цIыхухъухэри цIыхубзхэри езым и цIыхухэм лъэщыгъэкIэ иригъэубыдурэ лъэхъуэщым щIригъадзэрт.

*Филипп хъыбарыфIыр Самарие хэкум цIыхухэм щахуиIуатэу зэрыщытар*

[4]ЗэбгрыкIа цIыхухэм къакIухьурэ, хыбарыфIыр яIуатэрт.
[5]Филипп* Самарие хэкум* щыщ къалэ гуэрым кIуэри, абы дэс цIыхухэм Мэссихь теухуа хъыбарыр яхуиIуэтащ. [6]ЦIыхубэр

---

7:58 Щаул – апостол Паул и цIэр журтыбзэкIэ Щаул мэхъу.

8:5 Филипп – апостолхэм езыхэм къадэIэпыкъуну хаха лIиблым языхэзщ. Еплъ 6:5.

8:5 Самарие хэкур – еплъ Маттэ 10:5.

Филипп и псалъэхэм едаIуэурэ, абы илэжьа Iуэху телъыджэхэр
щалъагъукIэ, и псалъэхэр я гум хыхьэрт; [7]сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
цIыху куэд зыIыгъ жин бзаджэхэр кIийуэ яхэкIырт, зи пкъыуэ
хъуа цIыху куэди лъашэхэри Филипп игъэхъужырт. [8]А къалэр
гуфIэгъуэшхуэм зэщIищтащ апхуэдэурэ.

[9]А къалэм Симон зи цIэ гуэр дэст. Зэман зыкъомкIэ удыгъэм
хэтауэ, цIыхушхуэу закъыфIигъэщIурэ, Самарие дэсхэр ихьэ-
хуат абы.

[10] «Мы лIыр Тхьэм и лъэкIыныгъэшхуэу „ЛъэкIыныгъэ Ин“
жыхуаIэращ», жаIэрэ, цIыху псоми, инми цIыкIуми, я гум хы-
хьауэ, Симон жиIэхэм едаIуэрт. [11]УдыгъэкIэ зэрыдихьэхрэ куэд
щIати, абы ахэр ягуапэу едаIуэрт. [12]Ауэ Тхьэм и Тепщэныгъэ-
шхуэм* теухуа хъыбарыфIымрэ Хьисэ Мэссихьым и цIэм теухуа
хъыбарыфIымрэ Филипп ахэр иригъэдаIуэурэ, фIэщхъуныгъэ
яIэ щыхъум, цIыхухъухэми цIыхубзхэми Филипп зрагъэумэ-
хъащ. [13]Езы Симони ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ иIэ хъущ, зри-
гъэумэхъри, Филипп и ужь ит хъуащ. Филипп къигъэлъэгъуа
нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэри илэжьа Iуэху телъыджэхэри щи-
лъагъукIэ, Симон игъэщIагъуэрт.

[14] Ерусалим дэс апостолхэм Самарие цIыхухэм Тхьэм и пса-
лъэхэр къабыл зэращIар щызэхахым, Петррэ Иуанрэ абыхэм
я деж ягъэкIуащ. [15]Абы щынэсым, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр фIэщ-
хъуныгъэ зиIэхэм я гум хыхьэну Петррэ Иуанрэ Тхьэм яхуе-
лъэIуащ; [16] сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр абыхэм
ящыщ зыми иджыри къахуехатэкъым, Зиусхьэну Хьисэ и цIэкIэ
Филипп ахэр иумэхъа къудейт. [17]Апхуэдэу щыхъум, Петррэ
Иуанрэ я Iэхэр абыхэм тралъхьэри, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр а
фIэщхъуныгъэ зиIэхэм я гум илъ хъуащ.

[18]Апостолхэм я Iэхэр тралъхьэу, а цIыхухэм Тхьэм и Псэ
ЛъапIэр я гум илъ зэрыхъуар Симон щилъагъум, апостолхэм
ахъшэ къахуихьри, мыпхуэдэу жиIащ:

[19] – Си Iэхэр цIыху гуэрым щытеслъхьэкIэ, Тхьэм и Псэ Лъа-
пIэр и гум хыхьэн щхьэкIэ, сэри мы лъэкIыныгъэр къызэфт.

[20] – Уэ уи ахъшэри уэри фызэдрекIуэд Тхьэм и тыгъэр къэп-
щэхуфын къызэрыпфIэщIам щхьэкIэ, – жриIащ Петр. [21] – Уэ уи
гур Тхьэм дежкIэ щыпкъэу зэрыщымытым къыхэкIкIэ, мы Iуэ-
хум ущыщкъым, уи Iыхьи хэлъкъым. [22] Арощи, бзаджагъэу
блэжьам хущIегъуэжи, Тхьэм елъэIу. Мыхъун мураду уиIэр
Тхьэм къыпхуигъэгъункIи хъунщ; [23] сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фы-

гъуэныр уэ уи гум хэпщIауэ, бзаджагъэм узэщIиубыдауэ зэрыщытыр солъагъу.

[24] – Фэ жыфIам щыщ зыри къысщымыщIыну Тхьэм фысхуелъэIу, – жиIащ Симон.

[25]Апостолхэр Зиусхьэным щыхьэт хуэхъури, абы и псалъэхэм цIыхухэр ирагъэдэIуа нэужь, Самарие хэкум щыщ жылагъуэ куэдым хъыбарыфIыр цIыхухэм щыхуаIуатэурэ, Ерусалим ягъэзэжащ.

*Филиппрэ Ефиопие къэралым щыщ Iэтащхьэмрэ*

[26] – Тэдж, Ерусалим дэкIи, Газэ къалэм* кIуэ гъуэгум шэджагъуэм деж техьэ, – къыжриIащ Зиусхьэным и мелыIычым Филипп. Ар губгъуэ нэщIым ухуэзышэ гъуэгущ. [27]Арати, Филипп тэджри, гъуэгу техьащ. КIуэурэ, Ефиопие къэралым щыщ лIы гуэр къыIущIащ. А лIыр Ефиопием и пащтыхь Кандакие зи цIэ цIыхубзым хуэлажьэ Iэтащхьэхэм ящыщт. Пащтыхьым и мылъку псори абы и IэмыщIэ илът. А Iэтащхьэр, Тхьэм елъэIун папщIэ, Ерусалим къэкIуат. [28]Ар и къэралым гум ису здэкIуэжым, Ешайа бегъымбарым и тхылъым еджэрт.

[29] – А гум бгъурыхьи, бгъэдэтурэ кIуэ, – къыжриIащ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Филипп.

[30]Гум бгъурыхьэри, а лIыр Ешайа бегъымбарым и тхылъым зэреджэр щилъагъум, Филипп жиIащ:

– Узэджэм къикIыр къыбгурыIуэрэ?

[31] – Зыгуэрым зэхызимыгъэщIыкIмэ, дауэ къызэрызгурыIуэнур? – жиIащ Iэтащхьэм. Ар Филипп елъэIуащ:

– КъыдэкIуеи, къызбгъэдэтIысхьэ.

[32] Тхьэм и псалъэу тхахэм щыщу Iэтащхьэр зэджар мы псалъэхэращ:*

«Мэлым хуэдэу фIагъэжыну яшащ.
Зыщым и пащхьэм щынэр
щэху хъуауэ зэритым хуэдэу,
абыи и жьэр зэтрихакъым.

8:26 Газэ къалэр – Ерусалим километр 85-кIэ пэжыжьэу, абы и ипщэрабгъу – къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ хы Iуфэм Iутщ.

8:32-33 мы псалъэхэращ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 53:7-8.

33 Езыр ягъэпудащ икIи хабзэм
къемызэгъыу хьэкум тращIыхьащ.
А зэманым псэуа цIыхухэм я бзаджагъэр
здынэсыр къипщын зылъэкIынур хэт?
Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ и псэр
мы дунейм щыхахащ».

34 – КъызжепIэну сынолъэIу: Бегъымбарыр зытепсэлъыхьыр
хэт? Езыра хьэмэрэ нэгъуэщI гуэр? – еупщIащ Iэтащхьэр Филипп.

35 Апхуэдэу къыщеупщIым, Филипп Тхьэм и псалъэу тхахэм
хэт а псалъэ дыдэхэмкIэ къыщIидзэри, Хьисэ теухуа хъыбарыфIыр Iэтащхьэм хуиIуэтащ.

36 Гъуэгум ирикIуэурэ, псы гуэр деж нэсауэ, Iэтащхьэм жиIащ:

– Мис псы. Сыбумэхъ* хъунукъэ?

37 – Уигу псомкIи фIэщхъуныгъэ уиIэмэ, узумэхъ хъунущ, –
жриIащ Филипп.

– Хьисэ Мэссихь Тхьэм зэри-КъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ сиIэщ,
– жиIащ Iэтащхьэм.

38 Iэтащхьэм гущхьэIыгъым къригъэгъэувыIэщ, Iэтащхьэмрэ
Филиппрэ псым хыхьэри, Филипп Iэтащхьэр иумэхъащ. 39 Псым
къызэрыхэкIыжу, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Филипп нэгъуэщI
щIыпIэ гуэрым напIэзыпIэм ихьащ, Iэтащхьэми Филипп илъагъужакъым. ГуфIэгъуэм хэту, Iэтащхьэр и гъуэгу техьэжащ.
40 Филипп Азот къалэм* къыщыхутащ. Кесарие къалэм* нэсыху,
хъыбарыфIыр цIыхухэм щахуиIуатэурэ, къалэ псори къызэхикIухьащ.

8:36 умэхъыныр – еплъ Маттэ 3:1.

8:40 Азот къалэр – Газэ къалэмрэ Иоппие къалэмрэ яку дэту хы Iуфэм Iутщ.

8:40 Кесарие къалэр – Ерусалим километр 90-кIэ пэжыжьэу, и ищхъэрабгъу–кIухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ хы Iуфэм Iуту, Палестинэ къэралым и къалэшхуэу щытащ. Рим Iэтащхьэр а къалэм дэсащ.

# 9-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ и гъуэгум Щаул зэрытехьар*
*(Апостол 22:6-16; 26:12-18)*

Щаул ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр хуабжьу игъэбийуэ,
«Хьисэ и гъуэгум фытемыкIмэ, фыдукIынущ» яжриIэ зэпытт.
Дин пашэшхуэм деж кIуэри елъэIуащ:
2 – Дамаск къалэм щыIэ синэгуэгухэм тхылъ яхуэтхи, къызэт.

Щаул апхуэдэу щIыжиIар Хьисэ и гъуэгу тетхэр Дамаск къы-
щигъуэтмэ, цIыхухъуми цIыхубзми, Iэпхлъэпх иригъэщIурэ
Ерусалим къригъэшэну арат. 3 Гъуэгум тетурэ, Дамаск гъунэгъу
щыхуэхъум, уафэм нэхугъэ гуэр напIэзыпIэм къехри, Щаул
къиухъуреихьащ. 4 ЩIым теджалэри, макъ гуэрым къыжриIэу
зэхихащ Щаул:
– Щаул, Щаул, сыт гугъу сыщIебгъэхьыр?
5 – Уэ ухэт, Зиусхьэн? – жиIащ Щаул.
– Хьисэ гугъу ебгъэхьыр сэращ, – жиIаш абы, – выр зейм и
баш кIыхь папцIэм выр къызэрелъэкъуауэм хуэдэу пщIымэ, уи
щхьэм лей ибохыж. 6 Къэтэджи, къалэм дыхьэ. Уэ пщIэн хуейр
зыгуэрым къыщыбжиIэнущ абдежым.
7 Щаул и гъусэхэр зы псалъэ яхужымыIэрэ я пIэм ижыхьауэ
къэнащ. Макъыр зэхахат, ауэ цIыху зыри ялъэгъуакъым. 8 Щаул
къэтэджри, и нэхэр къызэтрихыжащ, ауэ абыхэм зыри ялъа-
гъужыртэкъым. Арати, Щаул и Iэр яIыгъыу Дамаск дашащ.
9 Щаул махуищкIэ зыри имылъагъужу щытащ, а зэманым
къриубыдэу зыри ишхакъым, ирифакъым.
10 ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм ящыщу Ананий зи цIэ гуэр
Дамаск дэст. Зиусхьэныр абы къыхуэхутэри къеджащ:
– Ананий!
– Сэращ, Зиусхьэн, – иритыжащ жэуап Ананий.
11 – Тэджи, «Уэрам ЗанщIэ» жыхуаIэ уэрамым тет Иудэ и
унэм кIуэ, – къыжриIащ Зиусхьэным Ананий. – Абы Щаул и
цIэу Тарс къалэм щыщым щыщIэупщIэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
ар Тхьэм йолъэIу. 12 Абы и нэхэр къигъэплъэжын щхьэкIэ, Ана-
ний и цIэу лIы гуэр къыхуэкIуауэ, и Iэхэр къытрилъхьэу илъэ-
гъуащ.

[13] – Зиусхьэн, – жиIащ Ананий, – мы лIым уэ уи цIыху
лъапIэу Ерусалим дэсхэм ярищIа хьэкIэкхъуэкIагъэр зыхуэди-
зыр куэдым къызжаIащ. [14]Иджы дин пашэшхуэхэм хуит закъ-
ригъэщIри, мыбы къэкIуауэ уэ къолъэIу цIыху псоми Iэхъулъэ-
хъу ярыригъэлъхьэну хэтщ.

[15]Зиусхьэным Ананий къыжриIащ:

– КIуэ! Хамэ лъэпкъхэми, пащтыхьхэми, израил цIыхухэми
си цIэм и хъыбар ялъигъэIэсыну а лIыр сэ хэсхащ. [16] Сэ абы
езгъэлъагъунущ си цIэм щхьэкIэ гугъуехьу ишэчын хуейр зыхуэ-
дизыр.

[17]Арати, Ананий а унэм кIуэри щIыхьащ. И Iэхэр Щаул и
щхьэм трилъхьэри, жиIащ:

– Щаул, си къуэш, уэ мыбы укъыщыкIуэм щыгъуэ Зиусхьэн
Хьисэ и гъуэгум къыщыпхуэхутам сыкъигъэкIуащ, уэ уи нэхэр
къэплъэжын икIи Тхьэм и Псэ ЛъапIэр уи гум кууэ хыхьэн
щхьэкIэ.

[18]Ар щыжиIэм, бдзэжьеифэхэм хуэдэу Щаул и нэхэм зыгуэр-
хэр къыщIэлъэлъащ, ялъагъууи хъужащ. Щаул къэтэджри,
Ананий ар иумэхъащ. [19]Абы и ужькIэ Щаул шхащ, къаруи игъуэ-
тыжащ.

### *Щаул хъыбарыфIыр Дамаск къалэм зэрыщиIуэтар*

ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэу Дамаск дэсхэм я деж Щаул
махуэ зыбжанэкIэ щыIащ. [20]ЗанщIэуи щIидзащ Хьисэ Тхьэм
зэри-Къуэр синэгуэгухэм цIыхухэм щахуиIуатэу. [21]Ар зэхэзыха
цIыху псоми ягъэщIагъуэу жаIэрт:

– Мы лIыракъэ Хьисэ елъэIу цIыхухэм Ерусалим гугъуехь
щезыгъэшэчу щытар? Мыбы ар къыщIэкIуар Хьисэ елъэIу цIы-
хухэм Iэхъулъэхъу иригъащIурэ дин пашэшхуэхэм яхуишэну
аракъэ?

[22]Ауэ Щаул нэхъ лъэкIыныгъэ иIэ хъуащ. Хьисэ зэры-Мэс-
сихьыр* игъэщыпкъэжурэ, Дамаск дэс журтхэм езым къыж-
раIэнур ямыщIэу къигъэнащ.

---

9:22 Мэссихь – еплъ Маттэ 1:17.

*Щаул журтхэм къазэраIэщIэкIар*

23Махуэ зыкъом дэкIа нэужь, Щаул яукIыну мурад ящIащ
журтхэм. 24Абыхэм я мурадыр Щаул къищIащ. Ар яукIын
щхьэкIэ, жэщи махуи куэбжэхэм Iуту пэплъэрт журтхэр. 25Ауэ
фIэщхъуныгъэ зиIэхэм Щаул жэщу къыдашри, къалэ блыным
иIэ гъуанэмкIэ чы матэшхуэм ису блыным кърагъэхащ.

*ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэу Ерусалим*
*дэсхэм я деж Щаул зэрыкIуар*

26Ерусалим щынэсым, ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм яхы-
хьэну хэтащ Щаул, ауэ абы ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ иIэ зэры-
хъуар абыхэм я фIэщ яхуэмыщIурэ щышынэрт. 27Варнавэ* зди-
шэри, Щаул апостолхэм я деж кIуащ. Щаул Зиусхьэныр гъуэгум
зэрыщилъэгъуари, Зиусхьэныр Щаул къызэрепсэлъари, Дамаск
дэс цIыхухэм Хьисэ и цIэкIэ Щаул хъыбарыфIыр тегушхуауэ
щахуиIуатэу зэрыщытари Варнавэ абыхэм яхуиIуэтэжащ. 28Ап-
хуэдэу щыхъум, Щаул ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм яхэкI-
яхыхьэу Ерусалим дэсащ, тегушхуауэ цIыхухэм хъыбарыфIыр
Зиусхьэным и цIэкIэ яхуиIуатэу. 29Алыджыбзэм техьа журт-
хэми* епсалъэрт икIи едауэрт, ауэ абыхэм ар къаукIыну хэтащ.
30Къуэшхэм* ар къыщащIэм, Щаул Кесарие къалэм ирашэхри,
Тарс къалэм* ягъэкIуащ.

31Апхуэдэурэ, Иудей, Галилей, Самарие хэку псоми щыIэ
члисэ зэхуэсхэм мамырыгъэ яIэ хъуащ. ФIэщхъуныгъэ зиIэхэм
гурэ псэкIэ нэхъ къару ягъуэтурэ, Зиусхьэным и фIэлIыкIыр я
гум илъурэ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм игъэгушхуэурэ, ахэр нэхъыбэ
хъуащ.

---

9:27 Варнавэ – еплъ 4:36-37.

9:29 алыджыбзэм техьа журтхэр – еплъ 6:1.

9:30 къуэшхэр – еплъ 1:16.

9:30 Тарс къалэр – Паул зыщыщ къалэращ. Ар Рим къэралыгъуэшхуэм щыщу, Киликие хэкум и къалэшхуэу щытащ.

*Петр Еней зэригъэхъужар*

[32]Петр хэкур къыщызэхикIухьым, Тхьэм и цIыху лъапIэу
Лиддэ къалэм* дэсхэм я деж кIуащ. [33]Еней зи цIэ лIы гуэрым
щыIущIащ абы. Илъэсий хъуауэ пкъыуэ хъуауэ, пIэм хэлът ар.
[34]– Еней, – жриIащ Петр, – Хьисэ Мэссихь уегъэхъуж. Къэтэджи, уи пIэр Iухыж.

Ар зэрыжиIэу, Еней къэтэджащ. [35]Лиддэ къалэм* дэс псори,
Сарон губгъуэ тафэм* тес псори, Еней щалъагъум, Зиусхьэным
и гъуэгу техьащ.

*Петр Тавифэ лIахэм къазэрыхигъэтэджыкIыжар*

[36]Иоппие къалэм* ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ цIыхубз гуэр,
Тавифэ и цIэу, дэст. (Тавифэм къикIыр «Мэз бжэнщ».) Абы
фIы куэд ищIэрт, псапэ илэжь зэпытт. [37]А махуэхэм сымаджэ
къэхъури, ар дунейм ехыжащ. И хьэдэр ягъэпскIри, унэм и
етIуанэ къатым драхьеящ. [38]Лиддэ къалэр Иоппие къалэм пэгъунэгъути, Петр абы зэрыщыIэр ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм щызэхахым, «ЗумыIэжьэу, ди деж къакIуэ!» жраIэну, лIыкIуитI Петр деж ягъэкIуащ.
[39]Петр къэтэджри, абыхэм я гъусэу кIуащ. Иоппие къалэм
щынэсым, унэм и етIуанэ къатым драшеящ. Фызабэ псоми Петр
къаувыхьри, Тавифэ я гъусэу щыщытам щыгъуэ абы щыгъыну
идауэ хъуар гъуэгыурэ кърагъэлъэгъуащ.
[40]Петр цIыхухэр унэм щIигъэкIщ, лъэгуажьэмыщхьэу уври,
Тхьэм елъэIуащ. Хьэдэм зыхуигъазэри, жиIащ итIанэ:
– Тавифэ, къэтэдж!

Тавифэ и нэхэр къызэтрихри, Петр щилъагъум, къэтIысащ.
[41]Петр абы и Iэр иубыдри къигъэтэджыжащ. Тхьэм и цIыху
лъапIэхэмрэ фызабэхэмрэ къриджэри, Тавифэ псэууэ яритыжащ

9:32 Лиддэ къалэр – Ерусалим километр 32-кIэ пэжыжьэу, абы и ищхъэрабгъу–къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэщ. Иоппие къалэм километр 15-кIэ пэжыжьэщ ар. Нобэ а къалэм и цIэр Лодщ.

9:35 Сарон губгъуэ тафэр – Кесарие къалэм щыщIэдзауэ Иоппие къалэм нэсыху хы Iуфэм декIуэкIыу Iутщ. И кIыхьагъыр километр 48-рэ мэхъу.

9:36 Иоппие къалэр – Лиддэ къалэм километр 15-кIэ пэжыжьэу хы Iуфэм Iутщ. Нобэ «Яфэ» жаIэ. Яфэ къалэр Тел-Авивэм щыщщ.

итIанэ. 42А хъыбарыр Иоппие къалэм дэс псоми зэлъащIы-
сащ, цIыху куэдми ЗиусхьэнымкIэ фIэщхъуныгъэ яIэ хъуащ.
43Симон зи цIэ фащIэ гуэрым деж Петр махуэ куэдкIэ Иоппие
къалэм хьэщIэу къыдэнащ абы и ужькIэ.

# 10-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Корнелий и лIыкIуэхэм Петр къазэрыригъэшар*

Корнелий зи цIэ лIы гуэр дэсащ Кесарие къалэм. Ар Италие
къэралым щыщ дзэм хэту, зауэлIищэ хъу гупым я пашэхэм
ящыщащ. 2 Езыми и унагъуэ псоми Тхьэр ягъэлъапIэрт,* Тхьэм
и фIэлIыкIыр я гум илът. Журтхэм я тхьэмыщкIэхэм псапэ тыхь
куэд яритырт, Тхьэм елъэIу зэпытт. 3Шэджагъуэнэужьым сыхьэ-
тыр щым* нэблэгъауэ, Тхьэм и мелыIычыр абы къыбгъэды-
хьэщ, «Корнелий!» жиIэри и пащхьэ къихутащ.
4 Корнелий шынауэ, и нэхэр абы триубыдэри, жриIащ:
– Зиусхьэн, сыт узыхуейр?
– Уи тхьэлъэIури уи псапэ тыхьхэри Тхьэм деж нэсащ, Тхьэм
ахэр щымыгъупщауэ и гум илъщ, – къыжриIащ мелыIычым.
5 – ПетркIэ зэджэ Симон къашэн щхьэкIэ, Иоппие къалэм лIы-
кIуэхэр гъакIуэ. 6Ар зи унэр хы Iуфэм Iут Симон фащIэм и
хьэщIэщ.
7Ар къыжезыIа мелыIычыр бгъэдэкIыжа нэужь, Корнелий
и унэIутхэм ящыщу цIыхуитIрэ и Iуэхутхьэбзащ Iэ зауэлIхэм
ящыщу Тхьэр зыгъэлъапIэмрэ къриджэщ, 8къэхъуа псори
яхуиIуэтэжри, Иоппие къалэм игъэкIуащ.
9ЕтIуанэ махуэм ахэр гъуэгум тетурэ, къалэм пэгъунэгъу щы-
хъум, сыхьэтыр пщыкIутIым* нэблэгъауэ, Петр Тхьэм елъэIуну
унащхьэм дэкIуеящ. 10Абы тетурэ къэмэжалIэри, шхэн хуей
хъуащ. Шхыныр ягъэхьэзыр щыхъум, Петр зыгуэр къы-
хуэхутащ. 11Уафэр зэIукIри, щэкI хужь иным ещхь гуэр къехыу

10:2 Тхьэр ягъэлъапIэрт – журт лъэпкъым щымыщу икIи сунэт ямыщIауэ щыта пэтми, итIани а хамэхэр синэгуэгум кIуэурэ, Тхьэр ягъэлъапIэрт.

10:3 сыхьэтыр щым – еплъ Маттэ 27:45.

10:9 сыхьэтыр пщыкIутIым – еплъ «шэджагъуэ» жыхуаIэм Маттэ 27:45.

илъэгъуащ. А щэкIыр къуапиплIкIи кIэрыщIауэ, щIым кърагъэлэлэхам хуэдэт. [12]Дэтхэнэ лъэпкъыгъуэми щыщу лъакъуиплIкIэ зекIуэ псэущхьэхэр, ныбэгукIэ къэзыпщыхь псэущхьэхэр, къуалэбзухэр а щэкI хужьым кIуэцIылът. [13]Петр макъ гуэр зэхихащ:

– Петр, къэтэдж. ФIэгъэжи, шхы!

[14] – Хьэуэ, Зиусхьэн, – жиIащ Петр, – ар хъуххэнукъым. Мышхыпхъи хьэрэми зэи сшхакъым.

[15] А макъым Петр къыжриIащ етIуанэу:

– Тхьэм хьэлэлу икIи шхыпхъэу жыхуиIар уэ хьэрэму умылъытэ.

[16]Апхуэдэу щэнейрэ хъуащ. ЩэкI хужьыр уафэм дэкIуеижащ итIанэ.

[17]Къыхуэхутар зищIысым егупсысу Петр здэщысым, Корнелий къигъэкIуа лIыхэр, щIэупщIэурэ, Симон и унэр къагъуэтауэ куэбжэм Iутт.

[18] – ПетркIэ зэджэ Симон мы унэм щIэс? – жаIэри, щIэупщIэурэ къэджащ.

[19]Петр къыхуэхутам здегупсысым, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къыжриIащ:

– Мис, лIищ къыплъохъу. [20]Къэтэджи, щIэкI, умычэнджащэу абыхэм ядэкIуэ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ахэр къэзыгъэкIуар сэращ.

[21] Петр абыхэм ябгъэдыхьэри, яжриIащ:

– Фэ фызылъыхъуэр сэращ. Iуэху гуэр фиIэу фыкъэкIуа?

[22] – Дэ дыкъэзыгъэкIуар дзэ пашэу Корнелийщ, – жаIащ а лIыхэм. – Ар щыпкъагъэри Тхьэм и фIэлIыкIыр зи гум илъу, журт лъэпкъ псоми щIыхь зыхуащI цIыхущ. И лIыкIуэхэм езым деж уригъашэу, жыпIэхэм едэIуэну мелыIыч гуэрым унафэ къыхуищIащ абы.

[23]Апхуэдэу щыхъум, Петр ахэр кърегъэблагъэри игъэхьэщIащ. А лIыхэм я гъусэу, Петр етIуанэ махуэм гъуэгу техьащ. Иоппие къалэм щыщ къуэшхэри* и гъусэу ежьащ.

[24]КъыкIэлъыкIуэ махуэм ар Кесарие къалэм нэсащ. Корнелий и унэкъуэщхэри и благъэхэри къызэхуишэсауэ абыхэм къапэплъэрт. [25]Петр унэм щыщIыхьэм, Корнелий абы къыпежьэщ, и лъабжьэм зыкъыщIидзэри, лъэгуажьэмыщхьэу тIысащ.
[26]Корнелий къигъэтэджри, Петр жиIащ:

---

10:23 къуэшхэр – еплъ 1:16.

– Къэтэдж, сэри сыцIыху къудейщ.
27 Корнелий епсалъэурэ, унэм щыщIыхьэм, цIыху куэд къы-
зэхуэсауэ илъэгъуащ Петр.
28 – Журт гуэр хамэ лъэпкъхэм щыщхэм яхыхьэну е я унэм
щIыхьэну ди хабзэм къызэремызэгъыр фэри фощIэ, – яжриIащ
Петр абыхэм. – Ауэ Тхьэм зэхызигъэщIыкIащ цIыху гуэр е мы-
къабзэу е фIейуэ сымылъытэну. 29 Аращи, мы лIыкIуэхэм сыкъы-
щевгъашэм, сымычэнджащэу сыкъэкIуащ. Иджы сынывоупщI:
сыт хуэдэ Iуэху сыкъыщIевгъэшар?
30 – МахуиплI и пэкIэ, мы сыхьэтым, шэджагъуэнэужьым
сыхьэтыр щым, си унэм Тхьэм сыщелъэIуащ, – жиIащ Кор-
нелий. – НапIэзыпIэм, щыгъын хужь лыдхэр щыгъыу, лIы гуэр
си пащхьэм къихутэри, 31 жиIащ: «Корнелий, Тхьэм уи тхьэ-
лъэIур зэхихащ, уи псапэ тыхьхэри щымыгъупщауэ и гум илъщ.
32 ПетркIэ зэджэ Симоныр къашэну Иоппие къалэм лIыкIуэхэр
гъакIуэ. Ар зи унэр хы Iуфэм Iут Симон фащIэм и хьэщIэщ.
Ар къэкIуэнурэ къопсэлъэнущ». 33 Асыхьэтуи ныпкIэлъызгъэ-
кIуащ. УкъызэрыкIуар фIыуэ пщIащ. Зиусхьэным къыпхуищIа
унафэм дедэIуэну псори Тхьэм и пащхьэм дитщ иджы.

*Корнелий и унэм Петр хъыбарыфIыр къызэрыщиIуэтар*

34 Петр мыпхуэдэу жиIэу щIидзащ итIанэ:
– Тхьэр цIыхум и фэм емыплъу, цIыху псори и зэхуэдэу
зэрыщытыр къызгурыIуащ. 35 Сыт хуэдэ лъэпкъым къыхэкIауи
щрет, Тхьэм и фIэлIыкIыр зи гум илъыр икIи щыпкъагъэр зы-
гъэзащIэ дэтхэнэри Тхьэм ещтэ. 36 Тхьэм израил цIыхухэм ялъи-
гъэIэса хъыбарыфIыр фэ фощIэ. Ар мыпхуэдэу жызыIэ хъы-
барыфIырщ: Хьисэ Мэссихьу цIыху псоми я Зиусхьэнырщ
цIыхухэр Тхьэм езыгъэкIужыр. 37 Иуан зрагъэумэхъыну цIыху-
хэм хъыбар яхуиIуэта нэужь, Галилей хэкум къыщыщIэдзауэ
Иудей хэку псом къыщыхъуар фощIэ. 38 Назарет щыщ Хьисэ и
хъыбарыр фощIэ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэмрэ къаруушхуэмрэ абы
къыхуригъэхащ. Тхьэр абы и гъусэу зэрыщытам щхьэкIэ, Iуэху
щхьэпэ ищIэурэ, шейтIаным и къарукIэ хигъэзыхьа цIыху псори
игъэхъужу щытащ.
39 – А Хьисэ журтхэм я къэралми Ерусалими щилэжьа Iуэху
псоми дэ дращыхьэтщ. Ар пкъом ираIулIри яукIащ. 40 Тхьэм
ар ещанэ махуэм лIахэм къахигъэтэджыкIыжри, цIыхухэм яри-

гъэлъагъужащ. [41]Тхьэм ар цIыху псоми яригъэлъэгъуакъым,
Тхьэм ар зригъэлъэгъуар нэхъапэм къыхиха щыхьэтхэращ. Хьи-
сэ лIахэм къахэтэджыкIыжа нэужь, езым дефэу, дешхэу щытар
дэрщ Тхьэм ар зригъэлъэгъуар. [42] Тхьэм и псалъэхэм цIыхухэр
едгъэдэIуэнуи, псэухэми лIахэми хьэкум ятезыщIыхьыну Тхьэм
къигъэувар зэры-Хьисэ щыхьэт дытехъуэну Тхьэм унафэ къыт-
хуищIащ. [43]ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэми и гуэныхьхэр
Хьисэ и цIэкIэ къызэрыхуэгъунумкIэ бегъымбар псори Хьисэ
щыхьэт тохъуэ.

*Хамэ лъэпкъхэм щыщхэм*
*Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къазэрыхуехар*

[44]Петр мы псалъэхэр здыжиIэм, ахэр зэхэзыха псоми Тхьэм
и Псэ ЛъапIэр къахуехащ. [45]Петр и гъусэу къэкIуэгъауэ фIэщхъу-
ныгъэ зиIэ цIыхуу сунэт ящIахэм Тхьэм и тыгъэу езым и Псэ
ЛъапIэр хамэ лъэпкъхэм щыщхэм къазэрыхуригъэхар ягъэщIэ-
гъуащ; [46]сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а хамэхэр езыхэм ямыщIэ бзэ-
хэмкIэ псалъэурэ, Тхьэм щIыхь хуащIу зэхахати, аращ.

Арати, Петр жиIащ:

[47] – Дэ тхуэдэу Тхьэм и Псэ ЛъапIэр зи гум илъ хъуа цIыхухэр
дыумэхъмэ, зымыдэн щыIэ?

[48]Хьисэ Мэссихь и цIэкIэ ахэр яумэхъыну унафэ ищIащ абы
и ужькIэ. Ахэр Петр елъэIуащ махуэ зыбжанэкIэ я деж къэнэну.

## 11-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Ерусалим и члисэ зэхуэсым и пащхьэм Петр къэхъуар*
*зэрыщиIуэтэжар*

Хамэ лъэпкъхэм щыщхэми Тхьэм и псалъэхэр зэращтар апос-
толхэмрэ Иудей хэкум ис къуэшхэмрэ зэхахащ. [2]Апхуэдэу щы-
хъум, Петр Ерусалим щыкIуам, сунэт ящIахэм Петр илэжьар
ямыдэу, [3] жраIащ:

– Уэ сунэт ямыщIахэм я деж ущIыхьэри уадэшхащ.

[4]Петр Iуэхур зэрекIуэкIар чэзу-чэзууэ къагуригъаIуэу щIи-
дзащ итIанэ:

[5]– Иоппие къалэм Тхьэм сыщелъэIурт. Тхьэм си акъылыр
сщхьэщихури, щэкI хужь иным хуэдэу, зыгуэр уафэм къехыу
къэслъэгъуащ абы щыгъуэ. Ар къуапиплIкIэ кIэрыщIауэ, уафэм
кърагъэлэлэха хуэдэ, си пащхьэм ихьащ. [6]ЩэкI хужьым сыще-
плъым, лъакъуиплIкIэ зекIуэ Iэщхэр, хьэкIэкхъуэкIэхэр, ныбэ-
гукIэ къэзыпщыхь псэущхьэхэр, къуалэбзухэр слъэгъуащ. [7]Макъ
гуэрым «Петр, къэтэдж. ФIэгъэжи, шхы!» къызжиIэу зэхэсхащ.

[8]«Хьэуэ, Зиусхьэн, ар хъуххэнукъым, мышхыпхъи хьэрэми
зэи зыIуслъхьакъым», жысIэри жэуап стыжащ.

[9]– А макъыр уафэм етIуанэу къиIукIащ: «Тхьэм хьэлэлу икIи
шхыпхъэу жыхуиIар уэ хьэрэму умылъытэ», жиIэу. [10]Апхуэдэу
щэнейрэ хъуащ. Уафэм псори дэкIуеижащ итIанэ.

[11] – А дакъикъэ дыдэм Кесарие къалэм кърагъэкIыу си деж
къагъэкIуа лIищ сэ сызыщIэс унэм и бжэIупэм къыIухьащ. [12]Сы-
мычэнджащэу, абыхэм ящIыгъуу, сыкIуэну Тхьэм и Псэ
ЛъапIэм къызжиIащ. Мы къуэшихри си гъусэу дыкIуэри, а лIым
и унэм дыщIыхьащ. [13]А лIым къыджиIащ и унэм мелыIыч гуэр
къыщыхутэу, мыпхуэдэу жиIэу зэрилъэгъуар: «ПетркIэ зэджэ
Симон къашэну лIыкIуэхэр гъакIуэ. [14]Уэрэ уи унагъуэм исхэмрэ
фымыкIуэду фыкъезыгъэлыну псалъэхэр абы къыбжиIэнущ».

[15]– Сыпсэлъэну щыщIэздзэм, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр абыхэм
къахуехащ, дэри япэм къызэрытхуехыгъам хуэдэу. [16]Абы щы-
гъуэ сигу къэкIыжащ Зиусхьэным жиIэгъа псалъэхэр:* «Иуан
цIыхухэр псыкIэ иумэхъу щытащ, ауэ Тхьэм фэ езым и Псэ
ЛъапIэмкIэ фиумэхъынущ». [17]Зиусхьэну Хьисэ МэссихькIэ
фIэщхъуныгъэ диIэ щыхъум, Тхьэм езым и Псэ ЛъапIэр дэ
къызэрытхуригъэхыгъам хуэдэу, абыхэми къахуригъэхамэ, сэ
сыхэт Тхьэм сыпэувыну?

[18]А псалъэхэр щызэхахым, ахэр щым хъуащ. Тхьэм щIыхь
хуащIри, жаIащ:

– Хамэ лъэпкъхэри я гуэныхьхэм хущIегъуэжынурэ, мыкIуэ-
дыжын гъащIэ яIэ хъуну Тхьэм игъуэу илъытащ абы щыгъуэ.

---

11:16 Зиусхьэным жиIэгъа псалъэхэр – еплъ 1:5.

*Антиохие къалэм члисэ зэхуэс щыIэ зэрыхъуар*

[19]Стефан мывэкIэ еуэурэ яукIа нэужь, ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ
зиIэхэм гугъуехь куэд зэрырагъэшэчам къыхэкIкIэ, ахэр зэ-
бгрыкIащ. Хьисэ теухуа хъыбарыфIыр журтхэм фIэкIа зыми
хуамыIуатэурэ, Финикие хэкуми, Кипр хытIыгуми,* Антиохие
къалэми* нэс кIуащ ахэр. [20]Кипр хытIыгум щыщ лIы гупми,
Кириние къалэм щыщ нэгъуэщI лIыхэми, Антиохие къалэм*
кIуа нэужь, Зиусхьэн Хьисэ теухуа хъыбарыфIыр алыджхэми*
хуаIуэтащ. [21]Зиусхьэныр я гъусэт абыхэм икIи цIыху куэд, фIэщ-
хъуныгъэ яIэ хъуурэ, Зиусхьэным и гъуэгу техьащ.

[22] Мы Iуэхухэм я хъыбарыр Ерусалим щыIэ члисэ зэхуэсым
щыщхэм ялъэIэсащ. ЩалъэIэсым, Варнавэ Антиохием ягъэ-
кIуащ. [23]Варнавэ Антиохием кIуэри, Тхьэм и нэфIыр абыхэм
къазэрыщыхуэр щилъагъум, гуфIащ, емыщу Зиусхьэным гурэ
псэкIэ хуэпэжыну яхуигъэуващ. [24]Варнавэ цIыхуфIу щытащ.
Тхьэм и Псэ ЛъапIэри фIэщхъуныгъэри и гум ину илъащ. Ап-
хуэдэурэ, ЗиусхьэнымкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм я бжыгъэм куэд
къыхэхъуащ.

[25]Щаул лъыхъуэну Варнавэ Тарс къалэм кIуащ итIанэ. Абы
ар къыщигъуэтри, Антиохием здишащ. [26]Члисэ зэхуэсым щыщ-
хэм я гъусэу зэхуэсурэ, цIыху куэдым Тхьэм и псалъэхэр илъэс
псокIэ яригъэщIащ. ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм «чырис-
танкIэ» еджэ япэ дыдэ щыхъуар Антиохиерщ.

[27]А махуэхэм бегъымбар гуп Ерусалим къикIри Антиохием
къэкIуащ. [28]Абыхэм ящыщу Агав зи цIэр къэтэджри, дуней псом
гъаблэшхуэ къызэрыщыхъунур Тхьэм и Псэ ЛъапIэм абы и
гум кърилъхьэри къыжригъэIащ. Клавдий кесарым* и теп-
щэгъуэращ ар къыщыхъуар. [29]ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм,
щхьэж зэрылъэкIкIэ, Иудей хэкум ис къуэшхэм дэIэпыкъуэгъу

---

11:19 хытIыгу – еплъ 2:11.

11:20 Антиохие къалэр – Рим къэралышхуэм щыщу Сирие хэкум и къалэшхуэу щытащ.

11:20 алыджхэр – грекхэрщ.

11:28 Клавдий кесарыр – Хьисэ къэхъуа нэужь, 41-54 гъэхэм Рим къэралышхуэм и кесару щытащ. Агав зи хъыбар жиIа гъаблэшхуэр щыщыIар Хьисэ къэхъуа нэужь илъэс 46-рэ дэкIауэщ.

яхуэхъун мурад ящIащ абы щыгъуэ. 30ФIэщхъуныгъэ зиIэхэм
апхуэдэу ящIщ, абыхэм зэхуахьэса ахъшэр Варнавэрэ Щаулрэ
IэщIалъхьэри, члисэ зэхуэсым и нэхъыжьхэм* хуахьыну ягъэ-
кIуащ.

# 12-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тепщэныгъэ зиIэхэм Екъуб зэраукIамрэ*
*Петр лъэхъуэщым зэрыщIадзамрэ*

Ирод пащтыхьым* члисэ зэхуэсым щыщ цIыху гуэрхэр яри-
гъэубыдри, и заулIхэм хьэкIэкхъуэкIагъэ ярыригъащIэу щIид-
защ а махуэхэм. 2Иуан и къуэш Екъубыр* джатэкIэ ири-
гъэукIащ. 3Ар журтхэм яфIэфI зэрыхъуар щилъагъум, Ирод и
зауэлIхэм Петри яригъэубыдащ. Ар къыщыхъуар ЩIакхъуэ
Мыгъэтэдж щашх махуэшхуэхэращ.* 4Петр яригъэубыдри, лъэ-
хъуэщым щIригъэдзащ Ирод, зауэлI плIырыплI хъу гупиплIым
яхъумэну яIэщIилъхьащ ар. Ирод и мурадт ар IутIыж махуэ-
шхуэм и ужькIэ хеящIэм и пащхьэм иришэну.
5Апхуэдэу Петр лъэхъуэщым щIагъэсащ, члисэ зэхуэсым
щыщхэр еш ямыщIэу Тхьэм хуелъэIуащ абы апщIондэху.

*МелыIычым Петр лъэхъуэщым къызэрыщIишыжар*

6Ирод пащтыхьым Петр хеящIэ пащхьэм щришэну махуэм
и пэ къихуэ жэщым ар, Iэхъулъэхъу тIуащIэ иралъхьауэ, зауэлIи-
тIым яку дэлъу жейрт. ХъумакIуэхэм, бжэм Iуту, лъэхъуэщыр
яхъумэрт. 7Зиусхьэным и мелыIычыр а унэм къыщIэхутэри,
унэр нэху къэхъуащ напIэзыпIэм. МелыIычыр Петр и джабэм
еуIури, къигъэушащ:
– ПсынщIэу тэдж! – жиIащ абы. Петр и Iэхэм Iэхъулъэхъур
къыфIэхуащ.

---

11:30 нэхъыжьхэр – члисэ зэхуэсым Iуэхуу щекIуэкIым и унафэщI къуэшхэрщ.

12:1 Ирод пащтыхьыр – Ирод Агриппэ Япэрейрщ. Хьисэ къэхъуа нэужьым 41-44 гъэхэм ар Израил къэралым и пащтыхьу щытащ. Ирод Агриппэ Япэрейр Ирод Иным и къуэм и къуэжщ.

12:2 Екъуб – Зеведей и къуэщ, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ пщыкIутIым ящыщщ.

12:3 ЩIакхъуэ Мыгъэтэдж щашх махуэшхуэхэр – еплъ Маттэ 26:2.

[8] – Зыхуапэ, уи вакъэхэри зылъытIагъэ! – жриIащ мелыIы-
чым Петр. Петр апхуэдэу ищIащ. МелыIычым жиIащ итIанэ:

– Уи щыгъын щIыIутелъыр щытIагъи, си ужь иту къакIуэ!

[9]Петр, мелыIычым и ужь иту, лъэхъуэщым къыщIэкIыжащ.
Ауэ мелыIычым илэжьар пэжрэ мыпэжрэ Петр ищIакъым, атIэ
зыгуэр къыхуэхутауэ и гугъащ. [10]Япэрей хъумакIуэ гупми
етIуанэрей хъумакIуэ гупми къаблэкIри, къалэ дыхьэпIэм хэлъ
гъущI куэбжэм нэсащ ахэр. Куэбжэм езыр-езыру абыхэм закъы-
зэхуIуихащ. Куэбжэм дэкIри, зы уэрам ирикIуа нэужь, Петр
къигъанэри, мелыIычыр IукIыжащ напIэзыпIэм.

[11] ЗыкъыщищIэжым, Петр жиIащ:

– Зиусхьэным и мелыIычыр къигъакIуэу, Ирод сыкъызэ-
рыIэщIихари, журт цIыхухэм къысщыщIыну жыхуаIэ Iей псори
симыгъэлъагъуу, сыкъызэрыригъэлари си нэгу щIэкIащ иджы.

[12]Петр къехъулIар къыщыгурыIуэжым, МарккIэ зэджэ Иуан
и анэ Мэрием деж кIуащ ар. Абы деж цIыху куэд щызэхуэсауэ
Тхьэм елъэIурт. [13]Петр куэбжэм щытеуIуэм, Родэ и цIэу унэIут
хъыджэбз гуэр къэкIуащ куэбжэр Iуихыну. [14]Петр и макъыр
къыщицIыхужым, гуфIэгъуэм зэщIищтауэ, куэбжэр Iуимыхыу,
унэм щIэлъэдэжри, Петр куэбжэм зэрыIутыр унэм щIэсхэм
яжриIащ абы.

[15] –Уэ жыпIэр пщIэжыркъым, – къыжраIащ абыхэм. Ауэ
хъыджэбзыр жиIам текIакъым. ИтIанэ жаIащ:

– Ар Петр и мелыIычырагъэнущ.*

[16]Петр куэбжэм теуIуэ зэпытт. Куэбжэр Iуахыу, Петр щалъа-
гъум, хуабжьу ягъэщIэгъуащ. [17]Заущэхуну Петр Iэ яхуищIри,
Зиусхьэным лъэхъуэщым къызэрыщIишыжар абыхэм яхуиIуэ-
тащ. ИтIанэ жиIащ:

– Екъуби* адрей къуэшхэми къэхъуар евгъащIэ.

Ар жиIэщ, а унэм къыщIэкIыжри, нэгъуэщI щIыпIэ гуэрым
кIуащ.

[18]Нэху щыщым, зауэлIхэр гузэвэгъуэшхуэм хэхуауэ зыр зым
еупщIыжырт:

– Дэнэ Петр щыбзэхар?

---

12:15 Ар Петр и мелыIычырагъэнущ – дэтхэнэ цIыхуми мелыIыч гуэр иIэрэ, абы ар къихъумэу къафIощI журтхэм.

12:17 Екъуб – Зиусхьэн Хьисэ и къуэшхэм ящыщу, Ерусалим щыIэ члисэ зэхуэсым и унафэщI къуэшхэм языхэзщ.

[19]ЗауэлIхэм Петр къаригъэлъыхъуэри щамыгъуэтым, Ирод
пащтыхьым хъумакIуэхэм хьэкум ятрищIыхьри яригъэукIащ.
Ирод пащтыхьыр Иудей хэкум икIщ, Кесарие къалэм ехри,
абы къыдэнащ.

*Ирод пащтыхьыр зэрылIар*

[20]Ирод пащтыхьым Тир, Сидон къалэхэм дэсхэм хуабжьу
гужьгъэжь яхуиIэ хъуат. А къалэхэм дэсхэр зэгурыIуэри, Ирод
деж кIуащ. Пащтыхьым хуэлажьэ Iэтащхьэу Власт зи цIэм гу-
рыIуэри, пащтыхьыр къаригъэкIужыну елъэIуащ. Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ пащтыхьым и къэралым кърaш гъавэрат ахэр зэры-
псэур.
[21]Игъэува пIалъэм Ирод, и пащтыхь щыгъынхэр щыгъыу,
пащтыхь тахътэм тетIысхьэри, цIыхухэм я пащхьэм къыщыпсэ-
лъащ.
[22] – Мыр цIыху макъкъым, Тхьэм и макъщ, – жаIэурэ цIыху-
хэр зэрыгъэкIийрт. [23]Ирод пащтыхьым Тхьэм щIыхьышхуэ
зэрыхуимыщIам щхьэкIэ, Тхьэм и мелыIыч гуэр а дакъикъэ
дыдэм кърригъэуащ. ХьэпIацIэхэм яшхыурэ, абы и псэр хэкIащ.
[24]Тхьэм и псалъэхэм, цIыху нэхъыбэм ялъэIэсурэ, заубгъурт.
[25]Варнавэрэ Щаулрэ я Iуэхур щаухым, Ерусалим къы-
дэкIыжщ, МаркIэ зэджэ Иуан здашэри, Антиохие къалэм
ягъэзэжащ.

# 13-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Антиохие щыIэ члисэ зэхуэсым щыщхэм*
*Тхьэм хуэлэжьэну Варнавэрэ Щаулрэ зэрагъэувар*

Бегъымбархэри дин егъэджакIуэхэри Антиохие щыIэ члисэ
зэхуэсым щыщхэм яхэтт: Варнавэ, «ФIыцIэкIэ» зэджэ Симон,
Кириние къалэм щыщ Луций, Манаил (ар Ирод пщым* и гъусэу
япIарщ), Щаул сымэ. [2]Тхьэм елъэIуурэ, жэщи махуи нэщI исү
щыщIадзэм, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм абыхэм къажриIащ:

13:1 Ирод пщыр – еплъ Лука 3:1.

– Варнавэрэ Щаулрэ сэ зыхуезджа Iуэхум щхьэкIэ къысхуэв-
гъанэ.
[3]Арати, жэщи махуи нэщI иса нэужь, ахэр Тхьэм елъэIуащ, я
Iэхэр абыхэм я щхьэм тралъхьэри,* Тхьэм хуэлэжьэну ягъэ-
кIуащ.

### *Кипр хытIыгум щыщ цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм апостолхэм ирагъэдаIуэу зэрыщытар*

[4]Варнавэрэ Щаулрэ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм игъакIуэри, Се-
левкие къалэм* нэсащ. Абдежым кхъухькIэ щежьэхэри, Кипр
хытIыгум кIуащ. [5]Саламин къалэм нэсри, журтхэм я синэгуэ-
гухэм* цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм щрагъэдэIуащ. Иуан абы-
хэм дэIэпыкъуэгъуу я гъусэт.
[6]ХытIыгум и кIыхьагъкIэ ирикIуэри, Паф къалэм* щынэсым,
удыгъэ Iуэхум хэт журт бегъымбар нэпцI гуэрым IущIащ. Абы
и цIэр Варисуст. [7]Ар хытIыгум и Iэтащхьэ* Сергей Паул зи
цIэм и гъусэт. Сергей Паул цIыху губзыгъэу щытащ. Тхьэм и
псалъэхэм едэIуэну фIэфIти, абы Варнавэрэ Щаулрэ иригъэ-
блэгъащ. [8]Ауэ удыгъэ Iуэхум хэт Елимэ зи цIэр (Елимэм къи-
кIыр «Удыгъэ Iуэхум хэтырщ»), Iэтащхьэр фIэщхъуныгъэм и
гъуэгу тримыгъэхьэным и ужь иту, Варнавэрэ Щаулрэ япэу-
вырт. [9]Ауэ Щаулу ПаулкIи зэджэм* и гум Тхьэм и Псэ ЛъапIэр
хуабжьу хыхьэри, и нэхэр Елимэ триубыдауэ жиIащ:
[10]– Уэ шейтIаным урикъуэщ, уэ пэжыгъэ псом урабийщ. Гъэ-
пцIагъэ псори бзаджагъэ псори уи гум хуэфIу илъщ. Тхьэм и
гъуэгу занщIэхэр къуаншэ пщIыну ухэтыныр щыбгъэтынукъэ?
[11]Зиусхьэным и Iэр къыптелъщ иджы. Дыгъэм и нэхур умылъа-
гъуу, пIалъэ гуэркIэ нэф ухъунущ.
Асыхьэт дыдэм пшагъуэри кIыфIыгъэри Елимэ къыхуехащ.
Ежьэри, къезышэкIын гуэрым лъыхъуэу щIидзащ итIанэ. [12]Абы

---

13:3 я Iэхэр абыхэм я щхьэм тралъхьэри – апхуэдэу щIащIар а лэжьыгъэр а лIитIым я пщэм далъхьэн икIи ар ягъэзэщIэн папщIэ Тхьэм и нэфIыр къащыхуэн щхьэкIэщ.

13:4 Селевкие къалэр – Антиохием километр 20-кIэ пэжыжьэу щытащ. А къалэм кхъухь тедзапIэ иIэу, хы Iуфэм Iутт.

13:6 Паф къалэр – Кипр хытIыгум и дыгъэ кхъухьэпIэ хы Iуфэм Iуту, къалэшхуэу щытащ.

13:7 Iэтащхьэ – Кипр хытIыгур зи IэмыщIэ илъу, Рим къэралыгъуэшхуэм хуэлажьэ унафэщIырщ.

13:9 Щаулу ПаулкIэ зэджэр – апостол Паул и цIэр журтыбзэкIи Щаул, урымыбзэкIи Паул мэхъу.

къыщыщIар щилъагъум, Iэтащхьэм фIэщхъуныгъэ иIэ хъуащ.
Варнавэрэ Паулрэ Зиусхьэным теухуа хъыбару кърагъэщIар
Iэтащхьэм игъэщIэгъуащ.

*Писидие хэкум щыщ Антиохие къалэм*
*Паулрэ Варнавэрэ зэрыкIуар*

13Паулрэ и гъусэхэмрэ Паф къалэм кхъухькIэ щежьэри, Пам-
филие хэкум щыщ Пергие къалэм кIуащ. Иуан ахэр абы къыщи-
нэри, Ерусалим игъэзэжащ. 14Адрей лIитIыр Пергие къалэм
блэкIри Писидие хэкум щыщ Антиохие къалэм нэсащ. Щэбэт
махуэм* синэгуэгум щIыхьэри тIысащ. 15Торэт хабзэм* итхэмрэ
бегъымбархэм ятха тхылъхэм* ярытхэмрэ ящыщ гуэрхэм еджа
нэужь, синэгуэгу пашэхэм зыгуэр ягъакIуэри жрагъэIащ:
– Ди къуэшхэ, мы цIыхухэр зэрывгъэгушхуэн псалъэхэр
фщIэмэ, жыфIэ!
16 Паул къэтэджщ, Iэ яхуищIри, жиIащ:
– Фэ, израил цIыхухэри, Тхьэм и фIэлIыкIыр зи гум илъхэри,
фыкъэдаIуэ. 17Израил лъэпкъым и Тхьэм ди адэжьхэр къыхи-
хащ. Ди лъэпкъыр Мысырым щисым, лъэпкъышхуэ ищIри, абы
къаруушхуэкIэ кърищыжащ. 18Губгъуэ нэщIым илъэс плIыщIкIэ
щигъэшхащ. 19Ханаан къэралым щыпсэу лъэпкъиблыр игъэ-
кIуэдри, абыхэм я къэралыр израил лъэпкъым и Iыхьэ хъуну
къыхуигъэнэжащ. 20А псори илъэс щиплIрэ щэ ныкъуэм къриу-
быдэу къэхъуащ.
– Абы и ужькIэ Тхьэм хеящIэхэр* абыхэм яритащ, Самуел
бегъымбарым и махуэхэм нэсыху. 21Пащтыхь яхухихыну цIыху-
хэр Самуел елъэIуащ итIанэ. Биниамин и унагъуэ лъэпкъым
щыщу, Къыш и къуэ Щаул пащтыхь яхуэхъуну Тхьэм яритащ.
Абы и ужькIэ илъэс плIыщкIэ ар пащтыхьу щытащ. 22 Тхьэм
ар тригъэкIыжри, Даут пащтыхьу игъэуващ. Тхьэм Даут мып-
хуэдэу щыхьэт хуэхъуащ:* «Иессе и къуэу Даутыр си гум ирихь
цIыхуу къэзгъуэтащ. Сэ сызыхуей псори абы игъэзэщIэнущ».
23А лIым къытехъукIа цIыхухэм ящыщу, израил цIыхухэр

---

13:15 Торэт хабзэр – еплъ Маттэ 5:17.

13:15 бегъымбархэм ятха тхылъхэр – еплъ Маттэ 5:17.

13:20 хеящIэ – еплъ Маттэ 5:21.

13:22 Тхьэм Даут … щыхьэт хуэхъуащ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 88:21; Самуел бегъымбарым и хъыбар зэрыт япэ тхылъым, (1:я Царств) 13:14.

мыкIуэду къезыгъэлыр Хьисэщ; Тхьэм ар абыхэм къахуигъэ-
кIуащ, я адэжьхэр къызэригъэгугъам тету. [24]Хьисэ къэмыкIуэ
щIыкIэ, Иуан «Фэ фи гуэныхьхэм фахущIегъуэжи, зызвгъэу-
мэхъ», жиIэурэ израил цIыху псоми хъыбар яхуиIуатэрт. [25]Иуан
и лэжьыгъэр щиухкIэ жиIэрт:* «Сэ хэту сыкъэфлъытэрэ? Фэ
фызыпэплъэр сэракъым. Фэ фызыпэплъэр си ужькIэ къэкIуэ-
нущ, абы и вакъэ лъэпсхэр хуэстIэтэнуи сэ схуэфащэкъым».

[26] (Паул итIанэ къыщIигъужащ:)

– Ибрэхьим къытехъукIа си къуэшхэ, фэ нэгъуэщI лъэпкъхэм
щыщу Тхьэм и фIэлIыкIыр зи гум илъхэ, Тхьэм цIыхухэр
мыкIуэду къызэрыригъэлым и хъыбарыр къызылъэIэсар дэ-
ращ. [27]Ерусалим дэсхэмрэ абыхэм я пашэхэмрэ цIыхухэр
мыкIуэду къезыгъэлыр зэры-Хьисэр ящIэжакъым. Абы укI
тралъхьащ, бегъымбархэм я псалъэу щэбэт махуэ къэс синэгуэ-
гухэм къыщызэджэхэр а цIыхухэм пэж ящIащ апхуэдэ щIыкIэ-
кIэ. [28]Хьисэ укI щIытралъхьэн щхьэусыгъуэ ямыгъуэта пэтми,
Пилат Iэтащхьэм* елъэIуащ ар иукIыну. [29]Хьисэ теухуауэ Тхьэм
и псалъэу тхахэм хэт псори абыхэм ягъэзэщIа нэужь, Хьисэ и
гъусэхэм абы и хьэдэр жорым къыфIахыжри, кхъэлэгъунэм
щIалъхьэжащ. [30]Ауэ Тхьэм ар лIахэм къахигъэтэджыкIыжащ.
[31]Хьисэ и гъусэу Галилей хэкум къикIыу Ерусалим къэкIуэгъахэм
махуэ куэдкIэ закъригъэлъагъуурэ екIуэкIащ итIанэ. Ахэращ
дэ ди лъэпкъым и пащхьэм Хьисэ щыхьэт щыхуэхъур иджы.

[32] – Мы хъыбарыфIыр дэ нывжыдоIэ иджы: Тхьэм Хьисэ
лIахэм къазэрыхигъэтэджыкIыжамкIэ ди адэжьхэр къызэри-
гъэгугъа Iуэхухэр къыигъэщыпкъэжурэ, дэ, абыхэм къатехъукIа
цIыхухэм, тхуигъэзэщIащ. [33]Уэрэд ЛъапIэхэм ит етIуанэ уэрэ-
дым* Тхьэм Хьисэ къызэрыщыжриIэм хуэдэу:

«Уэращ си Къуэр,
нобэ адэ сыпхуэхъуащ».

[34]Хьисэ зэи мылIэжыну лIахэм къазэрыхигъэтэджыкIыжар
Тхьэм мы псалъэхэмкIэ жиIащ:*

---

13:25 Иуан … жиIэрт – еплъ Лука 3:16.

13:28 Пилат Iэтащхьэр – еплъ Лука 3:1.

13:33 Уэрэд ЛъапIэхэм ит етIуанэ уэрэдыр – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 2:7.

13:34 Тхьэм жиIащ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 55:3.

«Си нэфI щыхуэныгъэ лъапIэр
Iэмал имыIэу ныфлъызгъэсынущ,
Даут зэрызгъэгугъэгъам тету».

35Тхьэм и псалъэу тхахэм мыпхуэдэуи хэтщ:*

«Уэ уи IурыщIэм и хьэдэр бгъэфынукъым».

36– Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и зэриухам тету, Даут и ма-
хуэхэм Тхьэм хуэлажьэри, дунейм ехыжащ. И адэжьхэр зы-
щIэлъ кхъэлэгъунэм щIалъхьэжри, и хьэдэр фыжащ. 37Ауэ Тхьэм
лIахэм къахигъэтэджыкIыжар иужькIэ лIэжакъым, и хьэдэри
фыжакъым. 38Аращи, си къуэшхэ, мыр зэвгъащIэ, фэ гуэныхьу
фщIар Хьисэ къызэрыфхуигъэгъужынум и хъыбар фхудоIуатэ.
39ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэми гуэныхьу телъ псори
щхьэщихынущ, ауэ Мусэ бегъымбарым и Торэт хабзэм гуэныхь-
хэр фщхьэщихын лъэкIынукъым. 40Фызыхуэсакъыж, бегъым-
бархэм жаIа мы псалъэхэр* фэ къыфлъремыс:

41 «ФыкъэдаIуэ, фэ,
Тхьэм и псалъэхэр зэзымыпэсхэ,
вгъэщIагъуэ икIи фыкIуэд;
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фэ фи махуэхэм
Iуэхушхуэ гуэр згъэзэщIэнущ.
А Iуэхушхуэм и хъыбарыр
зыгуэрым къывжиIакIи
фи фIэщ хъунутэкъым».

42Паулрэ Варнавэрэ синэгуэгум къыщыщIэкIыжам къыкIэ-
лъыкIуэ щэбэт махуэм а Iуэхухэм тепсэлъыхьыну цIыхухэр
къелъэIуащ. 43ЗэIущIэр щызэбгрыкIыжым, журтхэм ящыщ
куэди, журт хъуа хамэхэм ящыщ куэди Паулрэ Варнавэрэ ящIы-
гъут. Епсалъэурэ, а тIум абыхэм быдэу гурагъэIуащ Тхьэм и
нэфIыр къазэрыщыхуэнум и ужь ит зэпыту щытын зэрыхуейр.
44КъыкIэлъыкIуэ щэбэт махуэм Тхьэм и псалъэхэм едэIуэн
щхьэкIэ, къалэм дэс цIыху псори, къанэ щIагъуэ щымыIэу,

13:35 нэгъуэщI щIыпIэм деж зэритым тету – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 15:10.

13:40-41 бегъымбархэм жаIа мы псалъэхэр – еплъ Хаббакук (Аввакум) бегъымбарым и тхылъым 1:5.

зэхуэсащ. [45]Ауэ журтхэм цIыхубэр щалъагъум, фыгъуэныр я
гум къихьэри, хущIэджэурэ, Паул жиIар ямыдэу къэуващ.

[46]Апхуэдэу щыхъум, Паулрэ Варнавэрэ тегушхуауэ жаIащ:
– Тхьэм и псалъэхэр фэ нывжетIэн хуеящ япэщIыкIэ. Ауэ фэ
Тхьэм и псалъэхэм пэIэщIэ зывощIэри, мыкIуэдыжын гъащIэ
фиIэ хъуну зыхуэвгъэфащэркъым. Мис, абы къыхэкIкIэ, хамэ
лъэпкъ щыщхэм захудогъазэ; [47]сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм мып-
хуэдэу унафэ къытхуищIащ:*

«Хамэ лъэпкъхэм нэхугъэ уахуэхъуну узгъэуващ,
щIым и гъунэхэм нэсыху,
цIыхухэр мыкIуэду
къебгъэлын щхьэкIэ».

[48]Хамэ лъэпкъ щыщхэм ар щызэхахым, гуфIэри, Зиусхьэ-
ным и псалъэхэм щIыхь хуащIащ. ИкIи мыкIуэдыжын гъащIэ
зритыну Тхьэм игъэува цIыху псоми фIэщхъуныгъэ яIэ хъуащ.

[49] Зиусхьэным и псалъэхэр а хэкум дэнэкIи ис цIыхухэм ща-
лъэIэс хъуащ. [50]Ауэ пщIэ зиIэ цIыхубзу Тхьэр зыгъэлъапIэхэмрэ
къалэм и пашэхэмрэ къызэщIагъэплъащ журтхэм. Арати,
цIыхухэр Паулрэ Варнавэрэ ятезэрыгуэну зэщIаIэтащ, я хэкуми
кърахуащ а тIур. [51]Паулрэ Варнавэрэ я лъакъуэхэм къакIэрып-
щIа сабэр цIыхухэм ялъагъуу кIэрагъэщэщыжри, Иконие къа-
лэм кIуащ. [52]ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм гуфIэгъуэмрэ
Тхьэм и Псэ ЛъапIэмрэ я гум куэду илъ хъуащ.

# 14-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Иконие къалэм дэсхэр Тхьэм и псалъэхэм
Паулрэ Варнавэрэ ирагъэдаIуэу зэрыщытар*

Иконие къалэм щынэсым, я хабзэм тету, Паулрэ Варнавэрэ
журтхэм я синэгуэгум щIыхьащ. Журтхэмрэ алыджхэмрэ*
ящыщ куэдым фIэщхъуныгъэр яIэ ягъэхъуурэ, епсэлъащ. [2]Ауэ

13:47 Тхьэм унафэ къытхуищIащ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 49:6.

14:1 алыджхэр – грекхэращ.

фIэщхъуныгъэ зиIэ хъуну зымыдэ журтхэм хамэ лъэпкъ щыщ-
хэр зэщIагъэплъэри, къуэшхэм къыхуагъэгубжьащ. [3]Паулрэ
Варнавэрэ, Зиусхьэным и хъыбарыр тегушхуауэ цIыхухэм
хуаIуатэурэ, а къалэм куэдрэ зыщаIэжьащ. Зиусхьэным и нэфI
щыхуэныгъэм теухуа хъыбарыфIым щыхьэт техъуэурэ, нэщэнэ
гъэщIэгъуэнышэхэри къагъэлъэгъуэну, Iуэху телъыджэхэри ялэ-
жьыну Паулрэ Варнавэрэ лъэкIыныгъэ яритащ. [4]А къалэм дэс
цIыхухэр лъэныкъуитI зэрыгъэхъуащ. Язынныкъуэхэр журтхэм,
адрейхэр апостолхэм ягухьащ. [5]Хамэ лъэпкъ щыщхэри, журт-
хэри, абыхэм я пашэхэри я гъусэу, зэгурыIуэри, мурад ящIащ
Паулрэ Варнавэрэ хьэкIэкхъуэкIагъэ кърашIэну, мывэкIэ къеуэ-
ури къаукIыну. [6] Паулрэ Варнавэрэ абыхэм я мурадыр къы-
щащIэм, Ликаоние хэкум щыщ къалэхэу Листрэрэ Дервиерэ,
абыхэм я Iэхэлъахэм кIуащ. [7] ЦIыхухэр хъыбарыфIым щрагъэ-
дэIуащ а щIыпIэхэми.

*Листрэ къалэм дэсхэр Тхьэм и псалъэхэм*
*Паулрэ Варнавэрэ ирагъэдаIуэу зэрыщытар*

[8]Листрэ къалэм лIы ныкъуэдыкъуэ гуэр дэсащ. Абы и лъа-
къуэхэр къыщIэувэртэкъым, къызэралъхурэ, игъащIэм зе-
мыкIуауэ абдежым щыст. [9]Паул щыпсалъэм, а лIыр едаIуэрт.
И нэхэр лIым триубыдэри, хъужыну абы фIэщхъуныгъэ иIэу
щилъагъум, [10] Паул макъышхуэкIэ жиIащ:

– Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и цIэкIэ ныбжызоIэ: къызэфIэувэ.
ЛIым, къыщылъэтри, къикIухьу щIидзащ.

[11]Паул ищIар цIыхухэм щалъагъум, Ликаоние хэкум и бзэкIэ*
ину жаIащ:

– Тхьэхэр, цIыху теплъэ яIэу, къытхуехащ.

[12]Варнавэ Зевс* фIащащ, къэпсэлъар Паулти, абы ЕрмийкIэ*
еджэ хъуащ. [13]Зевс и унэшхуэ къалэм тIэкIу пыIудзауэ щытым
и дин пашэм цIыхухэм выхэр куэбжэм деж къаригъэхуащ, таж-
хэри кърригъэхьащ, езыри цIыху гупышхуэри Паулрэ Варнавэрэ
къурмэн хуащIыну хуейти.

14:11 Ликаоние хэкум и бзэкIэ – Паулрэ Варнавэрэ Ликаоние хэкум и бзэр къагу-
рыIуэн ялъэкIакъым. Рим къэралышхуэм дэнэкIи зэрыщыпсалъэр урымыбзэт.

14:12 Зевс – урымхэм я тхьэхэм щыщу я нэхъ иныршщ.

14:12 Ермий – урымхэм я тхьэхэм щыщу, адрей тхьэхэм я IуэхутхьэбзащIэршщ.

14Ауэ апостолхэу Варнавэрэ Паулрэ ар щызэхахым, хуамыдэу
я щыгъынхэр зэфӀатхъыжурэ, цӀыху гупышхуэм яхэлъадэри,
макъышхуэкӀэ псалъэу щӀадзащ.

15 – Фэ лӀы гупым сыт фщӀэр? Фэ фхуэдэу дэри дыцӀыхущ.
Мы тхьэ нэпцӀ сэбэпыншэхэм фи щӀыбыр яхуэвгъазэу, Тхьэ
пэжу псэум фи гупэ хуэвгъэзэн щхьэкӀэ, хъыбарыфӀыр фхудоӀуа-
тэ. Тхьэращ уафэри, щӀыри, хыри, абыхэм щыпсэу псори къэ-
зыгъэщӀар. 16БлэкӀа лъэхъэнэхэм лъэпкъ псори зэрыхуейуэ я
гъуэгу ирикӀуэжыну хуит ищӀащ. 17Апхуэдэу щыт пэтми, Тхьэм
щыхьэтыншэ зищӀакъым: Уафэм къикӀыу уэшх къытхуригъэ-
шхыу, и игъуэм гъавэр къытхуигъэкӀыу, шхын дыхуимыгъэны-
къуэу, дигъэгуфӀэу, фӀыгъуэшхуэхэр къытхуищӀэ зэпытщ.

18Паулрэ Варнавэрэ къурмэн зыхурамыгъэщӀу, цӀыхухэр
ерагъкӀэ ягъэувыӀащ апхуэдэ щӀыкӀэкӀэ.

19Къалэхэу Антиохиерэ Иконнерэ къикӀри, журт гуп къэкӀуащ
абы и ужькӀэ. Тегушхуауэ апостолхэм Тхьэм и псалъэхэм цӀыху-
хэр щрагъэдаӀуэм, журтхэм «Мы лӀыхэм жаӀэр пэжкъым, пцӀы
яупс», жаӀэурэ цӀыхухэр апостолхэм къыбгъэдашащ.

А журтхэм цӀыхубэр зэщӀагъаплъэри, Паул мывэкӀэ къеуэурэ
къаукӀыну хэтащ икӀи, лӀауэ ялъытэри, къалэм далъэфащ.
20АрщхьэкӀэ и гъусэхэм къыщаувыхьым, къэтэджри, Паул къа-
лэм къыдыхьэжащ. Варнавэ и гъусэу, Паул Дервие къалэм
кӀуащ етӀуанэ махуэм.

*Сирие хэкум щыщ Антиохие къалэм*
*Паулрэ Варнавэрэ зэрагъэзэжар*

21Паулрэ Варнавэрэ Дервие къалэми цӀыхухэм хъыбарыфӀыр
щыхуаӀуатэурэ, цӀыхубэр Хьисэ и гъуэгу трагъэхьа нэужь, Лист-
рэ, Иконие, Антиохие къалэхэм ягъэзэжащ. 22ХьисэкӀэ фӀэщхъу-
ныгъэ зиӀэ хъуахэр а къалэхэм щагъэгушхуэри, фӀэщхъуныгъэм
и гъуэгум темыкӀыну быдэу хуагъэуващ:

– Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм* гугъуехь тшэчурэ дыщӀыхьэн
хуейщ, – жраӀащ абыхэм.

23Паулрэ Варнаварэ дэтхэнэ члисэ зэхуэсыми нэхъыжьхэр ху-
хахри, Тхьэм елъэӀуурэ, жэщи махуи нэщӀурэ, Зиусхьэну фӀэщ-
хъуныгъэ зыхуаӀэ хъуам и нэӀэр къатригъэтыным хуаунэтӀащ.
24Писидие хэкум кӀуэцӀрыкӀри, Памфилие хэкум нэсащ абы и

ужькIэ. [25]Пергие къалэм цIыхухэр Зиусхьэным и псалъэхэм
щрагъэдэIуа нэужь, Атталие къалэм ехащ.

[26]А къалэм къыдэкIри, кхъухькIэ Антиохие къалэм кIуащ.
Антиохиеращ члисэ зэхуэсым щыщхэм Паулрэ Варнавэрэ ялэ-
жьа Iуэхум щхьэкIэ Тхьэм и нэфIыр къащыхуэну зыщыхуагъэ-
зар. [27]Паулрэ Варнавэрэ Антиохием щынэсым, члисэ зэхуэсым
щыщхэр зэхуашэсри, Тхьэм абыхэм яригъэлэжьа Iуэху псори,
хамэ лъэпкъ щыщхэм фIэщхъуныгъэ яIэ хъун щхьэкIэ, Тхьэм
бжэр къазэрыхузэIуихари жраIащ. [28]ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ
зиIэхэм я деж куэдрэ щыIэну къэнащ ахэр.

## 15-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Апостолхэмрэ нэхъыжьхэмрэ*
*Ерусалим зэIущIэ зэрыщащIар*

ЛIы гуэрхэр Иудей хэкум къикIщ, Антиохие къакIуэри,
къуэшхэм мыпхуэдэ жраIэу щIадзащ:

– Мусэ бегъымбарым и Торэт хабзэм сунэт фащIын хуейуэ
къегъэув, сунэт фамыщIмэ, Тхьэм фымыкIуэду фыкъригъэлыну-
къым.

[2]Паулрэ Варнавэрэ абыхэм жаIэр ямыдэу хуабжьу едэуащ.
Арати, къуэшхэм мурад ящIащ Паулрэ Варнавэрэ, цIыху гуп я
гъусэу, Ерусалим дэс апостолхэмрэ* нэхъыжьхэмрэ* я деж мы
Iуэхум щхьэкIэ ягъэкIуэну. [3]Члисэ зэхуэсым щыщхэр Паулрэ
Варнавэрэ ядэкIуатэри, гъуэгу трагъэхьащ. Паулрэ Варнавэрэ
Финикиемрэ Самариемрэ кIуэцIрыкIащ. ЩыкIуэцIрыкIым,
хамэ лъэпкъ щыщхэр Тхьэм и гъуэгу зэрытехьам и хъыбарыр
къуэш псоми хуаIуэтэжри, ахэр хуабжьу ягъэгуфIащ. [4]Ерусалим
щынэсым, члисэ зэхуэсым щыщхэми, апостолхэми, нэхъыжь-
хэми ахэр ирагъэблэгъащ. Тхьэм абыхэм ящIэну ялъигъэкIа
псори хуаIуэтэжащ.

15:2 апостол – еплъ Маттэ 10:2.

15:2 нэхъыжьхэр – еплъ 11:30.

5Апхуэдэу щыхъум, фIэщхъуныгъэ зиIэ фарисей* гупкIэ
зэджэ динырылажьэхэм щыщхэр къэтэджри, жаIащ:
– Хамэ лъэпкъ щыщхэри сунэт фщIын, Мусэ бегъымбарым
и Торэт хабзэм итхэри евгъэгъэзэщIэн хуейщ.
6А Iуэхум тепсэлъыхьын щхьэкIэ, апостолхэри нэхъыжьхэри
зэхуэсащ. 7Куэдрэ зэдэуа нэужь, Петр къэтэджри, абыхэм яжриIащ:
– Си къуэшхэ, фэ фщIэркъэ, хамэ лъэпкъ щыщхэм Зиусхьэ-
нымкIэ фIэщхъуныгъэ яIэ хъун щхьэкIэ, хъыбарыфIыр яхуэс-
Iуэтэну Тхьэм сэ псом япэ сыкъызэрыфхихар. 8Езы Тхьэуэ цIыху-
хэм я гум илъыр зыщIэм и Псэ ЛъапIэр дэ къызэрытхуригъэ-
хам хуэдэу, хамэ лъэпкъ щыщхэми къахуригъэхыурэ, ахэри зэ-
рищтэр къыигъэлъэгъуащ. 9Абыхэмрэ дэрэ дякум Тхьэм зэхэгъэж
къыдилъхьакъым, абыхэм ягури фIэщхъуныгъэмкIэ игъэкъэб-
зэжащи. 10Дэри ди адэжьхэми тхуэмыхьа хьэлъэр ХьисэкIэ
фIэщхъуныгъэ зиIэхэм ятефлъхьэу, сыт Тхьэр вгъэунэхуну и
ужь фыщIитыр? 11Ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихьым и нэфI щыхуэ-
ныгъэм и фыгъэкIэ Тхьэм дымыкIуэду дыкъызэрыригъэлыр
ди фIэщ мэхъу, абы и нэфI щыхуэныгъэм и гъуэгукIэ хамэ
лъэпкъ щыщхэри мыкIуэду къызэрыригъэлым хуэдэу.
12ЦIыху зэхуэса псори щым хъуауэ, хамэ лъэпкъхэм я деж
Тхьэм Варнавэрэ Паулрэ нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэу щаригъэ-
гъэлъэгъуахэри Iуэху телъыджэу щаригъэлэжьахэри къы-
щаIуэтэжым, едаIуэрт. 13И ужькIэ, псэлъэн щаухым, Екъуб*
жиIащ:
– Си къуэшхэ, мы жысIэм фыкъедаIуэ! 14Тхьэр езым и цIэкIэ
зэджэну лъэпкъыр къыхихын щхьэкIэ, хамэ лъэпкъ щыщхэм
япэщIыкIэ зэреплъар Симон зэхыдигъэщIыкIащ. 15Бегъым-
бархэм я псалъэхэр Петр жиIам тохуэ. Тхьэм и псалъэу тхахэм
зэрыхэтым хуэдэу,*

16«ИтIанэ къэзгъэзэжынурэ,
Даут пащтыхьым и унэ къызэтеуар
зэтезгъэувэжынущ,
жеIэ Зиусхьэным.

---

15:5 фарисей – еплъ Маттэ 3:7.

15:13 Екъуб – еплъ 12:17.

15:15-18 Тхьэм и псалъэу тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Амос бегъымбарым и тхылъым 9:11-12; Ешайа бегъымбарым и тхылъым 45:21.

Зэхэкъутахэри сщIыжынурэ,
а унэр зэтезгъэувэжынущ,
[17]дунейм и цIыхуу къэнахэмрэ
сэ си цIыху хъуну къыхуезджа
хамэ лъэпкъ псомрэ
Зиусхьэным лъыхъуэн щхьэкIэ.
[18]Мыпхуэдэу жызыIар Зиусхьэну
мы Iуэхухэр куэд щIауэ цIыхухэм
езыгъэщIар арщ».

[19] Екъуб мыри къыщIигъужащ:
– Аращи, сэ сызэригугъэмкIэ, хамэ лъэпкъ щыщу Тхьэм и
гъуэгу техьэхэм гугъуехь ятелъхьэн хуейкъым. [20]Ауэ цIыхухэм
тхьэ нэпцIхэм хуащIа къурмэныпхъэм и лым, зинэ щIэным,
ятхьэла псэущхьэхэм я лым,* лъым* пэIэщIэ защIыну, езыхэм
къращIэну зыхуэмейр нэгъуэщIхэм ирамыщIэнуи дэ яхуэттхын
хуейщ; [21]сыт щхьэкIэ жыпIэмэ пасэрей зэманхэм къащыщIэдзауэ
Мусэ бегъымбарым и Торэт хабзэм итхэм къалэ псоми щезы-
гъэдаIуэхэри, щэбэт махуэ къэси абы итхэм щеджэ синэгуэгу-
хэри щыIэщ.

*Хамэ лъэпкъ щыщу фIэщхъуныгъэ зиIэ хъуахэм апостолхэмрэ нэхъыжьхэмрэ хуатха тхылъыр*

[22]Арати, члисэ зэхуэсым хэт псори я гъусэу, апостолхэмрэ
нэхъыжьхэмрэ мурад ящIащ езыхэм я цIыхухэм щыщу лIы
гуэрхэр къыхахыну, Паулрэ Варнавэрэ ящIыгъуу Антиохие
ягъэкIуэн щхьэкIэ. Къуэшхэм я унафэщIхэм ящыщу ВарсавэкIэ
зэджэ Иудэрэ Силэрэ хахащ. [23]Мыпхуэдэ тхылъ ятхри, абыхэм
иратащ:

«Фи къуэшхэу апостолхэми нэхъыжьхэми, фэ хамэ лъэпкъ-
хэм ящыщ къуэшхэу Антиохие къалэм дэсхэми, Сирие, Киликие
хэкухэм исхэми фIэхъус фыдох. [24]ЦIыху гуэрхэр дэ къытхэкIри,
„Сунэт фащIын хуейщ икIи Мусэ и Торэт хабзэм итхэм федэIуэн
хуейщ“, жаIэурэ, я псалъэхэмкIэ фызэIащIауэ икIи фагъэгузэ-

15:20 ятхьэла псэущхьэхэм я лыр – журт хабзэм зэрыжиIэмкIэ, псэущхьэхэр фIагъэж щыхъукIэ, лъы псори щIэжын хуейщ.

15:20 лъы – журт хабзэм зэрыжиIэмкIэ, лъы зыхэт шхын пшхыныр къезэгъыркъым.

вауэ дэ зэхэтхащ, ауэ ахэр дэ нэдгъэкIуакъым. [25]Аращи, дэ
дызэхуэсри, цIыху гуэрхэр хэтхыу, дэ фIыуэ тлъагъу Варнавэрэ
Паулрэ я гъусэу ныфхуэдгъэкIуэну дызэгурыIуащ. [26]А тIур Зиус-
хьэн Хьисэ Мэссихь и цIэм хуолажьэ, я псэми еблэжыркъым.
[27]Апхуэдэу Иудэрэ Силэрэ ныфхудогъакIуэ. Дэ ттхар абыхэм я
жьэкIэ къывгурагъэIуэнущ. [28] ФызэдэIуэн хуей мы унафэхэм
нэмыщI, нэгъуэщI хьэлъэ фтедмылъхьэну Тхьэм и Псэ ЛъапIэм-
кIи дэркIи тфIэигъуэщ. [29] ЦIыхухэм тхьэ нэпцIхэм хуаукIа къур-
мэныпхъэм и лым, лъым, ятхьэла псэущхьэхэм я лым, зинэ
щIэным пэIэщIэ зыфщI. Фэ къывващIэну фызыхуэмейр нэ-
гъуэщIхэм евмыщIэ! А Iуэхухэм пэIэщIэ зыфщIымэ, фIы фощIэ.
Узыншэу фыщыт!»

[30]А лIыхэр гъуэгум трагъэхьащ. Ахэр Антиохие щынэсым,
члисэ зэхуэсым щыщхэр зэхуашэсри, тхылъыр иратащ.
[31]Тхылъым щеджэм, ахэр абы ит хъыбарым игъэгушхуащ икIи
игъэгуфIащ. [32]Иудэрэ Силэрэ, бегъымбарти, къуэшхэм ягухэр
псалъэ куэдкIэ ягъэбыдэурэ ягъэгушхуащ. [33]Ахэр абы тIэкIурэ
щыпсэуа нэужь, къэзыгъэкIуахэм я деж ягъэзэжыну гъуэгу ма-
хуэкIэ ехъуэхъури, къуэшхэм ирагъэжьэжащ. [34]Ауэ Силэ Анти-
охие къыдэнэну триубыдащ. Иудэ Ерусалим игъэзэжащ.
[35]Паулрэ Варнавэрэ Антиохие къыдэнащ. НэгъуэщI куэдым я
гъусэу, цIыхухэм Зиусхьэным и псалъэхэр ирагъащIэрэ, хъы-
барыфIым щIагъэдэIуу, ахэр Антиохие дэсащ.

*Паулрэ Варнавэрэ зэрызэбгъэдэкIар*

[36]Зыкъом дэкIа нэужь, Паул Варнавэ жриIащ:

– Тхьэм и псалъэхэм щедгъэдаIуэу щыта къалэ псоми дэс
къуэшхэм я деж дыгъэгъэзэжи, зэрыпсэур зэдгъэгъэлъагъу.

[37]Варнавэ МарккIэ зэджэ Иуан здишэну хуейт. [38]Ауэ Паул
ар я гъусэу здашэныр игъуэу къилъытакъым; сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ МарккIэ зэджэ Иуан Памфилие хэкум щабгъэдэкIри,
абыхэм Iуэху ядищIэну ядэкIуэтэкъым. [39]Паулрэ Варнавэрэ
апхуэдизкIэ зэныкъуэкъуати, зэбгъэдэмыкIыу хъуакъым. Вар-
навэ Марк здишэри, Кипр хытIыгум кхъухькIэ кIуащ. [40]Паул
гъусэу Силэ къыхихащ. Къуэшхэм Тхьэм и нэфIыр абыхэм къа-
щыхуэну елъэIуа нэужь, ахэр гъуэгу техьащ. [41]Члисэ зэхуэсхэм
ящыщхэр ягъэгушхуэурэ, Сирие, Киликие хэкухэр зэхакIухьащ
абыхэм.

# 16-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тимофей Паулрэ Силэрэ гъусэ зэрахуэхъуар*

Паул Дервие къалэм, итIанэ Листрэ къалэм нэсащ иужькIэ.
Тимофей и цIэу ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ лIы гуэр абы дэ-
сащ. Абы и анэр фIэщхъуныгъэ зиIэ журтт, и адэр алыджт*.
2Листрэрэ Икониерэ дэс къуэшхэм а лIым пщIэ хуащIырт. 3Паул
Тимофей здишэну хуейт. А лъэныкъуэм ис журтхэм щхьэкIэ
Паул зыгуэрым Тимофей сунэт иригъэщIащ;* Тимофей и адэр
зэрыалыджыр цIыху псоми ящIэрти. 4Къалэхэр къызэхакIу-
хьурэ, Ерусалим дэс апостолхэмрэ нэхъыжьхэмрэ ягъэува уна-
фэхэм едэIуэн щхьэкIэ, фIэщхъуныгъэ зиIэхэм а унафэхэр
жраIэрт. 5Апхуэдэу, члисэ зэхуэсхэм щыщхэм фIэщхъуныгъэ-
шхуэ яIэ нэхъ хъуурэ, фIэщхъуныгъэ зиIэхэм я бжыгъэм махуэ
къэси хэхъуэрт.

*Троадэ къалэм Тхьэм Паул лIы гуэр*
*къызэрыщыхуигъэхутар*

6Паулрэ и гъусэхэмрэ, Асие хэкум цIыхухэр Тхьэм и псалъэ-
хэм щрагъэдэIуэн мурадкIэ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм хуит имы-
щIауэ, Фригиемрэ Галатиемрэ я хэкум зэпрыкIащ. 7Мисие хэкум
щынэсым, Вифиние хэкум ихьэну хэтащ, ауэ Хьисэ и Псэ
ЛъапIэм ахэр хуит ищIакъым. 8Мисие хэкум кIуэцIрыкIри,
Троадэ къалэм* ехащ итIанэ. 9Тхьэм Паул зыгуэр къыхуигъэху-
тащ жэщым: Македоние хэкум* щыщ лIы гуэр къэхутэри
къелъэIуащ:
– Македонием къакIуи, дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъу, – жиIэри.

---

16:2 алыдж – грек.

16:3 сунэт иригъэщIащ – Тимофей и анэр зэрыжуртым щхьэкIэ Тимофей журту ялъытэн хуеящ. Ауэ ар сунэт ямыщIатэмэ, цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм иригъэдэIуэн IуэхумкIэ синэгуэгухэм Паул щыдэIэпыкъун лъэкIынутэкъым.

16:8 Троадэ къалэр – кхъухь тедзапIэ иIэрэ, Эгейскэ хым Iуту (иджырей Тыркум и къухьэпIэ хы Iуфэрщ) Мисие хэкум щыщт.

16:9 Македоние хэкур – Рим къэралыгъуэшхуэм щыщт. Иджырей Грецием и ищхъэрэ лъэныкъуэм хуэзэрт. Македонием и къалэшхуэу щытар Фессалоникэ жыхуаIэрщ.

[10]Тхьэм Паул ар къызэрыхуигъэхутэу, хъыбарыфIыр а цIыхухэм хуэтIуэтэну Тхьэм дыкъызэрыхуриджам дыщыгугъыу, Македоние хэкум дыкIуэну зыдгъэхьэзыращ.*

*Лидие зи цIэ цIыхубзыр Хьисэ и гъуэгу зэрытехьар*

[11]Апхуэдэу Троадэ къалэм кхъухькIэ дыщежьэщ, Самофракие
хытIыгум занщIэу дыкIуэри, етIуанэ махуэм Неапол къалэм
дынэсащ. [12]Абы дыдэкIри, Филиппи къалэм дыкIуащ итIанэ.
Ар Македоние хэкум хыхьэу а лъэныкъуэм щыIэ къалэхэм я нэхъ инт. А къалэр зыухуар Рим къэралыгъуэшхуэм и цIыхухэращ. А къалэм махуэ бжыгъэкIэ дыщыIащ.

[13]Къалэм щэбэт махуэм дыдэкIри, псым дыкIуащ. Абдежым
цIыхухэр Тхьэм щелъэIу щIыпIэ къыщыдгъуэтынщ жытIэщ,
дытIысри, къызэхуэса цIыхубзхэм депсэлъащ. [14]ЦIыхубз гуэр,
Лидие и цIэу, яхэт абыхэм, къэдаIуэу. Ар Фиатирэ къалэм дэс щэкI плъыжь-фIыцIафэ лъапIэ зыщэхэм ящыщт. Тхьэр игъэлъапIэрт абы. Паул жиIахэм и фIэщу едэIуэну, Тхьэм абы и гур
хузэIуихащ. [15]Ари и унэм исхэри думэхъащ дэ. Арати, а
цIыхубзыр къыдэлъэIуащ:

– ЗиусхьэнымкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм сащыщу флъытэмэ, си унэм фынеблагъэ.

Ар ди фIэщ ищIри, дригъэблэгъащ.

*Тепщэныгъэ зиIэхэм Паулрэ Силэрэ Филиппи къалэм лъэхъуэщым зэрыщыщIадзар*

[16]Тхьэм щелъэIу щIыпIэм махуэ гуэрым дыздэкIуэм, жин бзаджэм иIыгъыу, тхьэгурымагъуэ унэIут хъыджэбз гуэр къытIущIащ. КъэхъункъэщIэн Iуэхухэр цIыхухэм яжриIэурэ, и тепщэхэм ахъшэ куэд къахуилэжьырт абы. [17]А хъыджэбзым,
Паулрэ дэрэ ди ужь имыкIыу, ину псалъэурэ жиIэрт:

– Мы лIыхэр Тхьэуэ Лъагэм и лIыкIуэщ. Тхьэм фымыкIуэду фыкъызэрыригъэлын гъуэгур абыхэм къывжаIэ.

[18]Махуэ зыбжанэкIэ апхуэдэу ищIа нэужь, Паул губжьщ, зыкъригъэзэкIри, хъыджэбзыр зыIыгъ жин бзаджэм жриIащ:

---

16:10 зыдгъэхьэзыращ – Троадэ къалэм къыщыщIэдзауэ Филиппи къалэм нэсыху мы тхылъыр зытхар Паул и гъусэу щытащ.

– Хьисэ Мэссихь и цIэкIэ мы хъыджэбзым ухэкIыну унафэ
пхузощI.

Ар зэрыжиIэу, жин бзаджэр хъыджэбзым хэкIыжащ.

19Зыщыгугъ ахъшэ къэкIуапIэр зэрамыIэжыр хъыджэбзым
и тепщэхэм щалъагъум, Паулрэ Силэрэ яубыдри, тепщэныгъэ
зиIэхэм я пащхьэм къалэ утым щралъэфащ. 20Iэтащхьэхэм я
пащхьэм щрашэм, абыхэм мыпхуэдэу жаIащ:

– Мы лIыхэр журтщ. Ди къалэм дэсхэр хуабжьу зэIащIэ.
21Дэ, Рим къэралышхуэм и цIыхухэм, дымыщIапхъэ-зедмы-
хьэпхъэ хабзэхэр цIыхухэм ирагъащIэ.

22ЦIыхубэр, адрейхэм я гъусэу, Паулрэ Силэрэ тезэрыгуащ.
Iэтащхьэхэм Паулрэ Силэрэ я щыгъынхэр зэфIатхъри, щIопщкIэ
абыхэм еуэну зауэлIхэм унафэ хуащIащ. 23Удын куэд ираха
нэужь, ахэр лъэхъуэщым щIадзащ. Лъэхъуэщым и хъумакIуэм
ахэр сакъыу ихъумэну унафэ хуащIащ. 24Апхуэдэ унафэ щы-
хуащIым, Паулрэ Силэрэ лъэхъуэщым хэт хьэпсэм иридзэри,
я лъакъуэхэр пкъом ирипхащ хъумакIуэм.

25Паулрэ Силэрэ Тхьэм елъэIуурэ, тхьэщIыхь уэрэдхэр жаIэу
щIадзащ жэщ ныкъуэм. Лъэхъуэщым щIэс адрей цIыхухэри
къедаIуэрт. 26ЩIыр напIэзыпIэм ин дыдэу хъейри, лъэхъуэщым
и лъабжьэр къызэщIэзджызджащ. А сыхьэт дыдэм лъэхъуэ-
щым и бжэ псори къызэIукIащ, лъэхъуэщым щIэс псоми я гъущI
Iэхъулъэхъухэри къызэрылъэлъащ. 27Лъэхъуэщым и хъумакIуэр
къэушри, лъэхъуэщым и бжэхэр зэIухауэ щилъагъум, абы
щIэсахэр щIэпхъуэжауэ къыфIэщIщ, и джатэр кърихри, зиукIы-
жыну хуежьащ. 28Ауэ Паул макъышхуэкIэ джэри, жиIащ:

– Лей зумыхыж! Дэ псори мыбы дыщIэсщ!

29Лъэхъуэщым и хъумакIуэм зыгуэрым уэздыгъэ нэху
къригъэхьащ, лъэхъуэщым щIэлъадэри, Паулрэ Силэрэ я лъаб-
жьэм кIэзызу зыщIидзащ. 30ИтIанэ ахэр лъэхъуэщым къыщIи-
шыжри, жиIащ:

– Зи щIыхь инхэ, Тхьэм сымыкIуэду сыкъригъэлын щхьэкIэ,
сыт сщIэн хуейр?

31 – Зиусхьэн ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зигъэIи, уэри уи уна-
гъуэри Тхьэм фымыкIуэду фыкъригъэлынущ, – жаIащ абыхэм.

32Апхуэдэу щыхъум, Паулрэ Силэрэ лъэхъуэщым и хъума-
кIуэми абы и унэм щIэс псоми Зиусхьэным и псалъэхэр хуаIуэ-
тащ. 33А жэщым, а сыхьэт дыдэм, лъэхъуэщым и хъумакIуэм
Паулрэ Силэрэ унэ гуэрым щIишэри, я уIэгъэхэр яхуитхьэ-

щIыжащ. Абы и ужькIэ езыми и бын псоми, пIалъэ къы-
хамыгъэкIыу, зрагъэумэхъащ. [34]Лъэхъуэщым и хъумакIуэм ахэр
езым и унэм щIишэри, игъэшхэну Iэнэ къахуищтащ. ТхьэмкIэ
фIэщхъуныгъэ яIэ зэрыхъуам щхьэкIэ езыри и унагъуэри
гуфIащ.

[35]Нэху щыщым, IэтащхьэхэмIя IуэхутхьэбзащIэхэр, «Мы лIы-
хэр щхьэхуит фщIыж!» жраIэну, лъэхъуэщым и хъумакIуэм деж
ягъэкIуащ. [36]Лъэхъуэщым и хъумакIуэм а хъыбарыр Паул
жриIэжащ:

– Iэтащхьэхэм фаутIыпщыжыну я IуэхутхьэбзащIэхэр къа-
гъэкIуащ. Аращи, иджы фыщIэкIыж. Гъуэгу махуэ!

[37] – Рим цIыхухэм* дащыщ пэтми, хьэкум къыттрамыщIыхьу
цIыхухэм ялъагъуу щIопщкIэ къыдэуэри, лъэхъуэщым дыщIа-
дзащ, – яжриIащ Паул. – Щэхуу даутIыпщыжыну ара иджы?
Хьэуэ, ар хъунукъым, езыхэр кърекIуи, дыщIрешыж!

[38]IуэхутхьэбзащIэхэм а псалъэхэр Iэтащхьэхэм хуаIуэтэжащ.
Паулрэ Силэрэ рим цIыхухэм зэращыщыр щызэхахым, шынащ.
[39]Ахэр къакIуэри, къелъэIуащ, «Губгъэн къэтхуэвмыщI», жаIэри.
Лъэхъуэщым къыщIашыжри, къалэм дэкIыжыну елъэIуащ.
[40]Паулрэ Силэрэ лъэхъуэщым къыщIэкIыжри, Лидие и унэм
кIуащ. Абдежым къуэшхэм щахуэзэри, ахэр ягъэгушхуащ.
Къалэм дэкIыжащ итIанэ.

# 17-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Фессалоникэ къалэм и цIыхухэм Паулрэ и гъусэхэмрэ
гугъуехь зэрырагъэшэчар*

Паулрэ и гъусэхэмрэ Амфипол, Аполлоние къалэхэм къаблэ-
кIри Фессалоникэ къалэм къэкIуащ. Журтхэм абы синэгуэгу
щаIащ. [2]Паул, зэрихабзэу, абыхэм я синэгуэгум щIыхьэри,
Тхьэм и псалъэу тхахэм щыщ къахуеджэурэ, щэбэт махуищкIэ
абыхэм щедэуащ. [3]Мэссихь, гугъуехь ишэча нэужь, лIахэм
къахэтэджыкIыжын хуейуэ зэрыщытар захригъэщIыкIыурэ,
яхуигъэнэхуащ.

16:37 Рим цIыхухэр – рим хабзэм и унафэм тету, рим тепщэныгъэ зиIэхэм, рим цIыхухэр ягъэпшынэн щхьэкIэ, щIопщкIэ абыхэм еуэ хъунутэкъым.

– Хьисэ зи хъыбар фхуэсIуатэр Мэссихьыращ, – жиIащ.
4Журтхэм ящыщ зыкъомым фIэщхъуныгъэ яIэ хъури, Паулрэ
Силэрэ гъусэ зыхуащIащ. Абыхэм нэмыщI, Тхьэр зыгъэлъапIэ
алыджхэм ящыщ куэдми, цIыхубз цIэрыIуэхэм ящыщ куэдми
фIэщхъуныгъэ яIэ хъуащ.

5Ауэ фIэщхъуныгъэ зиIэ мыхъуа журтхэр фыгъуэрти, цIыху
зэхуэсыпIэм лIы напэншэхэр къыщагъуэтщ, цIыху гупышхуэ
зэхуашэсри, абыхэм къалэм дэсхэр къызэщIагъэстащ. Иасон и
унэм ежалIэри, Паулрэ Силэрэ къыщIашу, цIыхухэм я пащхьэм
кърашэну мурад ящIащ итIанэ. 6Ахэр щамыгъуэтым, Иасонрэ
къуэшхэм ящыщ гуэрхэмрэ къалэ къулыкъущIэхэм я пащхьэм
иралъафэри, кIийурэ мыпхуэдэу жаIащ:

– Дуней псори зэIызыщIэ мы цIыхухэр мыбы къэкIуащ иджы.
7Иасон и унэм иригъэблэгъащ ахэр. «НэгъуэщI пащтыхь,
Хьисэ зи цIэр, щыIэщ», жаIэурэ кесарым и унафэхэм поув.

8Апхуэдэу щыжаIэм, цIыхубэри къалэ къулыкъущIэхэри
къагъэпIейтеящ. 9Къалэм къулыкъущIэхэм Иасонрэ и гъусэхэмрэ
тхьэ ирагъаIуэри, къаутIыпщыжащ абы и ужькIэ.

*Верие къалэм дэс цIыхухэм ящыщ куэд Хьисэ и гъуэгу зэрытехьар*

10Жэщ зэрыхъуу, къуэшхэм Паулрэ Силэрэ Верие къалэм
ягъэкIуащ. Зэрынэсу, ахэр журтхэм я синэгуэгум щIыхьащ.
11Фессалоникэ дэсхэм нэхърэ, Верие дэсхэм щыпкъагъэ нэхъ
яхэлът. Тхьэм и псалъэхэм я гуапэу еувэлIащ. Паул жиIахэр
Тхьэм и псалъэу тхахэм техуэрэ темыхуэрэ зэхагъэкIын щхьэкIэ,
Тхьэм и псалъэу тхахэм махуэ къэси хэплъэрт. 12Журтхэм ящыщ
куэдми, алыдж цIыхубз цIэрыIуэхэмрэ цIыхухъухэмрэ ящыщ
зыкъомми фIэщхъуныгъэ яIэ хъуащ.

13Паул Верие къалэм дэс цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм иригъэдаIуэу зэрыщытар Фессалоникэ щыщ журтхэм къыщащIэм,
Верие къакIуэри, цIыхубэр зэщIагъэплъащ икIи къагъэпIейтеящ.
14Къуэшхэм Паул хы Iуфэм ягъэкIуащ занщIэу, Силэрэ
Тимофейрэ Верие къалэм къыдэнащ. 15Паул зышэхэм ар Афинэ
къалэм нагъэсащ. Силэрэ Тимофейрэ езым деж псынщIэу къэкIуэну Паул зышахэм унафэ яхуищIа нэужь, абыхэм ягъэзэжащ.

## *Афинэ къалэм дэс цIыхухэм я пащхьэм Паул къызэрыщыпсэлъар*

16Афинэ къалэм Силэрэ Тимофейрэ щапэплъэу, тхьэ нэпцI
сурэтхэр къалэм дэзу щилъагъум, ар Паул игу къеуащ. 17Паул
журтхэмрэ Тхьэр зыгъэлъапIэхэмрэ синэгуэгум щепсалъэрт,
зэхуэсыпIэм щызэIущIэхэми махуэ къэси щедауэрт. 18Епику-
рейхэмрэ* стоикхэмрэ* ящыщ философ гуп Паул къедауэу щIад-
защ.

– Мы щхьэгъавэм сыт жиIэну зыхуейр? – жаIащ зыкъомым.

– Мы лIым тхьэ хамэхэм я хъыбар къиIуатэ хуэдэщ, – жаIащ
адрейхэм. Апхуэдэу щIыжаIар Паул Хьисэрэ лIахэр къызэ-
рытэджыжынумрэ* теухуа хъыбархэр цIыхухэм яхуиIуатэу
зэрыщытарщ. 19А философхэм ареопаг* Iуащхьэм деж щы-
зэIущIэ хасэм Паул здашэри къыжраIащ итIанэ:

– Уэ цIыхухэм ебгъащIэ IуэхущIэхэр къыдгурыбгъэIуэн?
20Псалъэ гъэщIэгъуэнхэр къыджыбоIэ. Абыхэм къикIыр тщIэн
ди гуапэщ.

21Афинэ къалэм щыщ псоми, абы дэс хамэхэми хъыбары-
щIэхэр яIуэтэнымрэ едэIуэнымрэ зыпащI щыIэтэкъым, а
Iуэхуми зэман куэд яфIэфIыпсу трагъэкIуадэрт.

22Ареопаг Iуащхьэм щызэIущIэ хасэм и пащхьэм къиувэри,
Паул жиIащ:

– Афинэ дэс лIыхэ! Фэ тхьэ куэдыр сыт и лъэныкъуэкIи ину
вгъэлъапIэу солъагъу; 23сэ къэскIухьурэ, фи тхьэлъэIупIэхэм
сыщеплъым, мыпхуэдэу зытетха къурмэнщIыпIэ* гуэр сри-
хьэлIащ: «ДымыщIэ Тхьэм щхьэкIэ». Аращи, фэ фымыщIэ
Тхьэм и хъыбарыращ сэ фхуэсIуатэр.

---

17:18 Епикурейхэр – алыдж философу Епикурей зи цIэр Хьисэ къэхъун и пэкIэ 270-рэ гъэм дунейм ехыжащ. Абы зэрыжиIамкIэ, гъащIэм нэхъыфIу дыдэу хэлъыр утхъэжу упсэуныращ.

17:18 Стоикхэр – абыхэм алыдж философу Сено зи цIэм жиIэгъахэр цIыхухэм гурагъаIуэу щытащ. (Сено щылIар Хьисэ къэхъун и пэкIэ 265 гъэрщ.) Стоик философхэм утхъэу упсэуну жыхуаIэм кърагъэкIыр гугъуехь плъагъуми, тыншыгъуэ плъагъуми, узыхуейр къыбдэхъуми, къыбдэмыхъуми, гузэгъэгъуэ уиIэу укъэнэнырщ.

17:18 лIахэр къызэрытэджыжынур – «Къэтэджыжыныгъэ» жыхуаIэ псалъэр алыджыбзэкIэ жаIэмэ, пхэнжу цIыхубз тхьэ гуэрым и цIэу къагурыIуэнкIи мэхъу.

17:19 Ареопаг – «Ареопаг» псалъэм къикIыр «Арес и Iуащхьэщ». Алыджхэм я тхьэуэ жыхуаIэхэм ящыщу зауэм и тхьэр Аресырщ. Афинэ къалэм дэсхэм я хасэр а Iуащхьэм щызэIущIэрт.

17:23 къурмэнщIыпIэ – алыджхэм тхьэ куэд ягъэлъапIэрт. ЯмыщIэ тхьэ гуэр щыIэмэ, ари ягъэлъэпIэн щхьэкIэ, ямыщIэ тхьэхэм щхьэкIэ къурмэнщIыпIэхэр ягъэуващ.

24 – Тхьэуэ дунейри дунейм тетхэри къэзыгъэщIар уафэми щIылъэми я Зиусхьэнырщ. Ар цIыхухэм я IэкIэ ящIа тхьэлъэIупIэ унэшхуэхэм щIэскъым. 25ЦIыхухэм я IэкIэ езым зыгуэр къыхуащIын хуейкъым. Аращ псэ зыIут псори щызыгъэIэри, жьы къезыгъапщэри, зыхуэныкъуэ псори езыгъэгъуэтри. 26Тхьэм зы цIыху закъуэм цIыху лъэпкъ псори къыхигъэхъукIащ, ахэр дунейм дэнэкIи щыпсэун щхьэкIэ. Я тетыгъуэхэмрэ я псэупIэхэмрэ гъунапкъэ яхуэхъунур игъэуващ. 27Тхьэм цIыхухэр къыщIигъэщIар ахэр езым лъыхъуэурэ икIи Iэбэрабэурэ, Iэмал гуэркIэ къагъуэтын щхьэкIэщ. Апхуэдэу щыт пэтми, Тхьэр дэ тщыщ дэтхэнэми пэжыжьэкъым, 28«Езыращ дызыгъэпсэури, дызезыгъакIуэри, дыщызыгъэIэри», зыгуэрым зэрыжиIам хуэдэу.* «Дэри дрибынщ», фэ фи тхакIуэхэм* ящыщ зыкъомым зэрыжаIам хуэдэу.

29 – Аращи, Тхьэм дызэрибыным щхьэкIэ, цIыхухэм я IэпэIэсагъэрэ акъылыфIагъэкIэ дыщэм, дыжьыным, мывэм къыхащIыкIа сурэтхэм Тхьэр яхуэдгъадэ хъунукъым. 30БлэкIа зэманхэм, цIыхухэм щIэныгъэ ямыIэу щыщытам, Тхьэр абыхэм нэ IейкIэ къеплъыгъакъым, атIэ цIыху псоми, дэнэ щыIэми, я гуэныхьхэм хущIегъуэжыну унафэ къахуещI иджы; 31сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм зы махуэ игъэуващ. Езым къигъэлъэгъуа лIым дунейм и цIыху псоми хьэкум захуэ ятригъэщIыхьынущ а махуэм. Апхуэдэу зэрыхъунур Тхьэм цIыху псоми ягуригъэIуащ а лIыр лIахэм къахигъэтэджыкIыжурэ.

32ЛIахэр къызэрытэджыжынум и хъыбарыр Паул жиIэу щызэхахым, языныкъуэхэр Паул щыдыхьэшхащ, языныкъуэхэм жаIащ:

– Уэ мы жыпIа хъыбарым дедэIуэну дыхуейщ дяпэкIи.

33Апхуэдэу, Паул абыхэм яхэкIыжащ. 34Зыкъомым Паул гъусэ зыхуащ, фIэщхъуныгъэ яIэ хъуащ. Ареопаг Iуащхьэм щызэIущIэ хасэм щыщ Дионисий, Дамар и цIэу цIыхубз гуэр, нэгъуэщI зыкъоми а фIэщхъуныгъэ зиIэ хъуахэм яхэтт.

---

17:28 зыгуэрым зэрыжиIам хуэдэу – Крит хытIыгум щыщ тхакIуэ Епименид зи цIэрауэ къыщIэкIынщ.

17:28 фи тхакIуэхэр – е Арат зи цIэрщ, е Клеонт зи цIэрщ.

# 18-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Коринф къалэм цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм*
*Паул щригъэдаIуэу зэрыщытар*

Паул Афинэ къалэм дэкIыжри, Коринф къалэм кIуащ абы и
ужькIэ. [2]Абы Паул зы журт гуэр, Акилэ и цIэу, Понт хэкум
къыщалъхуар, къыщигъуэтри IущIащ. Акилэрэ абы и щхьэгъусэ
Прискиллэрэ Италие къэралым къикIагъащIэт; Клаудий ке-
сарым* журт псоми Рим къалэшхуэр ябгынэну унафэ яхуищIы-
гъати. Паул Акилэрэ Прискиллэрэ я деж кIуащ. [3]Я IэщIагъэр
зэрызэхуэдэм щхьэкIэ Паул абыхэм я деж щыIэу ядэлажьэрт.
Абыхэм я IэщIагъэр шэтыр щIынырт. [4]Паул и псалъэхэр журт-
хэмрэ алыджхэмрэ фIэщ зэращищIыным хэту, абыхэм синэ-
гуэгум щедауэрт щэбэт махуэ къэс.

[5]Силэрэ Тимофейрэ Македоние хэкум къыщикIым, Паул гурэ
псэкIэ цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм иригъэдаIуэурэ, Хьисэ зэры-
Мэссихьым* журтхэм я пащхьэм щыхьэт щытехъуэрт. [6]Ауэ
журтхэр Паул пэувыжу щыхуэхъущIэм, и щыгъынхэр абыхэм
я пащхьэм щиутхыпщIыжри яжриIащ:

– Къуаншэр фэращи, фи къуаншагъэм пэкIуэр фи щхьэм
лъресыж! Сэ сыкъабзэщ. Хамэ лъэпкъхэм я деж сыкIуэнущ нобэ
щыщIэдзауэ.

[7]Арати, Паул синэгуэгум къыщIэкIыжри, Тхьэр зыгъэлъапIэу
Иуст зи цIэ лIы гуэрым и унэм кIуащ. Абы и унэр синэгуэгум
гуэтт. [8]Синэгуэгум и пашэ Крисп, и унагъуэр зэрыщыту и гъу-
сэу, ЗиусхьэнымкIэ фIэщхъуныгъэ иIэ хъуащ. Коринф къалэм
дэс цIыху куэди Паул едэIуэурэ, фIэщхъуныгъэ яIэ хъури, зра-
гъэумэхъащ.

[9]Жэщ гуэрым Зиусхьэныр Паул къыхуэхутэри къыжриIащ:

– Умышынэ, ауэ зумыущэху, псалъэ зэпыт, [10]сэ сыуигъусэ-
нущ. Уэ къокъуэншэкIыну зым и Iи къикIынукъым. Си цIыху-
хэм яцыщ куэд мы къалэм дэсщ.

[11]Паул, цIыхухэм Тхьэм и псалъэхэр яригъащIэурэ, зы илъэс-
рэ ныкъуэкIэ а къалэм дэсащ.

---

18:2 Клаудий кесарыр – еплъ 11:28. Хьисэ къэхъуа нэужь, 49 гъэм Клаудий журтхэр Рим къалэшхуэм къыдихуащ.

[12]Галлион* зи цIэр Ахаие хэкум и Iэтащхьэ щыхъум, журтхэр
зэгъусэ хъущ, Паул тезэрыгуэри, хеящIэм и пащхьэм ирашащ.
[13] – Хабзэм и унафэм темыту Тхьэр зэрагъэлъапIэ Iэмалхэр
мы лIым цIыхухэм ярегъащIэ, – жаIащ абыхэм.
[14]Паул къэпсэлъэну щыхуежьэм, Галлион журтхэм яжриIащ:
– Журтхэ, мы лIым мыхъун гуэр е бзаджагъэ гуэр ищIатэмэ,
си гуапэу сынывэдэIуэнт. [15]Ауэ псалъэхэмкIи, цIэхэмкIи, фи То-
рэт хабзэмкIи иджы фыщызэныкъуэкъукIэ, фэр-фэру мы Iуэхур
зэхэвгъэкI. Мы Iуэхум хьэкум тесщIыхьыну сыхуейкъым сэ.
[16]Ар къажриIэри, Галлион ахэр хеящIэ унэм къыщIигъэкIы-
жащ. [17]А цIыху псоми синэгуэгум и пашэ Сосфен яубыдри,
хеящIэ унэм и бжэIупэм щакъуащ, ауэ Галлион зыри къыфIэ-
Iуэхуакъым.

*Паул Сирие хэкум зэригъэзэжар*

[18]Паул Коринф къалэм махуэ куэдкIэ щыIа нэужь, къуэшхэм
я Iэр иубыдыжри, Прискиллэрэ Акилэрэ щIыгъуу, Сирие хэкум
кIуэну кхъухьым итIысхьащ. Паул и щхьэр Кенхрей къалэм*
джафэу щригъэупсащ. ЩIригъэупсар тхьэ иIуати, арщ.* [19]Ефес
къалэм къыщысым, Паул Прискиллэрэ Акилэрэ къигъанэщ,
синэгуэгум щIыхьэри, журтхэм щеныкъуэкъуащ. [20]Абыхэм я
деж нэхъыбэрэ щыIэну къыщелъэIум, Паул идакъым. [21]Ауэ
ежьэжыну я Iэхэр щиубыдыжым, жиIащ:
– КъэкIуэну махуэшхуэм Ерусалим сыщыIэн хуейщ, ауэ
Тхьэм жиIэмэ, фи деж къэзгъэзэжынущ.
Ефес къалэм кхъухькIэ щежьэжащ итIанэ.
[22]Кесарие къалэм щыIа нэужь, Ерусалим кIуащ. Члисэ
зэхуэсым щыщхэм фIэхъус ярихри, Антиохие кIуащ итIанэ.
[23]Антиохие тIэкIурэ дэса нэужь, Паул гъуэгум техьэжри,
ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ псоми ягухэр игъэбыдэрэ игъэгу-
шхуэу, хэкухэу Галатиерэ Фригиерэ къызэхикIухьащ чэзу-чэзууэ.

---

18:12 Галлион – Хьисэ къэхъуа нэужь, 51 гъэм Галлион Рим къэралышхуэм щыщ Ахаие хэкум и Iэтащхьэ хъуну къагъэлъэгъуащ. Ахаие хэкур иджырей Грецием и ипщэ Iыхьэщ. Коринф а хэкум и къалэшхуэу щытащ.

18:18 Кенхрей къалэр – Коринф къалэм епхарэ кхъухь тедзапIэ иIэу хы Iуфэм Iутащ.

18:18 Тхьэ иIуати – тхьэрыIуэ гуэр зэрагъэзэщIам и нэщэнэм хуэдэу, журтхэм я щхьэр джафэу яупсын хуейуэ хабзэ яхэлъащ.

*Ефес къалэм цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм*
*Аполлос щригъэдаIуэу зэрыщытар*

[24]Александрие къалэм щыщу Аполлос зи цIэ журт гуэр Ефес
къэкIуащ а махуэхэм. Ар жьакIуэт, Тхьэм и псалъэ тхахэмкIи
щIэныгъэшхуэ иIэт. [25]Зиусхьэным и гъуэгум теухуа хъыбарым
фIыуэ щыгъуазэт. Гурэ псэкIэ къэпсалъэурэ, пэжыгъэм тету,
Хьисэ и хъыбарыр цIыхухэм яригъащIэрт. Апхуэдэу щыт пэт-
ми, умэхъын хабзэу Иуан зытепсэлъыхьу щытам нэмыщI, нэ-
гъуэщI умэхъын хабзэ* зэрыщыIэр ищIэртэкъым. [26]Синэгуэгум
гушхуэныгъэкIэ къыщыпсалъэу щIидзащ абы. Прискиллэрэ
Акилэрэ Аполлос къэпсалъэу щызэхахым, ар я унэ яшэри, Зиус-
хьэным и гъуэгум теухуа хъыбарыр нэхъыфIу къыгурагъэIуащ.
[27]Аполлос Ахаие хэкум кIуэну мурад щищIым, къуэшхэм а
къалэм дэс цIыхуу ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм тхылъ хуа-
тхащ, «Аполлос ныщыкIуэкIэ, евгъэблагъэ», жиIэу иту. Аполлос
абы нэсри, Тхьэм и нэфIыр зэращыхуам щхьэкIэ, фIэщхъуныгъэ
зиIэ хъуахэм куэдрэ ядэIэпыкъуащ. [28]Тхьэм и псалъэу тхахэмкIэ
Хьисэ зэры-Мэссихьыр яхуигъэнахуэурэ, цIыхухэм я пащхьэм
щиIуэта псалъэ лъэщхэмкIэ журтхэм ятекIуащ.

## 19-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Ефес къалэм цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм*
*Паул щригъэдаIуэу зэрыщытар*

Аполлос Коринф къалэм щыщыIэм, Паул ипщэ хэкухэм
якIуэцIрыкIри, Ефес къалэм* нэсащ. Абы ХьисэкIэ фIэщхъу-
ныгъэ зиIэ цIыху гуэрхэр къыщигъуэтри, еупщIащ:
[2] – ФIэщхъуныгъэ фиIэ щыхъум, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр фи
гум илъ хъуа?

---

18:25 нэгъуэщI умэхъын хабзэ – Аполлос чыристанхэм цIыхухэр щIаумэхъыр ищIэртэкъым. Еплъ 19:2-5.

19:1 Ефес къалэр – Рим къэралыгъуэшхуэм хыхьэ Асие хэкум и къалэшхуэу щытащ.

– Тхьэм и Псэ ЛъапIэр щыIэуи зэхэтхакъым, – къыжраIащ абыхэм.

[3] – Умэхъын хабзэу* зефхьэм къикIыр сыт? – еупщIащ Паул абыхэм.

– Иуан зытепсэлъыхьа умэхъын хабзэрщ, – къыжаIащ абыхэм.

[4] – Иуан зи гуэныхьхэм хущIегъуэжахэр иумэхъыу щытащ, – жиIащ Паул. – Езым и ужькIэ къэкIуэну Мэссихь ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ яIэн зэрыхуейр цIыхухэм яжриIащ.

[5]Ар щызэхахым, Зиусхьэн Хьисэ и цIэкIэ зрагъэумэхъащ.
[6]Паул и Iэхэр щатрилъхьэм, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къахуехри,
ямыщIэ бзэхэмкIэ къепсэлъащ. Тхьэм и псалъэхэр ягухэм
кърилъхьэурэ, ахэр къажригъэIащ. [7]ЦIыху пщыкIутI хуэдиз
хъурт ахэр.

[8]Паул синэгуэгум щIыхьэри, тегушхуауэ цIыхухэм едауэурэ,
Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм* теухуа хъыбарыр я фIэщ ищIу
мазищкIэ яхуиIуэтащ. [9]Ауэ абыхэм цIыху ерыщ гуэрхэр яхэтащ,
цIыхухэм я пащхьэм Зиусхьэным и гъуэгум IейкIэ щытепсэлъыхьрэ, фIэщхъуныгъэ яIэ хъуну ямыдэу. Ар щилъагъум, Паул
абыхэм къахэкIыжри, ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр къахишащ, Тыранн зи цIэм и еджапIэм Тхьэм и псалъэхэм махуэ
къэс щригъэдаIуэуи щIидзащ. [10]Паул Асие хэкум ис алыдж псоми
журт псоми Зиусхьэн Хьисэ теухуа хъыбарыфIыр илъэситI
енкIэ яхуиIуэтащ.

*Скевэ и къуэхэр, жин бзаджэхэр цIыхухэм хахуну зэрыщIэкъуар*

[11]Тхьэм Паул Iуэху телъыджэ дыдэхэр иригъащIэрт. [12]Паул
и щIыфэм еIуса напэIэлъэщIхэри щыгъын щIыIутелъхэри
сымаджэхэм тралъхьэрт. ЩытралъхьэкIэ, ахэр хъужырт, ахэр
зыIыгъ жин бзаджэхэри яхэкIыжырт.

[13]Ауэ цIыхухэм жин бзаджэхэр хахуурэ къэзыкIухьу щыта
журт гупым Хьисэ и цIэр жаIэурэ, жин бзаджэхэр цIыхухэм
хахуну щIэкъурт.

– Хьисэу зи хъыбар Паул жиIэм и цIэкIэ мы цIыхум фыхэкIыну унафэ фхузощI, – жаIэрт абыхэм.

---

19:3 умэхъын хабзэр – еплъ Маттэ 3:1.

[14] Журт дин пашэшхуэу Скевэ зи цIэм и къуиблми апхуэдэу ящIырт.

[15] – Хьисэ соцIыху, Паул и хъыбари зэхэсхащ, ауэ фэ хэт фыщыщ? – жэуап яритыжащ жин бзаджэм.

[16]Жин бзаджэм иIыгъ лIыр къажьэхэлъэри, а псоми къатекIуащ. АпхуэдизкIэ хьэкIэкхъуэкIагъэ ярищIати, пцIанэрэ зэхэуIауэ унэм къыщIэжыжащ.

[17]Мы хъыбарыр Ефес къалэм дэс алыджхэми журтхэми щызэхахым, псори шынагъуэшхуэм хэхуащ. Апхуэдэу щыхъум, Зиусхьэн Хьисэ и цIэм щIыхьышхуэ хуащIу щIадзащ. [18]ФIэщхъуныгъэ зиIэ хъуахэм ящыщ куэд къакIуэри, ялэжьа бзаджагъэмкIэ, цIыхухэм зэхахыу, заумысыжащ. [19]Удыгъэ Iуэхум хэт цIыху куэдым я тхылъхэр зэхуахьэсри, цIыху псоми ялъагъуу ягъэсащ. А тхылъхэм я уасэхэр къыщалъытэм, дыжьын ахъшэ* мин щэ ныкъуэ хъуащ. [20]Апхуэдэу, Зиусхьэным и псалъэхэм ину заубгъуурэ, цIыху нэхъыбэм ялъэIэсащ.

*Ефес къалэм зэрыхьзэриишхуэ къызэрыщыхъуар*

[21]Мы Iуэху псори къэхъуа нэужь, Паул, Македоние,* Ахаие* хэкухэм кIуэцIрыкIыу, Ерусалим кIуэну мурад ищIащ.

– Ерусалим сынэса нэужь, Рим къалэшхуэми сыкIуэн хуейщ, – жиIащ. [22]Паул и дэIэпыкъуэгъухэм ящыщу Тимофейрэ Ерастрэ Македоние хэкум нэхъапэ игъэкIуащ. Езым Асие хэкум тIэкIурэ зыщиIэжьащ.

[23]Зиусхьэным и гъуэгум щхьэкIэ зэрыхьзэрий ин къэхъуащ а махуэхэм; [24]сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Димитрий и цIэу, дыщэкI гуэр а къалэм дэсащ. Артемидэ* жыхуаIэ тхьэ гуащэ нэпцIым и тхьэлъэIупэ унэ цIыкIунитIэр дыжьыным къыхищIыкIыурэ, дыщэкIхэм а Димитрийм ахъшэ куэд къаригъэлэжьырт. [25]Димитрий а дыщэкIхэри апхуэдэ IэщIагъэ зиIэ нэгъуэщIхэри зэхуишэсри яжриIащ:

---

19:19 дыжьын ахъшэ – а зэманым зы дыжьын ахъшэр лэжьакIуэм и махуэ лэжьапщIэу щытащ.

19:21 Македоние хэкур – еплъ 16:9.

19:21 Ахаие хэкур – еплъ 18:12.

19:24 Артемидэ – алыджыбзэкIэ (грекыбзэкIэ) Ефес къалэм и тхьэ нэпцIым и цIэр Артемидэщ, латиныбзэкIэ и цIэр Дианэщ.

– Си гъусэхэ, мы Iуэхум ди къулеигъэр къызэрыхэкIыр
фощIэ. 26Мы Паул зи цIэм Ефес къалэм и мызакъуэу, Асие хэ-
кум, зэрыщыту, къанэ щIагъуэ щымыIэу, «ЦIыхухэм ящIа тхьэ
сурэтхэр тхьэ пэжу щыткъым», жиIэм, цIыху куэдым ар я фIэщ
ищIурэ зэрыщигъэуар фэ фолъагъу икIи зэхывох. 27ЦIыхухэм
ди IэщIагъэр зэрамыдэжыну къудейр аракъым шынагъуэр, атIэ
Артемидэ тхьэ гуащэшхуэм и тхьэлъэIупIэ унэшхуэм нэмыплъ
зэрыратынурщ, Асие хэку псоми дуней псоми щыдгъэлъапIэ
Артемидэ и щIыхьышхуэр зэрыкIуэдыжынуращ шынагъуэр.
28А псалъэхэр щызэхахым, хуабжьу губжьри, лIы гупышхуэр
зэрыгъэкIиящ:
– Ефес къалэм и Артемидэ лъапIэ дыдэщ!
29Къалэм зэрыхьзэриишхуэ къыщыхъуащ. Македонием щы-
щу Паул и гъусэ Гаийрэ Аристархрэ яубыдщ, здахури, цIыху
псори щызэхэт зэхуэсыпIэм и утыкум ирашащ. 30Паул цIыхухэм
яхыхьэну хуеящ, ауэ ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм хуада-
къым. 31Асие хэкум и къулыкъущIэхэм ящыщу Паул и благъэ-
хэм хъыбар къырагъащIэри къелъэIуащ: «ЗэхуэсыпIэм умыкIуэ!»
– жаIэурэ.
32Зым зы, адрейхэми нэгъуэщI гуэр жаIэурэ, цIыхухэр зэры-
гъэкIийрт; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абдеж къырихьэлIа цIыхухэр
зэрыгъэплъати. Нэхъыбэм щIызэIущIар ящIэртэкъым.
33 Журтхэм Александр зи цIэр цIыху гупышхуэм къыхрагъэшри,
цIыхухэм я пащхьэм ирагъэуващ. Александр и Iэр къиIэтри,
цIыхухэм я пащхьэм къыщыпсэлъэну хуеящ. 34Ауэ ар зэры-
журтыр къыщащIэм, сыхьэтитIкIэ цIыху псори зы макъкIэ
зэрыгъэкIиящ:
– Ефес къалэм и Артемидэ лъапIэ дыдэщ! – жаIэурэ.
35ИкIэм-икIэжым къалэм и тхакIуэм цIыхухэр игъэсабы-
рыжри жиIащ:
– Ефес дэс лIыхэ! Тхьэ гуащэшхуэ Артемидэрэ абы и сурэту
уафэм къехамрэ я хъумакIуэу Ефес къалэр зэрыщытыр зы-
мыщIэ цIыху щыIэ? 36Ефес къалэр абыхэм я хъумакIуэу зэры-
щытым шэч хэлъкъыми, фысабыри, Iуэхум щхьэпсынщIагъэ
хэвмылъхьэ. 37Мы лIыхэр тхьэлъэIупIэ унэшхуэхэм емы-
дыгъуарэ, ди тхьэ гуащэм хуэмышхыдауэ, мыбдежым къэф-
шащ. 38Димитрийрэ абы щIыгъу сурэтыщIхэмрэ цIыху гуэрым
дауэгъу хуэхъуну хуеймэ, цIыхухэм я дэуэн Iуэхухэм Iэтащ-
хьэхэр щыхэплъэ махуэхэр щыIэщ. Я зэхуакум дэуэн Iуэху

дэлъмэ, зэрыредауэ. [39]Абы нэмыщI фызыхуейIамэ, къалэм дэсхэм я хасэу хабзэм тетым а Iуэхур зэхигъэкIын хуейщ. [40]Нобэ къэхъуа Iуэхухэм щхьэкIэ, «ЗыкъывоIэт» жаIэу рим тепщэныгъэ зиIэхэм дагъэкъуэншэнкIэ шынагъуэ щыIэщ. Мы зэрыхьзэрийр къызэрытIэтар къытхуагъэгъуну щхьэусыгъуэ зыри диIэкъым.

Абы а псалъэр иуха нэужь, цIыхухэр зэбгригъэкIыжащ.

# 20-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Паул Македоние хэкумрэ Грецие къэралымрэ зэрыкIуар*

Зэрыхьзэриишхуэр щыувыIэжым, Паул ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр кърigъашэри игъэгушхуащ. Я Iэр иубыдыжри, Македоние хэкум кIуэну гъуэгу техьащ итIанэ. [2]А лъэныкъуэхэри къызэхикIухьым, фIэщхъуныгъэ зиIэхэр псалъэ куэдкIэ игъэгушхуэурэ, Грецием нэсащ. [3]Абы мазищкIэ щыIащ. Сирием кхъухькIэ кIуэн хуей щыхъум, журтхэм щэхуу езыр яукIыну зэрамурадыр къыщIэри, Македонием и лъэныкъуэкIэ игъэзэжыну триубыдащ. [4]Паул и гъусэхэр мыхэрат: Верие къалэм щыщ Пирр и къуэ Сосипатер; Фессалоникэ къалэм щыщ Аристархрэ Секундрэ; Дервие къалэм щыщ Гай; Тимофей; Асие хэкум щыщ Тихикрэ Трофимрэ. [5]Ахэр дэ* дяпэ кIуэри, Троадэ къалэм къыщытпэплъащ. [6]ЩIакхъуэ Мыгъэтэдж щашх махуэшхуэхэр* блэкIа нэужь, Филиппи къалэм кхъухькIэ дыщежьащ. Троадэ къалэм щыIэ ди гъусэхэм я деж дежьэри, махуитхукIэ дынэсащ, абы махуиблкIэ дыщыIащ.

*Паул Евтих зи цIэр лIахэм Троадэ къалэм къазэрыщыхигъэтэджыкIыжар*

[7]Тхьэмахуэ зэхуакум и япэ махуэм* щIакхъуэ зэгуэтщIыкIыну* дызэхуэсащ. Паул етIуанэ махуэм гъуэгу техьэну мурад

20:5 дэ – мыби (еплъ 16:10) мы тхылъыр зытхар Паул и гъусэщ икIи Рим къалэшхуэм докIуэ. Еплъ 28:16.

20:6 ЩIакхъуэ Мыгъэтэдж щашх махуэшхуэхэр – еплъ Маттэ 26:2.

20:7 Тхьэмахуэ зэхуакум и япэ махуэр – тхьэмахуэ махуэрщ.

20:7 щIакхъуэ зэгуэтщIыкIыну – еплъ 2:42.

ищIауэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм Тхьэм и псалъэхэр яжриIэурэ, и
псалъэр жэщ ныкъуэм нэсыху иукъуэдиящ. 8Дэ дыщызэхуэс
унэм и ещанэ къатым уэздыгъэ Iэджэ къыщыблэрт. 9Евтих и
цIэу щIалэ гуэр щхьэгъубжэм Iусти, Паул псэлъэн имыух щIы-
кIэ, жей куум хилъэфащ. IэфIу здэжейм, щхьэгъубжэм къыдэ-
хущ, унэм и ещанэ къатым къехуэхри, лIауэ къащтэжащ. 10Паул
унэм щIэкIщ, ехщ, щIалэм зытриубгъуэри, IэплIэ иришэкIыурэ
жиIащ:

– Фымыгузавэ! И псэр хэтщ!

11Паул къыщIыхьэжщ, щIакхъуэр зэгуищIыкIри, адрейхэм
я гъусэу ишхащ. Нэху щыху абыхэм епсалъэри, гъуэгу техьэ-
жащ. 12Ягухэр гуфIэгъуэм къызэщIиIэтауэ, щIалэр я деж псэууэ
къашэжащ.

### *Паул Троадэ къалэм дэкIыу Милет къалэм зэрыкIуар*

13АдэкIэ дыкIуэурэ, кхъухьым декIуэлIащ, абы дитIысхьэри,
Паул къыщидгъэтIысхьэн хуей Асс къалэм дыкIуэну дежьащ.
Паул а къалэм нэс лъэсу кIуэну игу илъти, дэ апхуэдэ унафэ
къытхуищIат. 14Паул Асс къалэм деж къыщытIущIэщ, кхъухьым
къидгъэтIысхьэри, Митилинэ къалэм дыкIуащ. 15А къалэм ды-
щежьэри, Хиос хытIыгум хуэзанщIэу етIуанэ махуэм дыкъы-
щыувыIащ. КъыкIэлъыкIуэ махуэм Самос хытIыгум дыкIуащ.
Трогилие къалэм дыкъыщыувыIэри, етIуанэ махуэм Милит
къалэм дынэсащ. 16Асие хэкум зэманыр щимыгъэкIуэдын щхьэ-
кIэ, Паул Ефес къалэм къыщымыувыIэу блэкIыну мурад ищIащ.
Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Iэмал иIэмэ, Пэнтэкост махуэшхуэр*
къэмыс щIыкIэ, Ерусалим дыхьэну пIащIэрт.

### *Ефес къалэм щыIэ члисэ зэхуэсым щыщ нэхъыжьхэм Паул яжриIа иужьрей хъыбарыр*

17Милит къалэм дыщыдэсым Паул Ефес щыIэ члисэ
зэхуэсым и нэхъыжьхэр* къригъэшащ. 18Ахэр къыщыкIуэм,
Паул яжриIащ:

---

20:16 Пэнтэкост зи цIэ махуэшхуэр – еплъ 2:1.

20:17 нэхъыжьхэр – еплъ 11:30.

– Япэ махуэм къыщыщIэдзауэ Асие хэкум сыкъызэрихьэрэ,
фи деж щызгъэкIуа зэман псоми си псэукIэр зыхуэдэу щытар
фэ фощIэ. [19]Пагагъэ лъэпкъ сигу имылъу, си гур куэдрэ къи-
гъыкIыу, журтхэм щэхуу щIэпхъаджагъэу къыскIэлъызэрахьэну
я гум илъу щытамкIэ хьэзаб куэд сагъэшэчурэ, Зиусхьэным
сыхуэлэжьащ. [20]Зи сэбэп къывэкIыну хъыбархэр вжесIэным зэи
пэIэщIэ зысмыщIу, цIыхухэм я пащхьэми фи унэхэми щыф-
хуэсIуэтащ икIи щывэзгъэщIащ. [21]Гуэныхьу ящIахэм хущIе-
гъуэжу Тхьэм зыхуагъэзэжынуи Зиусхьэн ХьисэкIэ фIэщхъу-
ныгъэ зрагъэIэнуи журтхэмрэ алыджхэмрэ быдэу яхуэзгъэуващ.

[22] – КъысщIэлъыр сымыщIэу, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм се-
даIуэурэ, Ерусалим сокIуэ иджы. [23]Ауэ Iэхъулъэхъухэри гузэ-
вэгъуэхэри къызэрыспэщылъыр Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къызи-
гъащIэурэ, къалэ псоми щыхьэт къыщысхутохъуэ. [24]Сэ си псэр
сэркIэ лъапIэу икIи уасэ иIэу сыбжыркъым, ауэ Зиусхьэн Хьисэ
си пщэм кърилъхьа Iуэхур згъэзэщIэн хуейщ: Тхьэм и нэфI
щыхуэныгъэм теухуа хъыбарыфIым цIыхухэр езгъэдэIуэну арщ.

[25] – Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм* теухуа хъыбарым фезгъэ-
даIуэурэ, фэ псоми фи деж сыщызэхэзекIуащ. Фэ фщыщу зэи
зыми си напэр зэримылъагъужынур сощIэ. [26]Аращи, зы цIыхум
илъ къызэрыстемыхуэнур нобэ шэч къытезмыхьэжу нывжы-
зоIэ; [27]сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэр зыхуей псори фэзгъэщIэным
еш сымыщIэу сыщIэкъуащ сэ. [28]Фызыхуэсакъыж, Тхьэм и Псэ
ЛъапIэм хъумакIуэу фызыхуигъэува цIыху гупми фахуэсакъ.
Мэлыхъуэм и нэIэр мэлхэм зэратригъэтым хуэдэу, Зиусхьэнми
Тхьэми я члисэ зэхуэсым щыщу, Хьисэ и лъы уасэкIэ къищэ-
хуахэм фи нэIэ ятевгъэт. [29]Сэ дунейм сехыжа нэужь, хъушэм
щымысхьыну дыгъужь бзаджэхэр къызэрыфхыхьэнур сощIэ.
[30]ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ фэри къыфхэкIынущ гъуэгу пхэн-
жым фытрагъэхьэн щхьэкIэ, щыпкъагъэр зэхъуэкIыным хэт-
хэр. [31]Аращи, фымыжей, фысакъ! Нэпс щIэзгъэкIыурэ жэщ,
махуэ жызмыIэу, фэ фщыщ дэтхэнэми илъэсищкIэ зэпымыууэ
къызэрыгурызгъэIуар зыщывмыгъэгъупщэ.

[32] – Тхьэми абы и нэфI щыхуэныгъэм теухуа псалъэхэми
фахузогъазэ иджы. А псалъэхэм гурэ псэкIэ къару фагъэ-
гъуэтынуи Тхьэм и цIыхуу езым зыкъезыта псоми фрагъусэу
IыхьэфI къыфлъагъэIэсынуи ялъокI. [33]Зы цIыхум и дыжьыни,
и дыщи, и щыгъыни сенэцIакъым сэ. [34]Си гъусэхэмрэ сэрэ ди
дызыхуэныкъуэр си IэхэмкIэ къызэрызлэжьар фощIэ.

[35]Апхуэдэу гугъу дехьурэ, къару зимыIэхэм дазэрыдэIэпыкъун
хуейр сыт и лъэныкъуэкIи фэзгъэлъэгъуащ. Езы Зиусхьэн Хьисэ
жиIа псалъэхэр зыщыдгъэгъупщэжын хуейкъым: «Къуатыным
нэхърэ птыным и гъуэгур нэхъ махуэщ».

[36]А псалъэхэр жиIа нэужь, Паул лъэгуажьэмыщхьэу уври,
псоми я гъусэу Тхьэм елъэIуащ. [37]Псори ину къэгъуэгщ, Паул
IэплIэ ирашэкIри, ба хуащIащ. [38]Я гур нэхъыбэу махэ зыщIар
Паул и напэр игъащIэкIэ ямылъагъужыну зэрыжиIарт. Кхъу-
хьым нэс Паул дэкIуэтащ итIанэ.

## 21-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Паул Ерусалим зэрыкIуар*

Абыхэм дакъыхэкIыжа нэужь, кхъухьымкIэ дежьэри, Кос
къалэм дыкIуащ занщIэу. ЕтIуанэ махуэм Родос къалэм
дыкIуащ, абы дыщежьэри, Патарэ къалэм дынэсащ. [2]Финикие
хэкум кIуэ кхъухь къэдгъуэтщ, дитIысхьэри дежьащ. [3]Кипр
хытIыгур къыщылъагъуэм, кхъухьым и сэмэгурабгъуэкIэ ар
къыщыднэри, Сирие хэкум дыкIуэри, Тир къалэм дыкъыщу-
выIащ, кхъухьыр абы щаунэщIын хуейти. [4]ХьисэкIэ фIэщ-
хъуныгъэ зиIэхэр а къалэм къыщыдгъуэтри, махуиблкIэ абы-
хэм я деж дыщыIащ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм абыхэм захри-
гъэщIыкIыурэ, Ерусалим мыкIуэну Паул къыжраIащ. [5]А къалэм
дызэрыщыIэну пIальэр щыдухым, абы дыдэкIри, ди гъуэгу
дытехьэжащ. ФIэщхъуныгъэ зиIэ псори, цIыхубзхэри сабийхэри
я гъусэу, къалэм къыддыдэкIащ. Хы Iуфэм лъэгуажьэмыщхьэу
дыIутIысхьэри, Тхьэм делъэIуащ итIанэ. [6]ФIэхъус зэтхыжри,
кхъухьым дитIысхьэжащ, абыхэми щхьэж и унэ ягъэззэжащ.

[7]Тир къалэм дыщежьэри, кхъухьымкIэ дыкIуэурэ, Птоле-
маидэ къалэм дынэсащ. Абдежым къуэшхэм фIэхъус щетхри,
зы махуэкIэ абыхэм я деж дыщыIащ. [8]ЕтIуанэ махуэм абы
дыдэкIыжри, Кесарие къалэм дыкIуащ. Филипп и цIэу Тхьэм
и псалъэхэм цIыхухэр езыгъэдаIуэ лIым и унэм дыщIыхьэри,
абы деж дыкъэнащ. Ар лIиблым* ящыщт. [9]А Филиппым

21:8 лIиблыр – еплъ 6:1-6.

дэмыкIуауэ пхъуибл иIэт. Тхьэм и псалъэхэр абыхэм я гум
кърилъхьэурэ, мыдрейхэм къажригъэIэрт.

[10]Махуэ зыбжанэкIэ абы дыщыIа нэужь, Агав* и цIэу зы
бегъымбар гуэр Иудей хэкум къикIри къэкIуащ. [11] Ди деж
къакIуэщ, Паул и бгырыпхыр къищтэщ, езым и Iэхэри и
лъакъуэхэри ипхэри, жиIащ:

– Тхьэм и Псэ ЛъапIэм мыпхуэдэу жеIэ: «Мы бгырыпхыр
зейр журтхэм Ерусалим щапхынурэ, хамэ лъэпкъхэм* IэщIалъ-
хьэнущ».

[12]А псалъэхэр щызэхэтхым, дэри а щIыпIэм щыпсэу къуэ-
шхэри Ерусалим мыкIуэну Паул делъэIуащ. [13]Ар щызэхихым,
Паул жэуап къитыжащ:

– Сыт фщIэр? Фыгъыу, сигу щхьэ хэвгъэщIрэ? Сэ си Зиусхьэн
Хьисэ и цIэм щхьэкIэ Ерусалим сыщапхын дэнэ къэна,
сыщылIэнуи сыхьэзырщ.

[14]Паул къэдгъэнэн щытлъэмыкIым, «Тхьэм зэрыжиIауэ ире-
хъу», жытIэри зыдущэхужащ.

[15]А махуэхэм я ужькIэ зыдгъэхьэзырри, Ерусалим дыкIуащ.
[16]Кесарие щыщу ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ цIыху гуэрхэр
ди гъусэт. Абыхэм дашащ Мнасон и цIэу зи унэ дыщыпсэунум
деж. Мнасон Кипр хытIыгум щыщт, езыри ХьисэкIэ япэ дыдэ
фIэщхъуныгъэ зиIэ хъуахэм ящыщт.

### *Паул Екъуб деж зэрыкIуар*

[17]Ерусалим дыщынэсым, къуэшхэм я гуапэу драгъэблэгъащ.
[18]ЕтIуанэ махуэм Паул дригъусэу Екъуб* деж дыкIуащ. Нэ-
хъыжь псори абы щыIэт. [19]Паул абыхэм фIэхъус ярихри,
лажьэурэ Тхьэм хамэ лъэпкъхэм я деж щищIахэр зырызу
яхуиIуэтащ.

[20]Ар щызэхахым, Тхьэм щIыхьышхуэ хуащIащ абыхэм. Паул
къыжраIащ итIанэ:

– Ди къуэш, журтхэм ящыщ мин бжыгъэхэм фIэщхъуныгъэ
яIэ зэрыхъуари Мусэ и Торэт хабзэм я фIэщу зэрыхэтри уолъа-

---

21:10 Агав – еплъ 11:28.

21:11 хамэ лъэпкъхэр – мыбдежым абы къикIыр тепщэныгъэ зиIэ рим цIыхухэрщ.

21:18 Екъуб – еплъ 12:17.

гъу. [21]Я сабийхэр сунэт ямыщIынуи я хабзэхэм темытынуи
жыпIэу, хамэ лъэпкъхэм яхэс журт псори Мусэ и гъуэгум текIы-
ну бущийуэ жаIэурэ, цIыхухэм зэрахьэ хъьыбар пхэнжыр зэха-
хащ. [22]Сыт тщIэнур? ЦIыхухэр къызэхуэсынущ; укъызэрыкIуар
зэхахынущи. [23]Аращи, дэ ныээрыбжетIэм хуэдэу щIы. Тхьэ-
рыIуапIэ ихьа лIиплI диIэщ. [24]Ахэр здэши, Торэт хабзэм тету
я гъусэу зыгъэкъэбзэжи, я щхьэхэр яупсын щхьэкIэ,* ахъшэ ет.
Ар ялъагъумэ, уэ къыптеухуауэ зэхаха хъыбархэр зэрымы-
пэжри, уэр-уэру Торэт хабзэм утету, абы итхэр зэрыбгъэзащIэри
цIыху псоми ящIэнущ. [25]Ауэ хамэ лъэпкъхэм ящыщу ХьисэкIэ
фIэщхъуныгъэ зиIэ хъуахэм ятеухуауэ ущIэупщIэмэ, абыхэм
дэ зэдэтщта Iуэхур тхылъкIэ* зэредгъэщIэгъам хуэдэу, цIы-
хухэм тхьэ нэпцIхэм хуащIа къурмэныпхъэм и лым, лъым,
ятхьэла псэущхьэхэм я лым, зинэ щIэным пэIэщIэ защIын
хуейщ.

[26]КъыкIэлъыкIуэ махуэм Паул а лIыхэр здишэри, абыхэм
ящIыгъуу зигъэкъэбзэжащ. Тхьэм и унэшхуэм щIыхьэри, езым-
рэ а лIыхэмрэ загъэкъэбзэжыныр щаухыну махуэри я къурмэн
зырыз дин пашэм щрагъэщIыну махуэри дин пашэхэм яжриIащ
итIанэ.

*Паул Тхьэм и унэшхуэм журтхэм зэрыщаубыдар*

[27]А махуиблыр и кIэм нэблэгъауэ, Асие хэкум щыщ журт
гуэрхэм Тхьэм и унэшхуэм Паул щалъэгъуащ. ЦIыху псори
къызэщIагъаплъэри, Паул яубыдащ. [28]Мыпхуэдэу жаIэурэ,
зэрыгъэкIийрт:

– Израил щыщ лIыхэ, фыкъыддэIэпыкъу! Ди лъэпкъми, ди
Торэт хабзэми, мы щIыпIэ лъапIэми къыпэувыну цIыху псори
дэнэкIи щызыгъэIущар мы лIыращ. Абы нэмыщIу, алыджхэри
Тхьэм и унэшхуэм щIигъыхьэри,* мы щIыпIэ лъапIэр ири-
гъэуфIеящ.

21:24 я щхьэхэр яупсын щхьэкIэ – еплъ 18:18.

21:25 тхылъкIэ – еплъ 15:23-29.

21:28 алыджхэр Тхьэм и унэшхуэм щIигъыхьэри – Тхьэм и унэшхуэм щIэт хамэхэм щхьэкIэ щыIэ пщIантIэм блэзышу Тхьэм и унэшхуэм хамэ гуэр щIэзышар яукIын хуейуэ щытащ.

[29]Апхуэдэу щIыжаIар нэхъапэм Ефес къалэм щыщ Трофим
Паул и гъусэу къалэм щалъэгъуати, аращ. Паул ар щIэмыхьэп-
хъэу Тхьэм и унэшхуэм щIигъэхьауэ я гугъащ.
[30]Къалэм дэс псори къызэщIэтаджэри, зэхэлъэдэжащ. Паул
яубыдри, Тхьэм и унэшхуэм къыщIашыжащ. КъызэрыщIашы-
жу, бжэхэр ягъэбыдащ. [31]Паул яукIыну щыхуежьэм, Ерусалим
зэрыщыту зыкъызэраIэтам и хъыбарыр рим дзэпщым деж нэ-
сащ. [32]Дзэпщым Iуэхур имыгъэгувэу зауэлIхэри дзэ пашэхэри
здишэри, цIыхухэм яхэлъэдащ. ЦIыхухэм дзэпщри зауэлIхэри
щалъагъум, Паул еуэн щагъэтащ.
[33]Арати, дзэпщыр зауэлIхэм ябгъэдыхьэри, Паул яригъэу-
быдащ. Абы гъущI Iэхъулъэхъу иралъхьэну унафэ яхуищIащ.
ЦIыхухэм еупщIащ итIанэ:
– Мыр хэт? Сыт ищIар?
[34]ЦIыху гупышхуэм ящыщ зым зы жиIэу, адрейм нэгъуэщI
гуэр жиIэу, зэрыгъэкIийрт. Мо зэрыхьзэрийм къыхэкIкIэ, дзэп-
щым пэжыр зригъэщIэн лъэкIыртэкъыми, зауэлIхэм унафэ
яхуищIри, Паул быдапIэм* иригъэшащ. [35]ДэкIуеипIэм щынэ-
сым, Паул цIыхухэр къытезэрыгуати, зауэлIхэм ар IэкIэ яхьын
хуей хъуащ. [36]ЦIыхубэм ящыщу Паул къыкIэлъыкIуэхэр зэры-
гъэкIийрт:
– УкI ар!

*Паул цIыху гупышхуэм я пащхьэм къызэрыщыпсэлъар*

[37]ЗауэлIхэм Паул быдапIэм яшэн хуей щыхъум, Паул дзэ-
пщым жриIащ:
– Зыгуэр ныбжесIэну хуит сыкъэпщIын?
– Алыджыбзэ пщIэрэ? – къеупщIащ ар. [38] – Зэман тIэкIукIэ
узэIэбэкIыжмэ, Мысырым щыщ цIыхухэр къызэщIэзыIэтэу
хъунщIакIуэ миниплI* губгъуэ нэщIым изышар уэракъэ?
[39] – Сэ сыжуртщ, – жиIащ Паул, – Киликие хэкум щыщу
щIыхь зиIэ Тарс къалэм и цIыхухэм сащыщщ. ЦIыхухэм я пащ-
хьэм сыкъыщыпсэлъэну хуит сыщI.

---

21:34 быдапIэр – Антоние зи цIэ быдапIэрщ. Римыдзэр абы дэст.

21:38 хъунщIакIуэ миниплI – я псэм емыблэжу я къэралым хуэлажьэурэ, а хъунщIакIуэ миниплIым Рим къэралыгъуэшхуэм щыщу а къэралыгъуэр яфIэзыубыдахэм ар къытрахыжыну и ужь итт. Журт тхакIуэ ИосефкIэ зэджэм зэритхам хуэдэу, Хьисэ къэхъуа нэужь, 54 гъэм а цIыхухэу зи къэрал хуэлажьэхэм адрей журтхэм зыкърагъэIэтащ.

40Дзэпщым хуит къыщищIым, Паул дэкIуеипIэм теувэри, и
Iэр цIыхухэм яхуищIащ. Псори сабыр щыхъум, Паул журтыбзэкIэ мыпхуэдэу жиIащ:

# 22-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

– Ди къуэшхэри ди адэхэри зызгъэхеижын щхьэкIэ нывжесIэнум фыкъедаIуэ.

2Паул журтыбзэкIэ псалъэу щызэхахым, ахэр нэхъ сабыр хъуащ. Паул жиIащ:

3 – Сэ сыжуртщ, Киликие хэкум щыщ Тарс къалэм сыкъыщалъхуащ. Мы Ерусалим къалэм сыщапIащ. Гамалиил* и лъакъуэхэм деж сыщысу, ди адэжьхэм я Торэт хабзэр сыхуэсакъыпэурэ зэзгъэщIащ. Тхьэм фэ псори нобэ фызэрыхуэлажьэм хуэдабзэу, сэри гурэ псэкIэ Тхьэм сыхуолажьэ.
4Зиусхьэным и гъуэгу ирикIуэхэр лIэхукIэ исхуэкIащ. ЦIыхухъухэми цIыхубзхэми Iэхъулъэхъу ирезгъалъхьэри, лъэхъуэщым щIезгъэдзащ.
5Ар зэрыпэжымкIэ дин пашэшхуэри Тхьэмадэ Хасэшхуэм* щыщ псори щыхьэт къысхуэхъуфынущ. Абыхэм Дамаск дэс журт къуэшхэм тхылъхэр хуатхри къызатащ. ИтIанэ Дамаск сыкIуэну гъуэгу сытетт, а гъуэгум ирикIуэхэм Iэхъулъэхъу ярылъу Ерусалим къезгъашэу ди пашэхэм абыхэм тезыр ятрезгъэлъхьэн щхьэкIэ.

*Зиусхьэн Хьисэ и гъуэгу зэрытехьам и хъыбарыр Паул къызэриIуэтэжар*
*(Апостол 9:1-19; 26:12-18)*

6 – Дамаск сыкIуэу къалэм гъунэгъу сыщыхуэхъум, шэджагъуэм деж зы нэхугъэ уафэм напIэзыпIэм къехри сыкъиухъуреихьащ.
7ЩIым сытеджалэри, макъ гуэрым къызжиIэу зэхэсхащ:

– «Щаул, Щаул. Сыт гугъу сыщIебгъэхьыр?»

---

22:3 Гамалиил – еплъ 5:34.

22:5 Тхьэмадэ Хасэшхуэм – еплъ Маттэ 5:22.

8 – «Уэ ухэт, Зиусхьэн?» жысIэри, сеупщIащ.
– «Назарет щыщ Хьисэ уэ гугъу ебгъэхьыр сэращ», къыз-
жиIащ абы. 9 Нэхугъэр си гъусэхэм ялъэгъуащ, ауэ сэ къызэпсэ-
лъам и макъыр зэхахакъым.
10 – «Сыт сщIэнур, Зиусхьэн?» жысIащ.
– «Къэтэджи, Дамаск кIуэ», къызжиIащ Зиусхьэным. «Уэ
пщIэн хуейуэ Тхьэм къыпхуигъэува псори зыгуэрым абдежым
къыщыбжиIэнущ». 11 А нэхугъэшхуэм къыхэкIкIэ си нэхэм зыри
ямылъагъуж зэрыхъуам щхьэкIэ, си гъусэхэм си Iэр яIыгъыу
Дамаск сашащ.
12 – Ананий и цIэу Торэт хабзэм темыкIыу тетрэ Тхьэм и
фIэлIыкIыр и гум илъу лIы гуэр Дамаск дэсащ. Абы журт псоми
пщIэ хуащIырт. 13 Ар си деж къакIуэщ, къызбгъэдыхьэри,
къызжиIащ:
– «Си къуэш Щаул, уи нэхэр къэплъэжынущ». Ар зэрыжиIэу,
си нэхэр къэплъэжри, а лIыр слъэгъуащ.
14 – «Тхьэр зыхуейр зэбгъэщIэн, Щыпкъагъэр Зейр плъагъун,
абы и макъыр зэхэпхын хуейуэ ди адэжьхэм я Тхьэм укъыхи-
хащ», жиIащ Ананий. 15 «Ращи, уэ плъэгъуамрэ зэхэпхамрэ
цIыху псоми я пащхьэм щыпIуэтэжурэ, Щыпкъагъэр Зейм
щыхьэт ухуэхъунущ. 16 Иджы сыт зыщIэбгъэгувэр? Къэтэдж,
зызгъэумэхъ, Зиусхьэным елъэIуи, гуэныхьу пщIахэр абы уи
гум ирырегъэкъэбзыкIыж».

### *Зиусхьэным и псалъэхэм хамэ лъэпкъхэр иригъэдэIуэну Паул зэригъэкIуар*

17 – Ерусалим къэзгъэзэжри, Тхьэм и унэшхуэм сыщIыхьащ.
Тхьэм селъэIуу абы сыздыщIэсым, зыгуэр къысхуэхутащ.
18 Хьисэ къэслъэгъуащ сэ икIи абы къызжиIащ:
– «ЕпэщIэкI, Ерусалим щIэхыу дэкI, сэ щыхьэт укъызэрыс-
хуэхъур ядэнукъыми».
19 – «Зиусхьэн», естыжащ жэуап, «уэркIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ-
хэр си цIыхухэм лъэхъуэщым щIезгъадзэу икIи синэгуэгухэм
щезгъэубэрэжьу зэрыщытар мы лIыхэм ящIэ. 20 Уэ уи щыхьэту
къэува Стефан* и лъыр щагъажэм, сэ абдежым сыщытащ. Ар

22:20 Стефан – еплъ 7:57-60.

абыхэм зэраукIыр яхуэздащ икIи зыукIахэм я щыгъынхэр яхуэсхъумащ».

[21] –«КIуэ», къызжиIащ Зиусхьэным. «Хамэ лъэпкъхэм я деж жыжьэ узгъэкIуэнущ».

*Паулрэ римхэм я дзэпщымрэ*

[22]Мы псалъэхэр къыжиIэху, Паул цIыхухэр едэIуащ. Макъышхуэк Iэ къызэрыгъэкIиящ ахэр итIанэ:

– А лIым дунейр егъэбгынэ. Псэуну хуэфащэкъым абы!

[23]Ахэр зэрыгъэкIийрэ, я щыгъынхэр драдзейрт, сабэр драпхъейрт. [24]Апхуэдэу щыхъум, дзэпщым зауэлIхэм унафэ яхуищIри, Паул быдапIэм иригъэшащ. ЦIыхухэр Паул пэуву, апхуэдэу щIызэрыгъэкIияр зригъэщIэн щхьэкIэ, щIопщкIэ еуэурэ абы еупщIыну дзэпщым зауэлIхэм унафэ яхуищIащ.
[25]ЩIопщкIэ еуэну фэ кIапсэкIэ щрапхым, Паул абдеж щыт дзэ пашэм жриIащ:

– Хьэкум тевмыщIыхь щIыкIэ, рим цIыхухэм* ящыщ гуэрым феуэну хабзэкIэ фыхуит?

[26] Дзэ пашэм ар щызэхихым, дзэпщым деж кIуэри, хъыбар иригъэщIащ.

– Сыт пщIэнур? Мы лIыр рим цIыхухэм ящыщщ, – жриIащ.

[27] Паул къыбгъэдыхьэри, дзэпщыр къеупщIащ:

– КъызжеIэ! Уэ рим цIыхухэм уащыщ?

– Сащыщщ, – жиIащ Паул.

[28] – Рим цIыхухэм ящыщ сыхъун щхьэкIэ, сэ ахъшэ куэд згъэкIуэдащ, – жиIащ дзэпщым.

– Сэ рим цIыхуу сыкъалъхуащ, – жиIащ Паул.

[29]Паул еупщIын хуеяхэр занщIэу къикIуэтыжащ. Дзэпщыр, Паул рим цIыхухэм зэращыщыр къыщищIэм, зауэлIхэм Паул Iэхъулъэхъу зэраригъэлъхьам щхьэкIэ шынащ.

*Тхьэмадэ Хасэшхуэм и пащхьэм Паул зэрырашар*

[30]Журтхэм Паул зэрагъэкъуэншар дзэпщым нэхъыфIу зригъэщIэну хуейти, зауэлIхэм Паул къаригъэтIэтэжри, дин пашэ-

---

22:25 Рим цIыхухэр – еплъ 16:37.

шхуэхэри Тхьэмадэ Хасэшхуэм щыщ псори зэхуэсыну етIуанэ махуэм унафэ ищIащ. Паул къишэри, я пащхьэм иригъэуващ итIанэ.

## 23-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Паул и нэхэр Тхьэмадэ Хасэшхуэм щыщхэм ятриубыдэри, яжриIащ:

– Си къуэшхэ, нобэр къыздэсым Тхьэм и пащхьэм гукъабзагъэкIэ ситщ, мыхъумыщIэ лъэпкъ зыдэзмыщIэжу.

[2]Дин пашэшхуэу Ананий* Паул бгъэдэтхэм яжриIащ абы и жьэм еуэну. [3]Апхуэдэу щыхъум, Паул абы жриIащ:

– Тхьэр къоуэнщ. Хужьу яла блыным ухуэдэщ. Хабзэм тету хьэкум къыстепщIыхьын щхьэкIэщ мыбдежым ущIыщысыр, итIани хабзэм уэр-уэру утокIри къызыбогъауэ.

[4]Абдежым щытхэм Паул къыжраIащ:

– Тхьэм и дин пашэшхуэм ущIыпэпсэлъэжыр сыт?

[5] – Си къуэшхэ, ар зэры дин пашэшхуэр сэ сщIакъым, – жиIащ Паул. – Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ:* «Уи лъэпкъым и тхьэмадэм IейкIэ утепсэлъыхь хъунукъым».

[6]Тхьэмадэ Хасэшхуэм щыщ зы гупыр саддукейхэу,* нэгъуэщI гуприфарисейхэу* зэрыщытыр ищIэрти, Тхьэмадэ Хасэшхуэм и пащхьэм Паул щыжиIащ:

– Си къуэшхэ, сэ сыфарисейщ, си адэри фарисейуэ щытащ. ЛIахэр къызэрытэджыжынум сызэрыщыгугъым щхьэкIэ, хеящIэм и пащхьэм срашащ.

[7]Апхуэдэу щыжиIэм, фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ лъэныкъуитI зэрыгъэхъури, зэщыхьэу щIадзащ; [8]сыт щхьэкIэ жыпIэмэ саддукейхэм, «ЛIахэр къэтэджыжынукъым, мелыIычи щыIэ-

---

23:2 Ананий – Хьисэ къэхъуа нэужь, 47-59 гъэхэм дин пашэшхуэу щытащ.

23:2 хьэкум – «суд» жыхуаIэрщ.

23:5 Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ – еплъ 2 Мусэ 22:28.

23:6 саддукейхэр – еплъ Маттэ 3:7.

23:6 фарисейхэр – еплъ Маттэ 3:7.

къым, псэи щыIэкъым», жаIэ, ауэ, саддукейхэм яхуэмыдэу, а
псори зэрыщыIэр фарисейхэм я фIэщ мэхъу.

[9]Тхьэмадэ Хасэшхуэм щыщхэр макъышхуэкIэ къызэры-
гъэкIиящ, фарисейхэм ящыщу торэт егъэджакIуэ пашэ гуп къэ-
тэджри, адрейхэм еныкъуэкъуурэ, жаIащ:

– Мы лIым мыхъун гуэр дэтлъагъуркъым. Псэ гуэр е ме-
лыIыч гуэр къепсэлъауэ къыщIэкIынщ. Тхьэм дыпэвмыгъэув.

[10]Хуабжьу зэщыхьати, Паул зэпкъратхъынкIэ дзэпщыр шы-
нэри, абдеж Iуашу быдапIэм* яшэну зауэлIхэм унафэ яху-
ищIащ.

[11]ЕтIуанэ жэщым Зиусхьэныр Паул къыхуэхутэри, къыж-
риIащ:

– Умыдзыхэ. Ерусалим щыхьэт укъызэрыщысхуэхъуам
хуэдэу, Рим къалэшхуэми щыхьэт укъыщысхуэхъун хуейщ.

*Паул щэхуу яукIыну журтхэм мурад зэращIар*

[12] ЕтIуанэ махуэм и пщэдджыжьым журт гуп зэгурыIуэри,
тхьэ яIуащ:

– Паул дымыукIауэ, дышхэнукъым икIи дефэнукъым, –
жаIэри.

[13]Тхьэ зыIуахэр лIы плIыщIым щIигъурт. [14]Ахэр дин пашэ-
шхуэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ я деж кIуэри, жраIащ:

– Паул дымыукIауэ дымышхэну тхьэ тIуащ. [15]Аращи, «Паул
и Iуэхум нэхъ кууэ дыхэплъэн щхьэкIэ, ди деж къегъашэ»,
жыфIи, фэрэ Тхьэмадэ Хасэшхуэм щыщхэмрэ дзэпщым хъыбар
евгъащIэ. Паул мыбы къэмыс щIыкIэ, ар дыукIыну дыхьэзырщ
дэ.

[16]Паул и шыпхъум и къуэм абыхэм ягу илъыр къищIэщ,
быдапIэм кIуэри, Паул хъыбар иригъэщIащ.

[17]Апхуэдэу щыхъум, Паул дзэ пашэхэм ящыщ гуэр къриджэ-
ри, жриIащ:

– Дзэпщым деж мы щIалэр шэ. Зыгуэр жриIэну хуейщ.

[18]Дзэ пашэм щIалэр зыщIигъущ, дзэпщым деж кIуэри,
жриIащ:

– Ди лъэхъуэщым щIэс Паул зи цIэр къызэджэри, мы щIалэм
зыгуэр къыбжиIэн щхьэкIэ, уи деж къэсшэну къызэлъэIуащ.

23:10 быдапIэр – еплъ 21:34.

[19] Дзэпщым щIалэм и Iэр иубыдщ, лъэныкъуэкIэ Iуишри,
еупщIащ:

– Сыт къызжепIэну узыхуейр?

[20] – «Паул и Iуэхум нэхъ кууэ дыхэплъэн щхьэкIэ, пщэдей
Тхьэмадэ Хасэшхуэм и пащхьэм къишэ», жаIэу, журтхэр къолъэ-
Iуну зэгурыIуащ, – жиIащ щIалэм. [21] – Ауэ уэ абыхэм уемы-
даIуэ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абыхэм ящыщу лIы плIыщIым
щIигъу Паул яукIын мурад щэху яIэу поплъэ. Абыхэм ар
ямыукIауэ мышхэну икIи емыфэну тхьэ яIуащ. Загъэхьэзырауэ,
уи унафэм поплъэри щысщ.

[22]ЩIалэр щиутIыпщыжым дзэпщым къыжриIащ:

– Мыр къызэрызэбгъэщIар зыми жумыIэ.

*Феликс Iэтащхьэм деж Паул зэрашар*

[23]Дзэпщым дзэ пашэхэм ящыщ цIыхуитI къриджэри, яж-
риIащ итIанэ:

– ЗауэлIу щитI, шууэ блыщI, бжыхэр зыIыгъ зауэлIу щитI
ныжэбэ сыхьэтыр бгъум Кесарие къалэм* кIуэну вгъэхьэзыр.
[24]Паули шы хуэвгъэхьэзыр, зыш вгъэшэси, ар Феликс Iэтащ-
хьэм* деж фшэ.

[25]Дзэпщым мыпхуэдэ псалъэхэр зэрыт тхылъи итхащ:

[26] «Сэ, Клаудий Лисий, щIыхь зыхуащI Феликс Iэтащхьэм
фIэхъус узох. [27]Мы лIыр журтхэм яубыдри, яукIыну хуежьащ,
ауэ си зауэлIхэр си гъусэу сыкIуэри, къаIэщIэсхыжащ, рим
цIыхухэм зэращыщыр къэсщIати. [28]Зэрагъэкъуаншэр зэзгъэщIэ-
ну сыхуейуэ, ар я Тхьэмадэ Хасэшхуэм и пащхьэм зауэлIхэм
ирезгъэшащ. [29]Абыхэм зэрагъэкъуаншэр езыхэм я хабзэм
епхауэ, щIэбукIын е лъэхъуэщым щIибгъэсын Iуэху лъэпкъ а
лIым имыщIауэ зэрыщытыр къэсхутащ. [30]Ауэ журтхэм мы лIыр
щэхуу яукIыну я гум зэрилъыр зыгуэрым сигъэщIати, уи деж
зауэлIхэм занщIэу незгъэшащ. Къэдауэхэми зэрагъэкъуаншэ
Iуэхухэр уи пащхьэм щыжаIэну хъыбар езгъэщIащ. Узыншэу
ущыт!»

---

23:23 Кесарие къалэр – еплъ 8:40.

23:24 Феликс Iэтащхьэр – Хьисэ къэхъуа нэужь, 52-60 гъэхэм Иудей хэкум и Iэтащхьэу щытащ.

[31]Апхуэдэу, унафэм тету, зауэлIхэм Паул ирашажэри, жэщым
Антипатридэ къалэм* нагъэсащ. [32]ЗауэлIхэм етIуанэ махуэм
Паул Кесарие яшэну шухэм къыхуагъанэри, езыхэм быдапIэм
ягъэзэжащ. [33]Шухэр Кесарие къалэм щынэсым, Iэтащхьэм
тхылъыр иратащ, Паули абы IэщIагъэхьащ. [34]Iэтащхьэр
тхылъым еджэри, Паул зыщыщ хэкумкIэ къеупщIащ. Киликие
хэкум зэрыщыщыр щызэхихым, абы жиIащ:

[35] – Уэ къодауэхэр къэсмэ, сыпкърыупщIыхьынущ.

Iэтащхьэм унафэ ищIащ Ирод пащтыхьым преториекIэ еджэу
иухуэгъа унэшхуэм зауэлIхэм Паул щахъумэну.

## 24-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Феликс Iэтащхьэм и пащхьэм журтхэр*
*Паул къызэрыщедэуар*

Махуитху дэкIа нэужь, дин пашэшхуэ Ананий, нэхъыжьхэм
ящыщ гупрэ уэчыл Тертуллрэ и гъусэу, Кесарие къалэм кIуащ.
Паул зэрагъэкъуаншэхэр Iэтащхьэм и пащхьэм къыщаIуэтащ.
[2]Паул утыкум къыщрашэм, ар игъэкъуаншэу, Тертулл мыпхуэ-
дэу жиIэу щIидзащ:

– Уэ, щIыхьышхуэ зыхуащI Феликс, уи фIыгъэкIэ мамы-
рыгъэшхуэ диIэу допсэу; уи нэIэр тебгъэтурэ, мы къэралыр нэхъ
зэкIэлъыкIуэ хъуащ. [3] Аращи, сыт щыгъуи, дэнэ дыщыIэми,
фIыщIэ пхудощI. [4]Уезгъэзэшыщэну сигу илъкъыми, уи гуапэу
укъыдэдэIуэну сынолъэIу, узэрихабзэу, укъытхуэмыткIийуэ.

[5] – Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дэ къызэрытщIамкIэ, мы лIыр
емынэ гуэрщ, дунейм журту тету хъуар къызэщIеIэтэ, диным
ирилажьэ Назарет гупкIэ зэджэми* и унафIэщIщ. [6]Тхьэм и
унэшхуэри игъэуфIеину хэтащ. Ар дубыдри, ди хабзэм тету

---

23:31 Антипатридэ къалэр – Ерусалим километер 60-кIэ пэжыжьэу, и ищхъэрабгъу-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ итащ.

24:5 диным ирилажьэ Назарет гупкIэ зэджэр – зымыщIэхэм чыристан диныр журт диным щыщу яфIэщIырт.

хьэкум тетщIыхьыну дыхуеящ. [7]Ауэ Лисий дзэпщыр къакIуэщ,
лъэщыгъэкIэ ар тIэщIихыжри, уи деж зауэлIхэм къригъэшащ.
[8]Лисий унафэ ищIащ а лIым дридауэгъуу уи деж дыкъэкIуэну.
Абы ущеупщIкIэ, ар зэрыдгъэкъуаншэхэм я пэжыр уэри
зэбгъэщIэн плъэкIынущ.

[9]Уэчыл Тертулл жиIа а псалъэхэм журтхэр щыхьэт техъуэурэ,
абы дэIэпыкъуэгъу хуэхъуащ.

*Феликс Iэтащхьэм и пащхьэм Паул зызэрыщиухеяр*

[10] Iэтащхьэм Iэ къыщыхуищIым, Паул жиIащ:

– Илъэс куэд щIауэ, мы лъэпкъым хеящIэу узэраIэр сщIэуэ,
зызухейурэ си Iуэхур сыпхуэгушхуэу уи пащхьэм нызолъхьэ.
[11]Махуэ пщыкIутI и пэкIэ Тхьэм сыщелъэIуну Ерусалим сы-
къызэрыкIуар зэрыпэжыр зэбгъэщIэн плъэкIынущ. [12]Тхьэм и
унэшхуэм сэ зыми сыщеныкъуэкъуакъым, синэгуэгуми къалэми
цIыхухэр къыщызэщIэсIэтакъым. [13]Си дауэгъухэм сызэра-
гъэкъуаншэ Iуэху псоми ящыщ гуэр зыри пэжу къыщIагъэкIын
ялъэкIынукъым. [14]Ауэ ди адэжьхэм я Тхьэм сыхуэлажьэурэ, мы
цIыхухэм пхэнжу жыхуаIэ гъуэгум сызэрырикIуэр пэжщ. Торэт
хабзэм ит псомкIи бегъымбархэм ятха тхылъхэм ярыт псомкIи*
фIэщхъуныгъэ сиIэщ. [15]Щыпкъагъэ зиIи зимыIи Тхьэм къызэ-
ригъэтэджыжынум мыбдеж щыт лIыхэр Тхьэм зэрыщыгугъым
хуэдэу, сэри Тхьэм сыщогугъ. [16]Аращи, Тхьэми цIыхухэми я
дежкIэ гукъабзагъэкIэ, мыхъумыщIэ лъэпкъ зыдэзмыщIэжу,
сызэрыпсэуным сыт щыгъуи сыхущIокъу.

[17] – Илъэс куэдкIэ Ерусалим сыщымыIауэ, си лъэпкъым псапэ
тыхь хуэсхьыну икIи къурмэн сщIыну аргуэру сыкъэкIуащ.
[18]Апхуэдэу сщIыурэ, Торэт хабзэм и унафэм тету зызгъэкъэбзэ-
жауэ, Тхьэм и унэшхуэм сыщIэту мы цIыхухэр къысIущIащ.
ЦIыхубэм сыхэтакъым, цIыхухэри сэ къэзгъэукхъуакъым.
[19]Асие хэкум щыщ журт гуп абы щыIащ. Абыхэм сызэрагъэ-
къуэншэн щыIэмэ, мис иджы уи пащхьэм нахуэу ар щыжаIэн
хуеящ. [20]Е мыбдеж щытхэм жрыраIэ Тхьэмадэ Хасэшхуэм и
пащхьэм сыщрашэм щIэпхъаджагъэу сщIауэ къыздалъэгъуар.
[21]«ЛIахэр къызэрытэджыжынумкIэ фIэщхъуныгъэ зэрызиIэм

---

24:14 Торэт хабзэм ит псомкIи бегъымбархэм ятха тхылъхэм ярыт псомкIи – еплъ Маттэ 5:17.

щхьэкIэ нобэ хеящIэм и пащхьэм сифшащ», жысIэу, мы цIыхухэм сахэту макъышхуэкIэ къызэрыжысIарауэ къыщIэкIынщ сызэрагъэкъуаншэр.

[22]Апхуэдэу щыхъум, Зиусхьэным и гъуэгур фIыуэ зыщIэ Феликс а Iуэхум щыхэплъэну пIалъэр игъэкIуатэурэ жиIащ:

– Лисий дзэпщыр къызэрыкIуэу, фи Iуэхум хьэкум тесщIыхьынщ.

[23]Феликс дзэ пашэм унафэ хуищIащ Паул яхъумэну, ауэ гугъу ирамыгъэхьыну, и гъусэхэр къыкIэлъигъэплъын щхьэкIэ, ахэр абы деж къэкIуэну хуит ищIыну.

### *Паул Феликсрэ Друзиллэрэ зэрепсэлъар*

[24]Махуэ зыбжанэ дэкIауэ, Феликс и щхьэгъусэ Друзиллэ* и гъусэу къэкIуащ. Друзиллэ журтт. Феликс и цIыхухэм Паул къаригъэшэри, ар едэIуащ Мэсихь ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ уиIэ зэрыхъуну щIыкIэм зэрытепсэлъыхьым. [25]Щыпкъагъэм, зышыIэныгъэм, къемэтмахуэм теухуауэ Паул псалъэу щыщIидзэм, Феликс къащтэри, жиIащ:

– Иджы кIуэж, пIалъэр къэсмэ, укъезгъэшэнщ.

[26]ЗригъэутIыпщыжын щхьэкIэ, ар Паул Iулъхьэ къритыным щыгугъырт. Арати, куэдрэ къригъашэурэ, епсалъэрт.

[27]Илъэсит̆I дэкIауэ, Феликс и пIэм Порций Фест* зи цIэр иуващ. Феликс журтхэм фIы гуэр яхуищIэну хуейти, Паул лъэхъуэщым къыщIинащ.

24:24 Друзиллэ – Ирод Агриппэ ЕтIуанэмрэ Вереникэмрэ я шыпхъут. Еплъ 25:13.

24:27 Порций Фест – Хьисэ къэхъуа нэужь, 60-62 гъэхэм Рим Иудей хэкум къигъэкIуа Iэтащхьэу щытащ.

# 25-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*«Кесарым си Iуэхум хьэкум трырещIыхь», жиIэу*
*Паул Фест Iэтащхьэм зэрельэIуар*

Фест Iэтащхьэр хэкум* къихьэу махуищ дэкIа нэужь, Кесарие
къалэм* дэкIри, Ерусалим кIуащ. [2]Дин пашэшхуэхэмрэ журт-
хэм я пашэхэмрэ Паул щхьэкIэ Фест деж тхьэусыхакIуэ кIуащ
абы щыгъуэ. [3]Къытрагъэзэжурэ, Фест елъэIуащ ахэр я хьэтыр
къилъагъуу зауэлIхэм Паул Ерусалим къригъэшэну, гъуэгу
здытетым ар щэхуу яукIыну я мурадти. [4]Ауэ Фест яжриIащ:
– Паул Кесарие дэт лъэхъуэщым исщ. Куэд мыщIэу сэри
абы сыкIуэнущ. [5]А лIым бзаджагъэ гуэр ищIамэ, фи пашэхэм
ящыщ зы гуп си гъусэу ирекIуи, иретхьэусыхэ.
[6]Махуэ зыбгъупщI нэхъыбэ абыхэм я деж щымыIэу, Фест
Кесарием кIуащ. ЕтIуанэ махуэм хьэкумыщI тIысыпIэм тетIыс-
хьэри, зауэлIхэм Паул кърригъэшащ. [7]Паул къыщашэм, Еруса-
лим къикIа журтхэм къаувыхьри, кIэрымылъ фIеягъэ куэд
кIэралъхьэу щIадзащ, ауэ жаIэр пэжу къыщIагъэкIын ялъэкIыр-
тэкъым. [8] Паул зиухейурэ, мыпхуэдэу жиIащ:
– Журтхэм я Торэт хабзэми, Тхьэм и унэшхуэми, кесарми
яхуэгъэзауэ мыхъумыщIагъэ лъэпкъ сщIакъым.
[9]Журтхэм фIы гуэр яхуищIэну хуейти, Фест Паул къеупщIащ:
– Мы IуэхумкIэ хьэкум птесщIыхьын щхьэкIэ, Ерусалим
укIуэну ухуей?
[10] – Кесарым и хьэкумыр си Iуэхум тезыщIыхьын хуей
хеящIэм и пащхьэм ситщ сэ, – жиIащ Паул. – Уэ фIыуэ зэрып-
щIэщи, журтхэм мыхъумыщIагъэ лъэпкъ есщIакъым сэ. [11]УкI
къыщIэсхьын мыхъумыщIагъэ гуэр сщIауэ щытмэ, ажалым
зыщысхъумэну сыхуейкъым. Ауэ журтхэр къызэрызэдауэм пэж
лъэпкъ хэмылъмэ, абыхэм саIэщIилъхьэн зыми лъэкIынукъым.
Кесарым си хьэкумыр ирырещIэ!*

25:1 хэку – Иудей хэкурщ.

25:1 Кесарие къалэр – еплъ 8:40.

25:11 кесарым си хьэкумыр ирырещIэ – рим цIыхухэм кесарым я хьэкумыр ищIэнкIэ зыхуагъэзэну хуитыныгъэ яIэт. А зэманым, Хьисэ къэхъуа нэужь, 54-58 гъэхэм Неро зи цIэр кесару щытащ.

[12] И дэІэпыкъуэгъухэм епсэлъа нэужь, Фест жиІащ:
– «Кесарым си хьэкумыр ирырещІэ», жыпІэу къызэры-
жыпІам щхьэкІэ Кесарым деж уезгъэшэнущ.

*Фест Іэтащхьэм Паул и хъыбарыр Агриппэ*
*пащтыхьым зэрыжриІар*

[13]Махуэ зыкъом дэкІа нэужь, Агриппэ пащтыхьымрэ* абы
и шыпхъу Вереникэрэ Фест ялъагъуну Кесарием къэкІуащ.
[14]Ахэр махуэ зыкъомкІэ абы щыІа нэужь, Паул и Іуэхур па-
щтыхьым и пащхьэм ирилъхьэри, Фест жиІащ:
– ЛІы гуэр лъэхъуэщым щІэсу, Феликс къысхуигъэнащ. [15]Сэ
Ерусалим сыщыщыІэм, дин пашэшхуэхэмрэ журтхэм я нэ-
хъыжьхэмрэ си деж къакІуэри, а лІым едауэурэ, къуаншэу къэс-
лъытэну къызэлъэІуащ.
[16] – Ауэ сэ абыхэм мыпхуэдэ жэуап естащ: «Ягъэкъуаншэр
къедауэхэм я пащхьэм къихьэу, зэрагъэкъуаншэмкІэ жэуап
яритурэ зиухеину хуит ямыщІмэ, апхуэдэм укІ тралъхьэну Рим
хабзэм къезэгъыркъым». [17]Ахэр си деж къыщыкІуэм, Іуэхур
сымыгъэгувэу етІуанэ махуэм хьэкум тесщІыхьыну си хьэкум
тІысыпІэм сытетІысхьэри, а лІыр зауэлІхэм къезгъэшащ. [18]Къе-
дауэхэм къаувыхьащ, ауэ зэрагъэкъуэншэну си гугъа мыхъу-
мыщІагъэхэм ящыщкІэ ягъэкъуэншакъым. [19]Я диным теухуа
Іуэху зыкъомкІэ зэдэуащ. Дунейм ехыжа лІыуэ ХьисэкІэ зэджэр
Паул псэууэ зэрыжиІэмкІэ зэгурыІуэртэкъым. [20]Мыпхуэдэ
Іуэхухэм хьэкум зэрытесщІыхьын хуейр сщІэртэкъыми, а лІым
сеупщІащ: «Ерусалим укІуэу, абы хьэкум къыщыптращІыхьыну
ухуей?» [21]И Іуэхум кесарыр хэплъэху лъэхъуэщым щІагъэсыну
Паул къыщылъаІуэм, кесарым деж езгъэшэху, ар лъэхъуэщым
щІагъэсыну унафэ сщІащ.
[22] – Си щхьэкІэ, сэ а лІым жиІэм седэІуэну сыхуейщ, – къыж-
риІащ Агриппэ Фест.
– Пщэдей уезгъэдэІуэнщ, – жиІащ Фест.
[23]ЩІыхухэм щІыхьышхуэ къыхуащІурэ, Агриппэрэ Верени-
кэрэ хеящІэ унэшхуэм къыщІыхьащ етІуанэ махуэм.

25:13 Агриппэ пащтыхьыр – Ирод Агриппэ ЕтІуанэр, Халхис къэралу Палестинэ къэралым и ищхъэрабгъу лъэныкъуэмкІэ щыІэм и пащтыхьу щытащ. Езымрэ Вереникэрэ Ирод Агриппэ Езанэм и быну щытащ. Еплъ 12:1.

Абыхэм я гъусэу дзэпщхэри къалэм дэс цIыху цIэрыIуэхэри
къыщIыхьащ. Фест унафэ ищIри, Паул къашащ итIанэ.
24 – Уэри, Агриппэ пащтыхь, фэри, ди гъусэу мыбы щIэс цIыху
псори, мы лIым феплъ, – жиIащ Фест. – Ерусалим сыщыщыIэми
мыбдежми журтхэр си деж къакIуэурэ, «А лIыр афIэкIа псэу
хъунукъым», жаIэу ягъэкъуаншэурэ зэрыгъэкIийуэ щIыщытар
мы лIыращ. 25УкI щIытеслъхьэн мыхъумыщIагъэ лъэпкъ имы-
щIауэ къэсхутащ, ауэ езым, «Кесарым си хьэкумыр ирырещIэ»,
жиIэри лъэIуати, кесарым деж езгъэшэнэу тезубыдащ. 26Ауэ абы
теухуауэ кесарым хуэстхын хъыбар згъэува сиIэкъым. Абы
къыхэкIкIэ, фэ псоми, псом хуэмыдэжу, уэ, Агриппэ пащтыхь,
фи пащхьэм кърезгъэшащ, деупщIа нэужь, стхынур сщIэн
щхьэкIэ; 27 сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зэрыдгъэкъуаншэр къыгурыд-
мыгъаIуэу лъэхъуэщым щIэс гуэр яхуедгъэшэныр емыкIуу къы-
золъытэ.

# 26-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Агриппэ пащтыхьым и пащхьэм Паул зызэрыщиухеяр*

Агриппэ Паул жриIащ абы и ужькIэ:

– Зыбухейуэ упсэлъэну ухуитщ.

Паул и Iэр къиIэтри, зиухейуэ жиIащ:

2 – Агриппэ пащтыхь, журтхэм сызэрагъэкъуаншэ Iуэху
псомкIи уи пащхьэм зызэрыщызухейр си дежкIэ насыпу
солъытэ. 3Апхуэдэу щIэслъытэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр
журтхэм я хабзэхэри щIызэныкъуэкъу Iуэху псори фIыуэ
зэрыпщIэрщ. Аращи, жысIэнум гупсэфэу укъедэIуэну сы-
нолъэIу.
4 – Си щIалэгъуэм къыщыщIэдзауэ си лъэпкъым сыхэту Еру-
салим сызэрыщыпсэур журт псоми фIыуэ ящIэ. 5Абыхэм сыкъы-
зэрацIыхурэ куэд щIащ. Диным и гъуэгум ирикIуэ цIыху гупхэм
ящыщу, диныр нэхъ ткIийуэ зезыхьэу фарисей* гупкIэ зэджэм
я гъуэгум срикIуэу зэрыщытамкIэ ахэр хуейуэ щытмэ, щыхьэт

26:5 фарисей – еплъ Маттэ 3:7.

къысхуэхъун ялъэкIынущ. [6]Ди адэжьхэр Тхьэм къызэригъэ-
гугъа Iуэхум* сэ сызэрыщыгугъым щхьэкIэ хеящIэм и пащхьэм
сыкърашащ иджы. [7]Ди адэжьхэр Тхьэм къызэригъэгугъа
дыдэращ ди лъэпкъым и унагъуэ лъэпкъ пщыкIутIыр жэщи
махуи Тхьэм гурэ псэкIэ хуэлажьэурэ, къагъуэтыну зыщы-
гугъыр. Ди пащтыхь, сэри абы сызэрыщыгугъыращ журтхэр
къыщIызэдауэр. [8]Тхьэм лIахэр къызэригъэтэджыжынур
къэмыхъун Iуэхуу щIэфлъытэр сыт?

[9] – Назарет щыщу Хьисэ зи цIэм зэрыслъэкIкIэ сыпэувыжын
хуейуэ къысщыхъуу щытащ сэ. [10]Ерусалим щысщIэри арат. Дин
пашэшхуэхэм хуитыныгъэ къеIысхри, си цIыхухэм Тхьэм и
цIыху лъапIэхэм ящыщ куэд лъэхъуэщым щIезгъадзэу щытащ.
Тепщэныгъэ зиIэхэм укI хьэкум абыхэм щытралъхьэм, ар сэри
игъуэу слъытащ. [11]Синэгуэгу псоми абыхэм куэдрэ гугъуехь
щезгъэшэчащ икIи Хьисэ Iей зэрыхужезгъэIэным сыхэтащ.
АпхуэдизкIэ гужьгъэжь яхузиIэти, гугъуехь езгъэшэчын
щхьэкIэ, хамэ къалэхэм нэс сакIэлъыкIуэрт.

*Зиусхьэн Хьисэ и гъуэгум зэрытехьам*
*и хъыбарыр Паул къызэриIуэтар*
*(Апостол 9:1-19; 22:6-16)*

[12] – Дин пашэшхуэхэм хуит зезгъэщIри, а Iуэхур си пщэм
къыдалъхьауэ, Дамаск сыкIуэу гъуэгу сытетт. [13]Гъуэгум сызд-
рикIуэм, щэджагъуэ хъуауэ, дыгъэм нэхърэ нэхъ лыду нэхугъэ
гуэр уафэм къехауэ, си гъусэхэмрэ сэрэ дыкъиухъуреихьу слъэ-
гъуащ, ди пащтыхь. [14]Псори щIым дытеджалэри, макъ гуэрым
журтыбзэкIэ мыпхуэдэу жиIэу зэхэсхащ:

– «Щаул, Щаул, сыт гугъу сыщIебгъэхьыр? Выр зейм и баш
кIыхь папцIэм выр къызэрелъэкъуауэм хуэдэу пщIымэ, уи зэран
зыбогъэкIыж».

[15] – «Уэ ухэт, Зиусхьэн?» – жысIэри сеупщIащ.

– «Гугъу ебгъэхь Хьисэ сэращ», жиIащ Зиусхьэным. [16]«Ауэ
иджы къэтэджи, къызэфIэувэж. Си IуэхутхьэбзащIэ ухъуну,
плъэгъуамрэ уэзгъэлъагъунумрэ щыхьэт уатехъуэну узгъэуващ
икIи зыкъозгъэлъэгъуащ. [17]Уэ уи лъэпкъымрэ узыхуэзгъэкIуэну
хамэхэмрэ уакъыIэщIэсхыжынущ. [18]Ахэр кIыфIыгъэм къы-

---

26:6 Тхьэм ди адэжьхэр къызэригъэгугъа Iуэхур – лIахэр къызэрытэджыжынуращ (еплъ 23:6; 24:15; 26:8).

хэкIыу, нэхугъэм зыкъыхуагъэзэн икIи шейтIаным и тепщэ-
ныгъэм къыщIэкIыу, Тхьэм и IэмыщIэ зралъхьэн щхьэкIэ, я
нэхэр къэбгъэплъэжыну, абыхэм я деж узогъакIуэ. СэркIэ
фIэщхъуныгъэ зэраIэм щхьэкIэ гуэныхьу ящIар къахуэгъунущ
итIанэ икIи Тхьэм и IэмыщIэ зезылъхьа цIыхухэм Iыхьэфlу
къалъысынур абыхэми къалъысынущ».

*Журтхэмрэ хамэ лъэпкъхэмрэ я пащхьэм*
*Паул Хьисэ щыхьэт зэрыщыхуэхъуар*

[19] – Аращи, Агриппэ пащтыхь, уафэм къехыу зыкъызэзы-
гъэлъэгъуам сыпэувыжакъым. [20]Дамаск къалэм дэсхэм, итIанэ
Ерусалим дэсхэм, Иудей хэку псом ис цIыхухэм, хамэ лъэп-
къхэм щыщхэм гуэныхьу ящIахэм хущIегъуэжу, Тхьэм и
гъуэгум техьэн зэрыхуейри, гуэныхьу ящIам зэрыхущIегъуэжам
хуэфащэ Iуэхухэр ящIэн зэрыхуейри яжесIэу екIуэкIащ япэщIы-
кIэ. [21]Иджы, мис, аращ Тхьэм и унэшхуэм сыщаубыду саукIыну
журтхэр щIыхэтар. [22]ИтIани нобэр къыздэсым Тхьэр дэIэпы-
къуэгъу къысхуэхъуурэ, цIыкIуми инми я пащхьэм щыпкъагъэм
щыхьэт сыщытохъуэ. Бегъымбархэмрэ Мусэ бегъымбарымрэ
къэхъун хуейуэ жыхуаIа Iуэхухэм фIэкIа сытепсэлъыхьыркъым:
[23]Мэссихь* гугъуехь ишэчын хуейуэ зэрыщытар икIи псом япэ
езыр лIахэм къахэтэджыкIыжауэ, езым и лъэпкъымрэ хамэ
лъэпкъхэмрэ нэхур иджы къазэрыхуэлъагъуэм и хъыбар
яхуиIуэтэну зэрыщытарщ сызытепсэлъыхьар.

*Паул Агриппэ фIэщхъуныгъэ зригъэIэну зэрелъэIуар*

[24] Паул апхуэдэу зиухей щыхъум, Фест макъышхуэкIэ жиIащ:
– Паул, уэ уделэщ. Уэ уи щIэныгъэшхуэм уи щхьэр зэри-
гъэкIуэкIащ.
[25] – Сэ си щхьэр зэкIуэкIакъым, щIыхь зыхуэфащэ Фест, –
жиIащ Паул, – сэ жысIэр псалъэ пэжщ, псалъэ захуэщ. [26]Пащ-
тыхьыр мы Iуэхухэм щыгъуазэщ, сытегушхуауэ абы и пащхьэми
сыкъыщопсалъэ. Абы гу зылъимыта а Iуэхухэм зэрыхэмы-
лъымкIэ дзыхь хузощI, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ мы Iуэху псори
къуэгъэнапIэ гуэрым къыщыхъуакъым. [27]Агриппэ пащтыхь,
бегъымбархэм ятхахэмкIэ фIэщхъуныгъэ уиIэ? ФIэщхъуныгъэ
узэриIэр сощIэ.

28– Мэссихь и гъуэгу апхуэдэу псынщIэу сытебгъэхьэфыну
къыпфIэщIрэ? – къыжриIащ Агриппэ Паул.
29– ПсынщIэми мыпсынщIэми, уэ уи мызакъуэу, нобэ сызэхэ-
зыха псори сэ схуэдэ хъуну, ауэ Iэхъулъэхъу ярымылъыну Тхьэм
солъэIу, – жиIащ Паул.
30Абы и ужькIэ пащтыхьи, Iэтащхьэри, Вереники, абыхэм я
гъусэхэри къэтэджыжри, пэшым щIэкIыжащ. 31Пэшым щы-
щIэкIыжым, абыхэм жаIащ:
– УкI е лъэхъуэщ къыщIихьын Iуэху лъэпкъ мы лIым ищIа-
къым.
32 Агриппэ Фест жриIащ итIанэ:
– И хьэкумыр кесарым къытрищIыхьыну мылъэIуатэмэ, мы
лIыр щхьэхуиту дутIыпщыжын тлъэкIынт.

## 27-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Рим къалэшхуэм кIуэну, Паул кхъухьым зэритIысхьар*

Дэ* Италием кхъухькIэ дригъэшэну Фест Iэтащхьэм щытри-
убыдэм, Паулрэ лъэхъуэщым щIэс нэгъуэщI гупрэ кесарым и
цIэкIэ зэджэ лIы щих хъу дзэ гупым я пашэхэм щыщу ИулийкIэ
зэджэм IэщIилъхьащ. 2Адрамит къалэм щыщу Асие хэкум и
хы Iуфэм Iут къалэхэм кIуэн хуей кхъухьым дитIысхьэри, аб-
дежым дыщежьащ. Македоние хэкум ит Фессалоникэ къалэм
щыщу Аристарх зи цIэр ди гъусэт.
3ЕтIуанэ махуэм Сидон къалэм дыIухьащ. Иулий и нэфIыр
Паул щыхуэри, Паул и ныбжьэгъуу а къалэм дэсхэм зыхуэ-
ныкъуэр къратын щхьэкIэ, абыхэм я деж кIуэну ар хуит ищIащ.
4Абдежым дэ дыкъыщежьэри, жьыр къызэрытпеуэм щхьэкIэ,
Кипр хытIыгум дыкIуащ. 5Киликие, Памфилие хэкухэм хуэ-
занщIэ хым дызэпрыкIри, Ликие хэкум щыщ Мирэ къалэм
дынэсащ. 6Александрие къалэм щыщу Италием кIуэну кхъухь
гуэр дзэ пашэм абдежым къыщигъуэтри, абы дригъэтIысхьащ.
7Махуэ зыкъомкIэ хуэмурэ дыкIуэурэ, гугъу дехьу, Книд къалэм
хуэзанщIэ дыхъуащ. Жьым занщIэу дигъэкIуэртэкъыми, хым

27:1 Дэ – еплъ 20:5.

къыхэщ щIы къуапэу Салмон зи цIэм дыблэкIыурэ, Крит
хытIыгум и лъэныкъуэу жьы къыщыздемыпщэм дыбгъурытурэ
дыкIуащ. 8ХытIыгум дыбгъурыту гугъу дехьу дыкIуэурэ, Ласей
къалэм и гъунэгъуу «Кхъухь тедзапIэфIхэр» жыхуаIэ щIыпIэм
дынэсащ.

9Зэман куэд тфIэкIуэдат, кхъухькIэ узекIуэнри шынагъуэ
хъуат, нэщI махуэр* блэкIагъащIэти. Арати, лIыхэм ягури-
гъаIуэурэ, 10Паул мыпхуэдэу яжриIащ:

– ЦIыхухъу гуп, сэ къызэрысфIэщIымкIэ, мы ди гъуэгуанэм
узыщышынэн хэлъщ. Хьэлъэхэмрэ кхъухьымрэ я мызакъуэу,
ди псэхэри тфIэкIуэдынкIэ шынагъуэщ.

11Дзэ пашэр Паул жиIам нэхърэ кхъухь пашэми кхъухьыр
зейми жаIахэм нэхъ едаIуэрт. 12ЩIымахуэр щитхын кхъухь
тедзапIэфI абы зэрыщымыIэм къыхэкIкIэ, а щIыпIэм дыще-
жьэу, Iэмал иIэмэ, Финик зи цIэ кхъухь тедзапIэм дынэсу, щIы-
махуэр абы щыдгъэкIуэну нэхъыбэр зэгурыIуащ. Финик зи цIэ
кхъухь тедзапIэр Крит хытIыгум и кхъухь тедзапIэхэм ящыщт
икIи ипщэрабгъу-кхъухьэпIэмкIи ищхъэрабгъу-кхъухьэпIэмкIи
хуэгъэзауэ щытт.

*Хым борэнышхуэ къызэрыщыхъуар*

13Ипщэ лъэныкъуэмкIэ къикIыу жьы тIэкIу къепщэ щыхъум,
я мурадыр къехъулIауэ къафIэщIри ежьащ. Крит хытIыгум
бгъурыту кIуэрт ахэр. 14Ауэ куэд дэмыкIауэ, «Ищхъэрабгъу-
къуэкIыпIэмкIэ къикI борэнышхуэр» хытIыгумкIэ къикIри
къажьэхэуащ. 15Борэнышхуэм апхуэдизкIэ хиубыдат, кхъухьыр
абы пэлъэщыртэкъыми дэ толъкъукнхэм дызэрахьэрт, я Iэмы-
щIэ зитлъхьауэ. 16Клавдэ зи цIэ хытIыгу цIыкIу гуэрым и лъэ-
ныкъуэу жьы къыщыздемыпщэм дыбгъурыту дыкIуэурэ, гугъу
дыдехьу, кхъухьым ит къуафэжьейр щIимылъафэу къедгъэлащ.
17Къуафэжьейр къухьым къраха нэужь, кIапсэшхуэхэр кхъухьым
и щIагъкIэ щIалъэфри, борэнышхуэм зэпкъримыудын щхьэкIэ,
кхъухьым кърашэкIащ. Кхъухьыр Сыртис зи цIэ чэнжыпIэм

27:9 нэщI махуэр – журтхэм я махуэшхуэу «Иом Киппур» зи цIэрщ. Ар зытехуэр
ебгъуанэ е епщIанэ мазэрати, кхъухькIэ укIуэныр щынагъуэт. А махуэшхуэм журтхэр
нэщIщ.

къытенэнкIэ шынэрти, жьыху чэтэнхэр ирахьэхри, борэны-
шхуэм зрагъэхуу щIадзащ. [18]Борэнышхуэр етIуанэ махуэм нэхъ
иныжь хъуати, хьэлъэхэр хым хадзэу хуежьащ. [19]Хьэпшыпхэр
хым ди IэкIэ хэддзащ ещанэ махуэм. [20]Махуэ зыкъомкIэ дыгъи
вагъуи дымылъагъурэ, борэнышхуэри мыувыIэу екIуэкIати, ды-
къелынкIэ гугъапIэ диIэжтэкъым.

[21]ЛIыхэр куэд щIауэ шхатэкъыми, Паул абыхэм я пащхьэм
къиувэри, жиIащ:

– Фэ лIы гупыр, сэ фыкъызэдаIуэу, Крит хытIыгум фыкъы-
щемыжьатэмэ, мыр къыфщыщIынтэкъым, икIи зыри ффIэкIуэ-
дынтэкъым. [22]Ауэ фымыгужьей вжызоIэ иджы, сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ фэ фщыщ зыри кIуэдынукъыми. Кхъухьым и закъуэщ
кIуэдынур. [23]Тхьэуэ зи бынхэм сащыщу сызыхуэлажьэм и
мелыIычыр ныжэбэ къысхуэхутэри, [24]къызжиIащ: «Умышынэ,
Паул! Кесарым и пащхьэм уиувэн хуейщ. Кхъухьым къыбдис
псори, Тхьэм и нэфI уи хьэтыркIэ къащыхуэнурэ, мыкIуэду къе-
лынущ». [25]Аращи, фымыгужьей, лIы гуп. Тхьэм къызэрызжиIам
хуэдэу зэрыхъунумкIэ абы сыщогугъ. [26]Борэнышхуэм хытIыгу
гуэрым дрихулIэн хуейщ.

[27]ЕпщыкIуплIанэ жэщым Адриэ хым дыхэту, борэнышхуэм
кхъухьыр ихуурэ, жэщ ныкъуэм деж щIым гъунэгъу дызэры-
хуэхъум лIыхэм гу лъатащ. [28] Хым и кууагъыр къапщри, Iэп-
лIакIуэ тIощI хъуащ. ТIэкIу дэкIауэ хым и кууагъыр аргуэру
къыщапщым, IэплIакIуэ пщыкIутху хъуащ. [29]Борэнышхуэм
кхъухьыр мывэшхуэхэм яфIигъэнэнкIэ шынэрти, кхъухьып-
хэмкIэ хъурзиплI щрадзыхри, нэху щыщыным гузэвэгъуэр яIэу
пэплъэу щIадзащ. [30]ЩIэпхъуэжын мурад ящIати, кхъухьыпэмкIэ
хъурзэ зыкъом щрадзых хуэдэу защIри, кхъуафэжьейр хым
ирагъэлэлэхащ кхъухьзехуэхэм. [31]Апхуэдэу щыхъум, Паул дзэ
пашэмрэ зауэлIхэмрэ яжриIащ:

– А лIыхэр кхъухьым къимынэмэ, фи псэхэр къевгъэлын
флъэкIынукъым.

[32]Паул апхуэдэу щажриIэм, зауэлIхэм и кIапсэшхуэхэр зэпауп-
щIри, кхъуафэжьейр ирагъэхуэхащ.

[33]Нэху ща нэужь, Паул, псоми шхэну елъэIуурэ, мыпхуэдэу
жиIащ:

– Нобэ махуэ пщыкIуплI мэхъу фыгузавэурэ фэ зыри зэрыв-
мышхрэ. [34]Аращи, фышхэну быдэу сынывoлъэIу, фыкъелыну

фыхуеймэ, ар Iэмал зимыIэщ. Фэ фщыщу зыми и щхьэц налъэ хэхунукъым.

[35]Паул апхуэдэу жиIа нэужь, щIакхъуэ къищтэщ, псоми я пащхьэм, Тхьэм фIыщIэ хуищIурэ, щIакхъуэр щызэгуищIыкIри, ишхыу щIидзащ. [36]Псоми я гур къызэрыгъуэтыжри, шхащ. [37] Кхъухьым исыр цIыху 276-рэ дыхъурт.

[38]Абыхэм зыщагъэнщIым, гуэдз зэрылъ къэпхэр хым хадзэурэ, кхъухьыр нэхъ псынщIэ ящIащ.

*Кхъухьыр зэрызэхэкъутар*

[39]Нэху щыщым, хы Iуфэр къацIыхужакъым, ауэ псы дэлъэдапIэ пшахъуавэ къалъэгъуащ. Iэмал иIэмэ, кхъухьыр абы ирахулIэну траубыдащ. [40]Хъурзэхэм я кIапсэшхуэхэр зэпаупщIри, хым къыханащ. Псыр зэрыщIатхъу хьэнцэхэм я кIапсэшхуэхэри ятIэтащ а дакъикъэ дыдэм. Жьыху чэтэн цIыкIур борэнышхуэм хуагъазэри, хы Iуфэм хуаунэтIащ итIанэ. [41]Ауэ кхъухьыр пшахъуавэм хыхьэри, абы къытенащ. Кхъухьым и пэр мыхъеижу чэнжыпIэм тенащ, толъкъун лъэщхэм кхъухьым и гупхэр зэпкърауду щIадзащ.

[42]Лъэхъуэщым щIэсхэм ящыщ гуэр есурэ щIэмыпхъуэжын щхьэкIэ, зауэлIхэм я мурадт ахэр яукIыну. [43]Ауэ Паул къригъэлыну дзэ пашэр хуейти, зауэлIхэм я гум илъыр яримыгъащIэурэ, есыкIэ зыщIэхэм псым нэхъапэ зыхадзэу, хы Iуфэм есылIэну унафэ яхуищIащ. [44]Къэнахэми, пхъэбгъухэмрэ кхъухьым щыщ къутахуэхэмрэ ятелъу, я псэр хы Iуфэм нахьэсыну яжриIащ. А щIыкIэм тету псори хы Iуфэм нэсри, псэууэ къелащ.

## 28-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мелит хытIыгум Паул къыщыщыщIар*

Псэууэ къыщынэм, а хытIыгум МелиткIэ* зэреджэр Паул и гъусэхэм къащIащ. [2]ХытIыгум щыпсэухэр гуфIэгъуэшхуэкIэ

28:1 Мелит – иджы Малтэ жыхуаIэрщ.

къытпежьащ. Уэлбанэшхуэу икIи щIыIэу зэрыщытым щхьэкIэ,
мафIэ ящIри, псори драгъэблэгъащ. [3]Паул чы гъур куэд зэхуи-
хьэсу мафIэм щытрилъхьэм, хуабэм зы блэ чыхэм къыхихущ,
Паул и Iэм къеуэри, кIэрылэлу къыкIэрынащ. [4]Блэр Паул и
Iэм кIэрылэлу щалъагъум, хытIыгум щыпсэухэм жаIащ:

– Мыр лIыукI гуэру къыщIэкIынущ; сыту жыпIэмэ хым псэууэ къыхэкIыжами, Тхьэм и щыпкъагъэм ар псэуну хуит ищIыркъым.

[5]Паул и Iэр игъэсысри, блэр мафIэм хидзащ. Абы и зэран Паул къригъэкIакъым.

[6]«А лIыр бэгынущ е напIэзыпIэм къытехуэнурэ лIэнущ», жаIащ, ауэ куэдрэ пэплъэу, Паул зыри къыщымыщIауэ щалъа-
гъум, «Мыр зы тхьэ гуэрщ», – жаIащ, зызэблахъужри.

[7]А щIыпIэм пэмыжыжьэу, хытIыгум и тепщэ Публий зи цIэм
щIышхуэ щиIэт. Абы дригъэблагъэри, махуищкIэ хьэщIагъэ-
шхуэ къыдихащ. [8]Публий и адэр плъыржьэрымрэ ныбэузымрэ
зэщIаубыдауэ пIэм хэлът. Паул сымаджэм деж щIыхьэщ, Тхьэм
хуелъэIущ, и Iэхэр трилъхьэри игъэхъужащ. [9]Апхуэдэу щыхъум,
хытIыгум щыпсэу нэгъуэщI сымаджэхэри Паул деж къакIуэурэ,
ахэри игъэхъужащ. [10]Абыхэм пщIэшхуэ къытхуащIащ, дызы-
хуэныкъуэхэри къытхуахьащ дыкъыщежьэжым.

*Паул Рим къалэшхуэм зэрынэсар*

[11]Мазищ щыдэкIым, Александрие къалэм къикIауэ «Тхьэ
зэтIолъхуэныкъуэхэр»* жыхуаIэ кхъухьым, щIымахуэм псом а
хытIыгум щыIам, дитIысхьэри дежьащ. [12]Сиракуз къалэм
десылIэри, абы махуищкIэ дыщыIащ. [13]Абы дыкъыщежьэри,
Ригие къалэм дынэсащ. Зы махуэ дэкIауэ, ипщэрабгъу лъэны-
къуэмкIэ къикIыу жьы къепщэу щIидзати, Путеол къалэм ды-
щынэсар етIуанэ махуэрщ. [14]Абы къуэш зыкъом къыщыд-
гъуэтщ, абыхэм я деж махуиблкIэ дыщыIэну къыдэлъэIури дра-
гъэблэгъащ. Абы и ужькIэ Рим къалэшхуэм дыкIуэну гъуэгум
дытехьэжащ. [15]Рим дэс къуэшхэм дызэрыкIуэр зэхахати, къыт-

28:11 Тхьэ зэтIолъхуэныкъуэхэр – Зевс жыхуаIэ тхьэ нэпцIым и къуэ къызэдалъхуахэу Касторрэ Поллуксрэщ. Кхъухь зыхухэм а тхьэ нэпцIхэр ягъэлъапIэрт.

пежьэри, «Аппий ЗэхуэсыпIэ»* зи цIэ къалэмрэ «ХьэщIэщищ»*
зи цIэ къалэмрэ нэс къэкIуащ. Ахэр щилъагъум, Паул Тхьэм
фIыщIэ хуищIри, къэгушхуэжащ. [16]Рим дыщынэсым, абы
тепщэныгъэ щызиIэхэм Паулрэ абы и хъумакIуэ зауэлIымрэ я
закъуэ а къалэм дэсыну хуит ящIащ.

### *Паул Рим къалэшхуэм дэс цIыхухэм хъыбарыфIыр зэрахуиIуэтар*

[17]Махуищ дэкIа нэужь, Паул журтхэм я пашэхэр къригъэшащ.
Ахэр къыщызэхуэсым, яжриIащ:

– Си къуэшхэ, сэ ди лъэпкъым мыхъун зыри езмыщIауэ, ди
адэжьхэм я хабзэхэм сытемыкIауэ щыт пэтми, Ерусалим сыщаубыдри, рим цIыхухэм сыIэщIалъхьащ. [18]Ахэр си Iуэхум
хэплъа нэужь, укI къыщIыстралъхьэн ямыгъуэту щхьэхуит
сащIыжыну хуеящ. [19]Ауэ рим цIыхухэм сызэраутIыпщыжынур
журтхэм щамыдэм, кесарым си Iуэхум хьэкум трищIыхьыну
сылъэIуэн хуей хъуащ. Си лъэпкъым седэуэн мурадкIэкъым
апхуэдэу щIэсщIар. [20]Iуэхухэр апхуэдэу зэрыщытым щхьэкIэщ
фыслъагъуну икIи сынывэпсэлъэну фыкъыщIезгъэшар. Израил
лъэпкъым гугъапIэфIу* иIэм щхьэкIэщ си Iэм Iэхъулъэхъу
щIралъхьар.

[21] – Уи хъыбарыр зэрыт тхылъ гуэри Иудей хэкум къикIыу
къытхуэкIуакъым, – къыжраIащ абыхэм. – Абы къикIыу мыбы
къэкIуа къуэшхэми уэ птеухуауэ Iей лъэпкъ къыдагъэщIакъым
икIи къыджаIакъым. [22]Уэ уи гурылъхэр къыджыпIэурэ,
дебгъэдэIуэну дыхуейщ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ диным и гъуэгум
тет а гупым* цIыхухэр дэнэкIи къызэрыщыпэувым дыщыгъуазэщ.

[23]Махуэ гуэр хахри, Паул зыщIэс унэм цIыху гупышхуэ
къэкIуащ. Пщэдджыжьым щыщIэдзауэ пщыхьэщхьэ хъуху,
Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм* теухуа хъыбарыр ягуригъаIуэурэ,

---

28:15 «Аппий зэхуэсыпIэ» зи цIэ къалэр – Рим къалэшхуэм километр 70-кIэ пэжыжьэу, и ипщэрабгъу лъэныкъуэм итащ.

28:15 «ХьэщIэщищ» – Рим къалэшхуэм километр 55-кIэ пэжыжьэу, и ипщэрабгъу лъэныкъуэм итащ.

28:20 израил лъэпкъым и гугъапIэфIыр – Мэссихь хъужыр аращ.

28:22 диным и гъуэгум тет а гупыр – еплъ 24:5.

Паул а тепщэныгъэшхуэм щыхьэт хуэхъуащ. Мусэ бегъымба-
рым и Торэт хабзэм итхэмрэ бегъымбархэм я тхылъхэм итхэмрэ
ящыщ къеджэурэ, Паул Хьисэ теухуауэ жиIэхэр я фIэщ ищIы-
ным хэтт. 24Паул жиIар зыкъомым я фIэщ хъуащ, зыкъомми
ядакъым.

25А журтхэр зэгурымыIуэу, зэбгрыкIыжыну щыхуежьэм,
Паул мы псалъэхэр жиIащ:

– Тхьэм и Псэ ЛъапIэм фи адэжьхэм ятеухуауэ щыпкъагъэр
Ешайа бегъымбарым жригъэIащ:*

26 «Мы лъэпкъым деж кIуэи,
мыпхуэдэу яжеIэ:
Фэ зэхэфх зэпыту фыщытынущ,
ауэ къывгурыIуэнукъым;
фэ флъагъу зэпыту фыщытынущ,
ауэ гу лъыфтэнукъым.
27 Сыту жыпIэмэ мы цIыху лъэпкъыр
гулъытэншэ хъуащ.
Я тхьэкIумэхэмкIи ерагъыу зэхах къудейщ,
я нэхэри яуфIыцIащ.
Апхуэдэу щымытатэмэ,
я нэхэмкIэ ялъагъунт,
я тхьэкIумэхэмкIи зэхахынт,
ягухэмкIи зыхащIыкIынт,
си деж къагъэзэжынти,
сэ ахэр згъэхъужынт итIанэ».*

28Аращи, Тхьэм цIыхухэр мыкIуэду къызэрыригъэлым и
хъыбарыр хамэ лъэпкъхэм Тхьэм къазэрылъигъэIэсар фэ зэв-
гъащIэ. Ахэри а хъыбарым едэIуэнущ.

29Паул а псалъэхэр щыжиIэм, хуабжьу зэныкъуэкъуурэ, журт-
хэр унэм щIэкIыжащ.

30И деж къакIуэ цIыху псори щригъэблагъэу, пщIэкIэ къищта
унэм илъэситIкIэ щыпсэуащ Паул. 31Къыпэрыуэ лъэпкъ щы-
мыIэу, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм теухуа хъыбарыр Паул
цIыхухэм яхуиIуатэрт, Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь теухуа хъыбар-
хэри тегушхуауэ цIыхухэм яригъащIэрт.

---

28:25-28 жригъэIащ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 6:9-10.